Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГІИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



1 / 2018
январь - февраль

# 2017 - ЛахIзатал







# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**1**

**2018**

**январь - февраль**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургьалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

## НОМЕРАЛДА РУГО:


**РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ**

**М. ПатахIов.** Дин батIияб мацIалдайищ дугIа гьабилеб?.....3

**ЗАИД ХIАЖИЕВ ГЬАВУРАЛДАСА – 120 СОН..**

**З. ХIажиев**. ХIаскъилги Шамилги *(пьеса)*.....8

**ЦIИЯЛ КУЧIДУЛ**

**Къ. МухIамадов.** Гьаб инсаниятальe мисалалъe вижарав.....26

**ПРОЗА**

**ГI. Расулов.** Ахирисеб хIукму *(къиса)*.....30

**КIОЧОНАРЕЛ ЦIАРАЛ**

**М. ТIагьиров.** Хунзахъа ГIалихан.....42

**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

Хадуб къотIила хIукму.....45

**ЮБИЛЕЙ**

**Къ. Расулов.** Куркьбал реканиги боржараб цIум.....50

**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**

**Г. Мутанов.** *КучIдул*.....58

**ЭРКЕНАЛ ПИКРАБИ**

**ГI. ХIажияв.** Дица къокъго абураб.....70

**ХАРБАЛ**

**Ш. Хъазанбиева.** ТIасалъугьа, эбел.....79

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**

**Н. ГIисаев.** «ГIарафат» поэма шагIирасул гьунаралъул борхалъи.....86

**ЩИБ? КИБ? КИДА?**

Лъугьа-бахъинал.....89

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

Дицаго кIудиял гIезарила.....94


---


Журналалъул хьвай - хьвагIай гьабун буго хьвай-хьвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: Издательский дом “Дагестан”**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №1 2018 г.**

январь - февраль

*На аварском языке*

Выход в свет 13. 03. 2018 г.

Тираж 787 экз

Печать офсетная. Бумага офсетная

Формат 70х108 1/16

Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7

Заказ № 0209 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*

***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул рагIи

**ДИН БАТIИЯБ МАЦIАЛДАЙИЩ ДУГIА ГЬАБИЛЕБ?**

**Щай дие къваригIун бугеб Дагъистан,**
**Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?**
**Щай дий магIаруллъи, магIарул чагIаз**
**Чидар мацI бицунеб жидерго гъастIа.**

*Гьал руго 70 соналъ цебе Расул ХIамзатовас хъван букIараб машгьураб доб «Авар мацI» абураб кочIолъа мухъал. Доб заманалда, араб къарнуялъул кIикъоялда анцIабилел соназул ахиралда жидер рагIи билълъунел пачалихъалъул хъулухъ-ишалзаги гIелмуялда жанирги рукIарал цо-цо цIакъго «партийный» чагIаз суал борхулеб букIун буго Дагъистаналъул школазда лъималазда рахьдал мацIал малъи лъугIизабизе кколин, киналго гIурус мацIалде рачIине хIажат бугин. ХIакъаб жо, гьев чангоясде данде «хвалчен бахъараб» гьужум гьабун буго, дол соназда Дагъистаналъе бетIерлъи гьабулев вукIарав ГIабдурахIман Данияловасдаса байбихьун хIакимзаби, гIалимзаби, хъвадарухъаби батIалъи гьечIого, республикаялъул тIолабго интеллигенциялъги цадахъго халкъалъги. Гьеб заманалда (1958с.) хъвараб буго Расулица гьадаб кечIги. ХIасил-калам, гьел «хIаракатчагIазул» жигарчилъиялъул хIасил ккун гьечIо, гьезул «цIилъиялде» Дагъистаналъул тIолабго халкъ дандечIеялъ.*

*Доб мехалда лъаларо, жакъа хIакъикъаталдаги, шагIирас абухъе, нилъер лъималахъа нилъер гьаракьги бахъизехъин буго, нилъерго гъастIа чидар мацI бицицнеги тIамизехъин руго. Лъица? Бищунго цебе нилъецаго; мунги. дунги, довги гIадал гIадатиял гIадамаз – гIемерисел магIарулаз. Араб соналда ДРялъул лъай кьеялъул министерстволъ хIукму гьабизехъин букIана Дагъистаналъул школазда рахьдал мацIал малъи лъугIизабизе. Гьелъие гIиллаги букIана киса-кибго цIех-рех гьабидал, умумуз жидер лъималазе рахьдал мацIал хIажат гьечIилан «хIукму къотIит». Гьеб суалалъ рахIат хвезабун, ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалда Расул ХIамзатовасул букIараб кабинеталда данделъун рукIана магIарул хъвадарухъабиги, магIарул мацIалъул учительзабазул цолъиялъулги, магIарул мацIалда рахъулел газетазулгун журналазул цолъиялъулги вакилзабиги. Ахирги ДРялъул цеве вукIарав бетIерас гьеб ахIвал-хIалги роцIинабун, кинабго рукIалиде ккараб гIадаб хIисаб букIана.*

*Гьанже цIидасан дагьабги санагIат гьечIеб хIалалъ Москваялдасанго байбихьана гIисинал халкъазул мацIал лъугIизаризе. Балагье цебе лъолеб бугеб суалалъул магIна гьечIолъиялъухъ. Нилъеца нилъерго, нилъ рижараб, гIураб нус-нус соназ гIагараб мацI анцI-анцI наслабаз цоцахъе кьолаго бачIараб росулъ нилъер лъималазда школалда гьеб рахьдал мацI малъизе разиял ругилан гIарза хъвазе кколебила. Гурони, магIарул росулъ,*

*школазда, магIарул эбел-инсуе гьабураб магIарул лъимералда, магIарул мацI малъизе бегьулеб рагIуларо.*

*Цебеккун киналго школазда байбихьул классазда рахьдал мацIалда рукIунаан, гIурус мацIалъулги литератураялъулги хутIизегIан киналго дарсал. Исана гьелги гIурус мацIалде рачеян лъазабун буго. Абулеб буго бачIунеб соналъ школазда анкьида жаниб рахьдал мацIалъеги литератураялъеги бихьизабураб чанго сагIатгицин хвезабизе бегьулилан. КьучI гьечIого бижараб батиларо гьеб хабарги. ХIисаб гьабеха, школазда рахьдал мацIалги миллиял литературабиги малъулел гьечIони, хIажалъиларо гьел малъулел учительзабиги. Къазе рес буго ДГУялъулги ДГПУялъулги филологиял факультетазул гIурусгун Дагъистаналъул отделениял. Гьедин лъугIизарила дагь-дагькккун жидер гIагараб мацIалда цIализе-хъвазе лъалел гIадамал. ЦIализе лъалел гIадамал гьечIони, лъиеха рахъилел миллиял мацIазда тIахьалги, газеталги, журналалги. Гьединабго къисмат ккела миллиял театразулги гьелда рельъанщиналъулги.*

*ХIакъаб жо, жеги магIарул росабалъ жиде-жидеца бицунеб къагIидаялъ дагьабги мехалъ цIунун хутIила рахьдал мацI. Амма болмацI – литературияб мацI хутIиларо. Хасго гIодоблъиялъул бакIазда гьеб лъугIунго ина.*

*ХIисаб гьабеха лъугьинехъин бугеб жо.*

*Нилъер хадусел гIелаз дугIа-алхIамги, тавбуги гьабизе ккезехъин буго дин батIияб мацIалда. Хварай эбеладда хадуй яс «мама», - илан гIодизе йиго. Инсул зигараялъ рачIараз васасда «примите соболезнование», - илан абизе буго. У, гьеле гьелде рачIунел руго нилъ. Гьелдаса талихI къосарабги жо цоги щибха букIинеб цоги кIигоги, анцIгоги, нусгоги чиясе гуреб, миллионалде гIагарараб халкъ бугел магIарулазе. Чам вугев жакъа гьелъул пикру гьабулев чи. Гьабуладай гьелъул хIисаб тIасахун лъазабун бугилан багьанабиги ратун, школазда рахьдал мацI малъиялде данде рагъулел районазулги шагьаразулги бутIрузги, лъай кьеялъул управлениязул нухмалъулезги. Гьабулеб батиларо. Жакъа жидер хъулухъал цIунун хутIиялъул гурони, метер миллат лъугIизабиялъе тIоритIел гьабулел чагIи жал рукIиналъул ургъел гьезие батулареблъи хIакъаб буго. Гьедин гуребани, магIарул районазда, цониги батIияб миллаталъул чи гIахьаллъуларелги данделъаби гIурус мацIалда гьарилароан гьез. Лъица гьел тIамулел ругел гьеб «цебетIей» билълъанхъизабизе. ХIакъаб жо, МухIамад Махулов, Каримуллагь Сулейманов, МухIамад Гьиматов, ХIажи Инчилов гIадалги гьезда рельъаралги нилъер миллаталъул мацIги гIадат-гIамалги, хаслъиги бичIчIулел, нилъер халкъалъул аслукьибилги лъалел, гьелъул ургъел-агъазги бугел бутIрул гьанжеги магIарул районазда ругелани, магIарул мацIалдеги балагьи батIияб букIинаан, гьеб цIуниялъеги тIаде гIолеб гIелалъулъ нилъер миллиял хаслъаби куцаялъеги гьабулеб гIезегIан пайдаяб хIалтIиги букIинаан.*

*Американазул Эмерсонин абулев философас хъвалеб буго, кигIан гьитIинабги миллат жибго жинцаго чIван гурони холарилан. АбизегIан гьитIинаб гуреб, миллионалде гIагараб халкъ бугеб нилъер миллатги дагь-дагькккун нилъецаго лъугIизабулеб буго. Миллат миллатлъун букIин*

*борцунеб роцен мацI бугелъул, рахьдал мацI лъалел гIадамал къо бахъана-гIан дагьлъулел руго хасго шагьараздаги гIодоблъиялда ругел росабалъги. МагIарул росулъ гIурал эбел-инсуца гIодоблъиялде гочиндал рокъоб гIурус мацI гурони бицунеб гьечIони, гьезул лъималазда кин лъазе бугеб магIарул мацI. Гьединал эбел-инсуца буго бищунго цебе инкар гьабулеб жидер лъималазда школалда рахьдал мацI малъиялдаса. Гьезул гьелъие бачунеб далилги буго, жакъа магIарул мацIалъ кибниги кинабгIаги тIубалеб хIажалъи гьечIилан. Амма гьединаз хIисаб гьабулеб гьечIо, мацI билиялда цадахъго жидер лъималазулъа миллияб хаслъиги гIадат-гIамалги, нилъер халкъалъул гIелаз гIелазухъе кьолаго бачIараб магIарул тарбияги тартибги лъугIулеб букIиналъул. МагIарулалъаги араб, гIурусазги къабул гьабулареб, мацI-цIар гуреб, гIадат-гIамал гуреб, гIажаибаб, лъезе цIар лъалареб гIел гIезехъин буго нилъер сониса сонaлде. Жеги къоло щуго, лъеберго соналдаса щибдай ккела? Гьедин жибго жинцаго кванан лъугIиладай Шамилги Расулги гIадал къадруял умумуз дунялалдаго машгьур гьабун букIараб миллат?*

*Цо гIакъилас абун буго, инсанасул бищун кIудияб чIухIи бугин миллияб чIухIи абун. ХIакъикъаталдаги, нилъги чIухIула нилъер бахIарчияб тарихалдсаги тарихалда цIарал хъварал гIадамаздасаги, бокьараб халкъалъ мисал босизе рекъараб нилъер гIадилаб гIадат-гIамалалдасаги. Нилъедани гьеб лъала. Лъаладай гьебги гьелда релълъанщинабги нилъер хадусел гIелазда, рахьдал мацIги босичIони, миллаталдасаги тIуни.*

*Гьарула нилъеца МахIачхъалаялдаги цоги-цоги бакIаздаги рахьдал мацIги нилъерго цIарги цIуниялъул бицарал гIемерал данделъабиги дандеруссиналги, цоги цоги тадбиралги. Гьенир гIахьаллъула цого-цо мацIалда жанир ругел, бугеб ахIвал-хIал бичIчIулел гIадамал, хъвадарухъабиги, гIалимзабиги, магIарул мацIалъул учительзабиги, газетазулгун журналазул хIалтIухъабиги. РачIунаро гьенире районазул нухмалъулелги министралги, депутаталги, цогидалги хъулухъ-ишазда ругелги, лъугьун бугеб ахIвал-хIал хисизабиялде асар гьабизе кIолел, магIарул мацI наслабазе цIуниялъе квербакъизе бажарулел гIадамал. ГIажаибаб жо, кIудиял ишазде тIамулел, хIакимлъудеги депутатлъиялдеги рищулел мехалда гьел магIарулал рукIуна, магIарулазул цIаралдасан кIалъала, магIарулазул кверчIвай тIалаб гьабула. Жалго мурадалде щведалин абуни, чиновникI абураб «миллаталде» гIей гьабула, гIагараб халкъалъул гIузраби-унтабиги кIочон тун.*

*Карсуялъубе ханжу баккулареб, жибго жиндаго ххенолеб гьобо гIадин, хIасил ккolареб цого хабар бицунел хутIун руго нилъ. Аммаха хIасил ккезаби нилъедаго щивасда бараб буго. Цо-цо чияс цо-цо чIимих реханиги, гIемерал гIадамазда гъогъол гохI гIезабизе кIолеб гIадин, бажарарас бажарараб гьабуни, нилъедаги кIвезе буго хадусел гIелазе гIагараб рахьдал мацIги гьелъул берцинлъиги, бечелъиги, бацIцIалъиги цIунизе.*

*Бищунго цебе эбел-инсуцаги кIодо-кIудададацаги лъималазул рокьи бижизабизе ккела рахьдал мацIалде. Маргьаби-биценалги кицаби-бицанкIабиги рицунги, нилъер цIар рагIараб тарихалде гIагар гьарунги, гьезда нилъерго халкъалъулги мацIалъулги тIадегIанлъи тIокIкIинабу-*

*ни, гьез малъараб босичIого телароан. Гьединго, рахьдал мацIалъулги адабияталъулги дарсаздаса нахъе цIачIого, гьезде гIагар гьаруни лъималазе пайда гурони, зарал кколареблъи хIакъаб буго. Гьадинги лъималаз гIадада биччалеб заман гьеб лъикIаб ишалде буссинабизе бегьиларищ. Школаздаги сагIтал гIоларезда тIад рикьичIого, магIарул мацIалъулги адабияталъулги хасал учительзабазухъе гьелги кьун, директорзабазги рекъараб букIина гьеб рахъалде унго-унгояб кIвар кьезе. Районазул лъай кьеялъул управлениязги, кисаялиго кинабалиго бихьизаби бачIун бугиланги абун, рахьдал мацIалде данде рагъ гьабизе рекъон гьечIо. Гьединаб рагъ гьабичIогойилан гьезие туснахъ къотIулев чиги вукIинаро.*

*ЛъикIаб букIинаан школаздаги хадуб районаздаги лъималазда гьоркьоб кучIдул цIалиялъул, маргьаби рициналъул ва цогидалги рахьдал мацIалде рокьи куцаялъул тадбирал гьаризе. Гьениб лъикIал хIасилал рихьизаруразе кьезе бегьилаан грамотаби, дипломал, гIарцул сайгъатал. Гьединал гIиси-бикъинал харжазе шагьи-пара гьечIого школалги росабазулги районазулги администрациялги, лъай кьеялъул управлениялги рукIунел ратиларо. Гьеб гуребги, магIарул мацIалда кучIдул, харбал хъвалел, кечI ахIулел жиде-жидер бакIазул лъимал, гIолилал церетIезариялъе, гьезда кверчIваялъе тадбирал гьаризе рекъараб букIинаан районазулги шагьаразулги нухмалъулезги, гьел бакIаздаса республикаялъул парламенталде рищарал депутатазги, цогидалги ресалда ругел гIадамазги. Гьелъиеги гIарац камун гьел рукIунареллъи хIакъаб буго. Гьеб ишалъулъ жидерго бутIа лъезе ккела бакIалъулал газетазги лъай кьеялъулгун культураялъул управлениязги.*

*Рахьдал мацI тIаде гIолеб гIелалъе гIагар гьабиялъе квербакъилаан магIарул миллаталъул шоферзабаз жиде-жидер маршруткабаздаги автобусаздаги магнитофоналдасан магIарул мацIалда гьарулел диниял вагIзабиги ахIулел ва шагIирзабазгун артистаз цIалулел кучIдулги кидаго риччалел ругони.*

*Гьединго магIарул районазда, росабальги, райцентраздаги ругел киналниги идарабазул цIарал гIурус мацIалдаго гIадин нилъерго мацIалдаги хъвазеги рекъараб букIинаан. Гьелъги цоги нухалда нилъго щалали ракIалде щвезабилаан.*

*МагIарул мацIалда рахъулел газетазгун журналазги телевидениялдасагун радиоялдасан гьарулел передачабаздаги жидерго хIалтIуе кьочIое босани рекъараб букIинаан лъималазулги гIолилазулги нилъерго халкъалъул тарихалдеги, гIадат-гIамалалдеги, адабияталдеги, маданияталдеги рокьи бижизаби. Ратизе бегьила гьелъие батIи-батIиял къагIидаби. Ургъун хIисаб гьабуни, гьел кигIанги руго.*

*Нилъеца цебеги гIемер бицараб бугониги, ракIалде щвезабилин, лъималазе маргьабазул, биценазул, берцинал суратаз къачIарал гIиси-гIисинал тIахьал къватIире риччаялдаги, гьединго магIарул мацIалда мультфильмал рахъиялдаги тIад ургъизеги хIажта буго нилъее.*

*Лъалеб жо буго, халкъалда гьоркьоб рахьдал мацI щулалъизабиялъе, гIолилазде гьеб гIагар гьабиялъе квербакъулел гIадамал руго гьеб мацIалда жанир ругел хъвадарухъабиги, журналисталги, театралъул актералги,*

*кочIохъабиги. Гьезул, хасго махщел-гьунар бугел гIолохъанаб гIелалъул цебетIеялъе, ракIбазабиялъе хIалтIи гьабизеги ккола нилъеца. Масала, щибаб лъагIалил ахиралда гьабизе бегьулаан, лъикIаб куцалъ хIадурлъиги гьабун, Авартеатралда магIарулазул мацIалъулгун адабияталъул ва маданияталъул къо. Гьениб кьезе бегьулаан гьеб соналда хъвараб бищун лъикIаб поэзиялъул, прозаялъул, драматургиялъул асаразухъ, макъалаялъухъ, щибалъе батIа-батIаго сайгъат. Гьединго гьабизе бегьулаан сценаялда бищун лъикI хIараб ролалъухъ, ахIараб кечIалъухъ ва цогидабги нилъер мацIалде лъикIаб асар гьабулебщинаб хIалтIухъги. Хасал сайгъатал чIезаризе ккела гIолилазул махщелчилъиялъеги.*

*Гьеб гуребги, лъикIаб букIинаан щибаб районалъги, жиде-жидер ракьалда рахъарал адабияталъулгун маданияталъул церехъабазул цIаразда ругел премиялги чIезаруни. ГIадада абулеб батиларо, гьунар-махщел беэдун гIезабизе кколилан. Гьединал ишаз ракIбазабилаан гьунар бугел гIадамазул жидер махщел цебетIезабиялъе. Масала, цогиял махщелазул бицицнчIониги, гIурусазул, дагьалдасан нусгониги премия буго жакъа литературиялда, адабияталъул лъикI хъварал асаразухъ кьолеб.*

*Гьединал, унго-унголъунги лъикIал хIалтIаби тIаса рищизеги гIуцIизе ккола, рахчирукъал гьаруларел, жидер махщалил устарлъиги камилал, иман-яхIги бугел гIадамаздасан жюриги.*

*Ратизе бегьула магIарул мацIги гьелъул бацIцIалъиги бечелъиги наслабазе цIуниялъе гьаризе бегьулел цоги-цоги гIезегIанго тадбиралги. Амма, хIакъаб жо гьеб киналъего къваригIина гIарац. Гьеб гIарац кьезе рес бугел гIадамалги, кьуниха, нилъер гIунги тIокIал руго. ГIадат буго рес бугес мискинасе садакъа кьолеб. Жакъа нилъер рахьдал мацIги мискинлъулеб, пакъирлъулеб буго. Гьелда рухI речIчIизабиялъе гьабулеб квербакъиги, гIаммаб куцалда, нилъер миллаталъего гьабулеб садакъалъун букIинаан. Гьедин, бажарарас бажарараб кумекги гьабун, лъикIаб букIинаан нилъер мацIги адабиятги, маданиятги цебетIезабиялъе хасаб фонд гIуцIизе. Гьебгиха цо хасал гIадамаз пайда борсулеб нахъарукълъун гуреб, гIаммаб ишалъе квербакъулеб, щиб кинали киназдаго лъалеб фонд букIине ккела. Нилъер мацIги адабиятгун маданиятги цIуниялъеги гьеб цебетIезабиялъеги пачалихъалъ бицинегIанасеб кумек гьабиялде гьанже хьул лъезе бакI цIакъго дагьаб гурони бугищали лъаларо. Кинабго нилъедаго – магIарулзада бараб буго.*

***МухIамад ПАТАХIОВ.***



# Заид ХIажиев гьавуралдаса - 120 сон



*Исана 120 сон тIубала Дагъистаналъул халкъияв поэт Заид ХIажиев гьавуралдаса.*

*ГьитIинго эменги хун хутIарав Заидица гIагараб Хунзахъ росулъ, лъимерлъудаго жиндиего бетIербахъиялъе батIи-батIиял хIалтIаби гьарулаан. Инкъилабалъул соназда магIаруллъиялда советияб хIукумат гIуцIулезул кьеразулъ вукIана гьев.*

*ЛъугIизаруна учительзаби хIадур гьариялъул къокъал курсал, хадуб 1934-36 соназда цIалана Москваялъул Коммунистазул институталда журналистазул факультеталда.*

*З.ХIажиев хIалтIана учительлъун, республикаялъул «МагIарул большевик» газеталъул жавабияв секретарлъун, редакторлъун, партиялъул обкомалъул инструкторлъун.*

*«МугIрузул кучIдул» абураб тIоцебесеб тIехь Заидица къватIибе биччана 1931 соналда. Хадубккунисел соназда рахъана гьесул «БагIараб отряд», «ХъахIилаб экран», «Мукъурберцин», «Дир сайгъат», «ТIасарищарал асарал» абурал ва цогидалги къогоялдасаги цIикIкIарал поэзиялъулги прозаялъулги тIахьал. З.ХIажиевас хъвана «ХIаскъилги Шамилги», «Къиямасеб къо», «БацIил сордо» абурал ва цогидалги пьесабиги.*

*Адабият цебетIезабиялда ва жамгIиябгун политикияб гIумруялда гьабураб хIалтIуе гIоло Заид ХIажиевасе кьуна Дагъистаналъул халкъияв поэт абураб тIадегIанаб цIар, ункъо орден ва цогидалги пачалихъиял шапакъатал.*

## ХIАСКЪИЛГИ ШАМИЛГИ

*(Анлъго пардавалдаса гIуцIараб драма)*

**Гьоркьор гIахьаллъула:**

**ХIаскъил** – гIолохъанчи
**Шамил** – гIолохъанчи
**Барин** – ХIаскъилил эбел
**ГIумар** – ХIаскъилил гIагарав, ригь арав чи
**ГIамир** – ХIаскъилил гьитIина вац
**Зубаржат** – ХIаскъилил яц, гIолохъанчIужу
**ПатIимат** – ХIаскъилил лъади
**ГIайшат** – ХIаскъилил яс
**СалихI** – ХIаскъилил вацгIал, гIолохъанчи

**ГІаща** – СалихІил эбел
**Хъарагиш** – Шамилил гьитІинав вац
**Сакинат** – Шамилил яц, гІолохъанчІужу
**ХІабсат** – росулъа яс, гІолохъанчІужу
**АхІмад** – Хьаргаби росулъ ХІаскъилил гьобол
**Муслимат** – АхІмадил яс, гІолохъанчІужу
**Дибир** – росдал дибир
КІиго нухлулав

## ТІОЦЕБЕСЕБ ПАРДАВ

*Пардав рагьараб мехалъ бихьула магІарулазул гІадатабго рукъ ва рокъор гара-чІварулел ХІаскъилги Шамилги.*

**ХІаскъил.** Шамил, чу, кьили-тІенк хІадур бугищ? Метер радалго нилъ къватІире рахъине ккола.

**Шамил.** Кинабго хІадур буго. Хур бичун чу-кьилиги босана, гІака бичун ярагъги босана.

**ХІаскъил.** Гьеб хурали дицаги бичана. Хурзалги рукъзалги нилъеца полкалда хъулухъги гьабун росила.

**Шамил.** Унго цо бугеб гьира полкалда хъулухъ гьабизе.

**ХІаскъил.** Мунни щив жеги лъади ячинчІев гІолохъанчи, дие буго захІмат, ячун моцІ бачІей бахІарайги тун, полкалде вилълъине ккани.

**Шамил** *(велъулаго).* БитІун буго, ХІаскъил, элде тІадеги цо ячарай йиге-яниги, ячинчІей гьадул чандай нилъер йигей.

**ХІаскъил.** Гьел гьудулзаби камунали мунги ватиларо, Шамил.

**Шамил.** Унго ле, ХІаскъил, дудаса бальгояб жо букІанилан кколищ дуда? Амма цо рекІел хІал хисардизабулеб бакІги камилищха, дунги гІолохъанчилъидал.

**ХІаскъил.** БитІун буго, шамил, гІолохъанлъиялъ жиндирго гІамал гьабичІого толаро, гъояса ялагьила дуе гьудул.

**Шамил.** Вилълъа, ХІаскъил, цо нижеде, нижер кІудияй чІужуялдаги къомех лъикІан абун, дир кьили-чуги бихьун ине.

**ХІаскъил.** Рилълъаха цо хал гьабизин.

КІиялго уна. ЯчІуна ПатІимат.

**ПатІимат**. Огь! Ине вуго ХІаскъил, дун ячун моцІ балелде гьас гьабулеб жо щиб, дун йокьуларей йикІарай ятани ячинчІого щай течІей! МахІги ракІ лъикІ гьечІо, амма кин букІаниги дица хІал лъазе теларо, вачІинев ватила нахъгоги рокъой, букІине батила гьуинаб гІодобиччараб гІумру. ХІаскъил вуго чалухав чи, чияр ясазухъ рокьи гьабичІого ав чІеларо, дун йикІина хьуцІтІа кІутІараб чу гІадин.

ТІаде ячІуна Зубаржат.

**Зубаржат.** ПатІимат, щиб дуе, къваридго гІадин йигин? ХІаскъил унелъул ятила?

**ПатIимат** *(якIа-яхарун)*. Щибго гьечIо, Зубаржат, дие. ХIаскъил ина, вуссина, кидалго рокъовищ вукIинев.

**Зубаржат.** БитIун буго, ПатIимат, ХIаскъил хекко вачIина, нилъее шалалги росун. *(Барин ячIуна).*

**Барин.** ХIаскъил киве арав, ПатIимат, нухда босизе квен–ретIел хIадур бугищ?

**ПатIимат.** Лъаларо, эбел, Шамилгун цадахъ арав къагIида буго. Квен-тIехги хулжиниб лъун къачIан буго. *(Гордухъе ялагьула).* Гъоле вачIинев. *(ХIаскъил нахъа рокъове уна. Хадур ПатIиматги Барингги уна. Бариница Зубаржатида каву рахаян абула. Зубаржат кавудул кIалтIе щола ва къватIиве ялагьула).*

**Зубаржат.** ВахI, Шамил тIадвуссун анивего вачIунев вихьула. Каву рахазе бегьуларо.

Азул кавудул кIалтIе Шамил щолаго: «Шамил! Шамил!» абун ХIабсат данде ячIун, Шамил чIезе гьавула. АскIобго бугеб борхатаб гъотIода гъоркь чIун харбиде лъугьуна. Зубаржат гьезухъ гIенеккула.

ХIабсат. Къаси сордо дир дуда хадуб халккун ана. ЦIакъ лъикIав гьудул вукIун вуго мун, гьадин дунги тун унеб мехалъ цо каламгIаги гьабизе вачIунарев.

**Шамил.** ХIабсат, дица гIемер хIисаб гьабулеб букIана дуда кIалъазе, амма кин балагьаниги цо чи гьечIеб бакI данде ккечIо, гIайиб гьабуге. Дуда берчIвалародаян вахъун вукIана къватIиве, дудехун бугебщинаб ургъел бихьизе. РекIел гьудул, ХIабсат, къотIуда йигищ мун? Мун гьечIеб бакI дие Сибирь буго.

**ХIабсат.** Эдинищха мун сибиралде унев вугев дунги адин тун. Дир къотIи дуе цIакъ щулияб букIана, амма дур къотIуда дун щакдарулей йиго. Дун дуе йокьулей йикIараяни ХIаскъилица ПатIимат гIадин, ячун дунги рокъой тун инаан мун, гьеб мехалъ диеги щибниги ургъел букIинароан.

**Шамил.** Гьеб ургъел дуца те, гIемер кватIичIого дун тIадвуссина, мун гьечIеб дунялалда дие рахIат гьечIо, ячун мунги рокъой тун инеги дун вачIинчIого вукIинаро.

**ХIабсат.** Шамил, дуца дида эдин инилан абулароан гури, дидаса тIокIай гьудул щвела дуе гьений, гIатIидаб ракьалда йокьулей камиларо, кIудияб шагьаралда гьудулги тIагIинаро, дун йикIа абе ургъалабалъ къан, ракI чучизе чи тIагIун.

**Шамил.** ХIабсат, гьаб къокъаб заманалда жаниб дида гьабизе кIолеб жо гьечIо, гьаб нухалда дида тIасалъугьа. Дунго гъова вукIаниги ракI дир дуда аскIоб букIине буго. Дун къотIуе хилиплъуларо. Дудаса тIокIай гьудул дуниял свераниги дида ятуларо. Дир нусабго лага нусабго магIарде щвезе гьабулеб бугониги мун ячинчIого дун чIезе гьечIо.

**ХIабсат.** Шамил, дир дуде чучизе цIакъ бакIаб ургъел буго. Нижер эбелалъухъе дун СалихIие кьеян хьвадулел чагIи руго. Эбелалъ дидехун гьабуна гьелъул гара-чIвари, амма дица цIакъ рикIкIад гьабуна гьеб. Диде эбел квешго ягъана. Мун вуссинегIан сабру тIагIун гуро йигей, ячун хIалица гъосие кьезе гурилан йиго. Вахъун мунги ун, диде гьеб къо бачIани, дица щиб гьабилеб? Гъоркьейищ дун кIанцIилей?

**Шамил.** Огь, дир каранда цIа бакана, ХIабсат, гьеб дунялалда букIине бегьулеб жойищ. Мун гIадай яс СалихIие кин кьолей? Дур эбел гIадаллъу-

нищ йигей? Дур гIагарлъи гьаглъунищ бугеб? Кваналаро дица квен мун чияе кьураб къо бачIани. Гьеб къо букIина дун хвараб къо. СалихIни дие цIакъ бигьаяв чи вугоан, амма ХIаскъил СалихIил вацгIал вуго, диргоги гьитIинаб къоялдаса нахъе ракI жубарав гьудул, гьевгун кьаллъизе бегьуларогун вуго. Гуро, ХIабсат, Дагъистангун кьаллъаниги дица мун толаро.

**ХIабсат.** Гьев СалихIие инегIан азарцIул хвел тIаса бищила дица. Нагагь хIалица кьезе ккани, битIахъе дуда хадуй ячIина.

**Шамил.** Гуро, ХIабсат, дуца дихъе хабар ккезабе, хIалица мун гьесие кьолей йигони, эхедеги вачIун, хъамила дица мун. Гьанже нилъ гьаниса нахъе рилълъун лъикI, дунги радакь вахъине кколелъул рокъове ина, мунги а.

**ХIабсат.** ЛъикI буго, Шамил, дун разияй йиго, хьул буго нилъ данделъилин абун, гьанже дуй нух битIаги. *(ХIабсатица Шамилихъе квер кьола, цоцазул квералги росун кIиялго ратIалъун уна).*

**Зубаржат.** Вабабай-вададай! Гьанже щиб гьабилеб?! СалихIие абурай ясалъ гьабулеб жо бихьулищ? Шамилни диеги вокьун вуго. Гьагъай гважул бихьулищ цебего рагIи данде ккун букIун бугеб. Гьанже дица гьаб хабар эбелалда бицани, эбелалъ ХIаскъилида бицина, гьезул нухда цо гъалмагъир ккела. БицинчIого тани, валагьун СалихIги тун Шамилида хадуй ХIабсатги ина, диргоги хиял хIорлъила. Вуйгь-вуйгь! Гъолъул нечонгутIи! Дида дун холей йикIаниги кIвелароан чияр васасда гьагъабгощинаб жо бицине. Дида лъала гьабизесеб жо… Гьал инегIан лъидаго цIарги бахъичIого, нахъасан СалихIил ва ХIабсатил улбузда гьаб ишги бицун, кIутIун тохги гьаюн, СалихIие ХIабсат кьезе гьаюн лъикI. Гьеб мехалъ СалихIие арай ХIабсат Шамилица ячинаро, берцинго ишги тIубала.

Зубаржат уна. Пардав къала.

## КIИАБИЛЕБ ПАРДАВ

*Пардав рагьараб мехалъ СалихIил рукъ бихьула. Рокъор гIодор чIун гара-чIварулел Зубаржатги СалихIил эбел ГIащаги.*

**Зубаржат.** СалихIие чIужугIаги ячинехъин гьечIищ? Бертин гьабизе къачIадизе ккела, ГIаща.

**ГIаща.** КъачIадизе ккараб жого гьечIоан нилъер, гъол хIадурун рахъунелани.

**Зубаржат.** Эл щайдай хIадурун рахъунарел, яс кIудияй гIезегIандай эл чIун ругел?

**ГIаща.** Къайи-къоно лъугIулеб гьечIила, яс гьитIинго йигилан зигара баккун бугоха эзул.

**Зубаржат.** Жийго гьитIинай йигониги, гьунар кIудияб буго, дир гъарин ГIаща, ясалъул. КIутIун рокъой ячине гIамал гьабе, гъолъул батIиял гIамалал раккун ругин. Доб ХIаскъилги Шамил тIоритIулеб сордо ракIалда бугищ? Гьадаб сордоялъ гIадамал риххун хадуб нуцIа рахазе кавудахъе яхъун йикIана дун. Гьеб мехалъ Шамил нахъвуссун вачIунев вугоан. Нижер кIалтIе щолеб бакIалда Шамилиде данде кIанцIун ячIана ХIабсат. Дагьаб гьоркьегIанги вачун, гьелъ Шамилида бицинчIеб жо течIо, гьесухъ рокьи ккун холей йикIун йиго гважи.

**ГIаща** *(кIанцIун тIаде яхъун).* Вуйгь, батиларо гохIай, вабабай-вададай гьантурадал, СалихIида, ХIаскъилида гьебжо лъани бидул гIорал тIела. Вуйгь-вуйгь, бицея-бицея, мухIканго бицея, щибжогIаги эй ракьалде ячадица гьесда бицарабали.

**Зубаржат.** БицинчIеб жого течIо цоцаздехун бугеб рокьул. Хваниги мун ячинчIого теларилан гъос абуна, чIваниги батIияв чиясе инарилан гьолъги абуна. Гьелде тIадеги ХIабсатица гъосда СалихIие жий абун йикIинцин бицана. Гьеб мехалъ кIиязго къотIи гьабуна, нагагьлъун хIалица ячун СалихIие кьезе ккани, Шамилида хадув бальго чиги витIун хъамизе.

**ГIаща.** БитIараб буго, гьаб къасиго ячине ккола, амма гьабжо ХIабсатил эбелалдаги бицун лъикI. РуцIцIухIун къасиго рокъой кьеян абуни батIияб жо ракIалде ккезги бегьула.

**Зубаржат.** Гьайгьай, ХIабсатил эбелалда бицине ккела, гьеб иш дуца дитIа те. ГIодоб тIамун дица гьаб хабар бицун хадуса щибго ишкал гьечIеб жо буго гьелъие яс кигIан кIваниги хехго ригьнаде кьезе бокьиялда. Жеги дица гьаб иш дирго эбелалдаги бицинчIо, долъ ХIаскъилида бицине гурилан хIинкъун.

**ГIаща.** Воре, дир яс, гIадамасда цIар бахъуге, кIутIун гьениеги ун ишги тIубан ячIа, дицаги СалихIидехун гара-чIвари гьабилин. *(Зубаржат уна).* Вуйгь-вуйгь, гьан тураяй дун, гьабун тараб гIадалаб жо, ХIабсат ячинчIо-го дица васасе Зубаржат ячун йикIараяни гьаб къо дитIе бачIинароан. Унго гьой Зубаржатил цIодорлъи. Гьанже лъугIараб хIалтIуда гьабизе жо гьечIо. *(СалихI вачIуна).* Гьанив гIодов чIезе вачIун вихьея, дир вас СалихI, дие мун къваригIун вугин. Къаси дур чIужу рокъой ячине кколей йиго.

**СалихI.** ВахI, эбел, эл хIадурун рахъунго гьечIилан гурищ абулеб букIа-раб?

**ГIаща.** ХIадурунгIаги ратилаха, дир вас, чи витIун вачIана къаси рокъой ячеян абун.

**СалихI** *(нахъасан гъванща хъасулаго).* Эл щайдай, эбел, гьедигIан гIеде-гIарал, дунги гьитIинав чи, гъойги гIун гьечIин ккола жеги.

**ГIаща.** ВуцIцIа, ахIмакъ, мунги гIун вуго, гъойги гIунги тIасан йорчIун йиго, тIокIав кIалъачIого дурго гьудуласухъе а ва хIадур вукIа.

**СалихI.** Дун нечола, эбел.

**ГIаща.** Вуйгь, мун сункьагIаги, дир вас, нечолев, мун бихьинчи гуре-вищ?

**СалихI.** Дица гьолда тIоцебе щибилангIаги абизе кколеб, эбел?

**ГIаща.** Дуца щибха абилеб, хошгелди, лъикI ячIарай гьоболилан квер босе. КъасилъигIан ячIунарей йикIарай гьобол абун каранде къай, къва-лакье яче.

**СалихI.** Валлагь лъалароха, эбел, къаси дидасан гьумерхъахIлъиго лъу-гьинебищали, щибха гьабилеб, дуеги бокьун бугелъул гьабунгIаги бичча тезе бугоха эб бертин. (СалихI хъасулаго гъванщагун уна).

**ГIаща.** Гьагъав ахIмакъасдасан чIагояб жогIаги лъугьани лъикIан, гьуду-ласдагIаги абизе ккела гьев лъикI вегIереян.

ЯчIуна Зубаржат.

**Зубаржат.** Гьале юссанаха, ГІаща, дун. Кинабго, цо къатІра гьоркьоб течІого бицарабха ХІабсатил эбелалда. Цо бихьизеанха, ГІаща, эй йиххун-чІваркьун лъугьарай куц. Жинца кІихІи йихьилила гьей ХІабсатилан лъугьун йикІана, ахир, гьадаб нилъецаго бицахъе, къасиго магьариги лъун, хантІан рокъой кьелилан абуна. СалихІидехун бицен гьабун батилагури, эсулни абизе щибха букІинеб?

**ГІаща.** ГІемер лъикІ буго, хантІан, дир яс, квен-тІехалде лъугьа, СалихІали гьудуласда аскІове витІун анин, гьабсагІат вачІина. *(Цебе рукъги къачІа-кІатІан, кІиялго нахъа рокъоре уна. ВачІуна СалихІ).*

**СалихІ.** Балагьеха гьанже дие гьабулеб бугеб жо, гьадигІан бокьуларогунги ячинчІого гІоларей кинай гьай лъади, кигІан эбел дун гІун вугилан гаргаданиги дидаго лъаларищ, дун жеги гьитІинго вуго. *(Дибир, ГІумар, кІиго нугІ магьари лъезе рачІуна).*

**Дибир.** Салам гІалайкум, сагІат лъикІаб батаги, СалихІ. Щиб, эменхвад, бахІарлъизе хиялищ ккараб?

**СалихІ.** ВагІалайкум салам, эдинилан вугоха, дибир. (*Киназуго кверал росун, гІодор чІезе гьарула).*

**ГІумар.** Гьанже гІемер халат гьабун щиб гьабилеб, кІутІун магьари лъун лъикІ, тІаде-гъоркье чи вачІиналде.

**Дибир.** Валлагь битІун буго, гьая гьудул СалихІ, гьав ГІумарил квер кквея, цояс гьеб чирахъги гІодобе кьуре. СалихІ ва ГІумар, нужеца дица абураб абе: «Аллагьасул амруялдалъун, Аварагасул (с.т.гІ.) нухалдалъун, гьал нугІзабазда цебе, анкьго тумен хъахІаб гІарац магьаридайги лъун, духъе пурман кьурай МухІамадил яс ХІабсат АхІмадил вас СалихІие лъадилъун ячине ихтияр кьунищ дуца?»

**ГІумар.**  Долъ дихъе пурманго кьечІогури гІодун гурони.

**Дибир.** ЦІуял жалазул хасият буго, ГІумар, бищун рохараб мехалъ гІодулел, гъолъ дуда кьоларин пурманиланги абун гьечІелъул, дуца кьунилан абе, гьелъулъ Аварагасул (с.т.гІ.) нух буго.

**ГІумар**. Кьуна, дибир, амма добжо пурман гуро, гІоди буго…

**Дибир.** ТІубанаха, вац ГІумар, гьанже баракат бугеб ратаги.

**ГІумар.** Рилълъаха, дибир, кІалдиб жогІаги лъечІогойищ инел.

**СалихІ** *(тІуркІун рекІеде вачІун)*. Гьениб нахърокъоб нужей квентІех хІадур буго, гьанирехун лъугьа. *(СалихІ живго хутІула).* Огь, кигІан рекІее захІматаб ишха гьаб магьари лъей букІун бугеб. Нечеялъул кутакалъ битІахъего цеве вугев чи ватІа вахъизе лъалареб хІал лъугьун букІана дир. Гьанже кин букІаниги гьаб ишни тІаса бихьана, къаси бахІаралда щиб мацІ бицинеб дица, эбелалъе малъизе цІакъ бигьаго буго, квер босун гьикъарейила, къвалакье ячейила. ГІадамазулалдаса гІанчІай бахІарай дир, лъалароха чІаголъиго рекъелебищ дирали. *(Тирщун тІадеги вахъун, цо тІаса ургъул ун рагьарав гІадин лъугьуна).* Бокьараб бахъа, дунлъагІан бахІарлъичІевищ, эбелалъ малъарабщинабги гьабила, дидаго лъалебщинабги тІаде жубала.

СалихІ уна. РачІуна ясал.

**Зубаржат.** Гьайт-гьуйт, ясал, гьабсагІат пула зурма, кьабила къали, кватІичІого ячІина бахІарай. *(ГІамир, Хъарагиш ва цогидалги рачІуна).*

**ГІамир.** СухІмат-кеп гьабун лъикІ гурищ, ясал?

**Сакинат.** Ниж хIадурал руго кьурдизе. *(Зурма-къолол гьаракь бахъуна. ГIамирица цее ккарай ясги яхъинаюн кьурди-хъаталъе байбихьула).*

**ПатIимат** *(ячIун зурма-къалиги чIезабун).* Дие бокьун буго нужеда рохел бицине, гьабсагIат дица гьание ячун щвезаюна нилъер бахIарай…

**ГIумар.** Эдин батани, пуй цо бахIаралъул сахлъиялдасан. *(Пула, ГIумар кьурдула, гьесда хадув Хъарагиш вахъуна. Хъарагишида данде ячIуней йикIарай Зубаржат ПатIиматица, нахъасан цIан, кьурдизе йиччаларо. ЛъикI мехалъ гьев данде ясги яхъинчIого хутIула. Хъарагишица Зубаржат, гъежги ккун, жиндего данде кьурдизе ячунаго, ГIамир гьесда тIад речIчIула, кIиялго рагъун, Хъарагишица ГIамир дагьав кIутIула).*

**Хъарагиш.** Капурго хварал хIамул, рачун кьурса гIодоре разе, диде данде кьурдани багьа хвела нужер. *(Бертин биххула, киналго кIутIа-рутIун рокъоре рачун уна, Зубаржатги эбелги цере рокъор хутIула).*

**Зубаржат.** Гьудув бетIеркъотIица нилъер ГIамирида кьабунагури, тIаде жоялъе къабихIал рогьралги рана.

**Барин.** ЧIа, дир яс, нилъер ХIаскъилица кIихIи къотIилев гъов цIуяв гуда, Шамилил вациланищ гъосда абилеб.

**Зубаржат.** Шамил батIалъи щиб, дир эбел, гьев сабаблъун гурищ гьадигIан гIедегIун СалихIие лъади ячине ккарай.

**Барин.** Вуйгь, эсги щиб гьабураб, дир яс?

**Зубаржат.** Дуда бицинарилан йикIана, эбел, бицинчIого гIечIо. Гьудуб ХIаскъил ин гьабураб сордоялъ, гIадамал рихxун хадуб, каву рахазеян кIалтIе яккидал, Шамил вугоан нахъвуссун нилъеде вачIунев. БитIахъе нилъер бакIалде щваравго, «Шамил! Шамил!» абун данде кIанцIун ячIана ХIабсат ва гьениб гьел кIиязго бицинчIеб жо течIо цоцазде бугеб рокьул хIакъалъулъ. Пурман кьоларого, ание йилълъунарого, гъоркье кIанцIизеян лъугьун йикIун, дуниял хвезе гьабун буго къасиги.

**Барин.** Гьай ракьалде ячад, гьанжеялде гьеб рокьи гьабизе гIурай жойищха гьей йикIарай! КIутIун ХIаскъилихъе кагъат хъвазе буго, гьаб иш бегун тезе бегьуларо. Жиндир гьудуласул вацгIаласе абурай ясалъулгун балай-кIалъай гьабурав гьев Шамил бихьинчи вукIун гьечIо.

**Зубаржат.** Вай, дир эбел, эдин гурищха дуда хабар бицине бокьун букIинчIеб. Бидулъ чвердезе васал гьаричIого, гьоркьоре чагIиги тIамун, маслихIат гьабуни лъикIаб букIина, эбел. ТIадежоялъе гьаб жака ккараб гъалмагъирги… КIудияб питна ккезе гуринха, эбел.

**Барин.** ХIалихьатаб умматалъ гьабураб чIухIиги, бараб рогьоги баччун боснор регун хвезе гьарун гьечIо, Зубаржат, дица васал. Гьаб кьолбое гьабураб инжитлъи кIочани, хахараб рахь хIарамлъаги дир лъималазе. Дица ХIаскъилихъе гьаб жакъаго кагъат хъвала.

**Зубаржат.** Хъваге, дир эбел, гIемер кватIичIого жалго цо рокъоре щвезе рачIинилан гурищ дагьаб цебе кагъат бачIараб. Гьединаб жо хъвани дораго цоцаца чIван хвезе бегьула ХIаскъилги Шамилги. Дун цIакъ хIинкъун йигоха, эбел…

**Барин.** Рилълъа, дир яс, нилъ гьаниса рокъоре, доба бицинин кинабго. Гьал рекъон ккарал лъаларо, хабар къотIун буго.

**Зубаржат.** Рилълъа валлагь, эбел. *(Гьал уна. Цее лъутун бахIарай, хадув СалихI рачIуна. СалихIица нуцIа щула гьабула).*

**СалихI.** ВахI, гьай цIияй гьобол кигIан тIурузай жо гьай йигей, мун гьа-

ние кисан ячIарай? *(ЛъикI щварай абун, квер босизе лъугьуна, ХIабсатица мугъ рехула).*

**ХIабсат.** Дун жийго те, бетIеркъотI, мукъулукъ турад! Дир ракI къватIибе кIанцIизе лъугьуна дуда берчIвараб мехалъ!

**СалихI.** ВахI, эдигIан дун вихьизе бокьуларей чIужу, лъицаха мун хIалица гьание ячарай?

**ХIабсат.** Гьедин хIалица юхулаго, чIвалагонин дун гьаниве щвезе гьаюрай, дуда гьеб лъаларого батани. ГьабсагIат дун чIвазеги чIван, нусабго лага нусабго мегIералде щвезабуниги, дица дуе чIужулъи гьабуларо.

**СалихI.** ЧIвай-хъвай нилъей щай гурин. *(Гьев ХIабсат къвалакье ячине лъугьуна. Гьей данде ягьула).*

**ХIабсат.** Дун жийго те, куц квеш, дун дуе кьезе ургъарал кидаго ургъалабалъа рахъунгегийин.

**СалихI.** Дида эбелалъ мун къвалакье ячейилан абуна. *(СалихI гьелда хурхуна. ХIабсатица гьесул гьумер хъарсула).*

**ХIабсат.** Эбелалда цеве лъеги мун, эбелалъул МухIума! *(Гьей гIодилаго ягъизе лъугьуна).*

**СалихI** *(гьурмадаса биги бацIцIунаго)*. Гьайищха дой бахIарай? БахIарай гуро гьайни, загьруман йиго. БоцIи кьун кьал босун бугилан ккола дида. Анлъго тумен хъхIаб гIарац гIадада гIодобе бан буго.

**ХIабсат.** ХIайван ятила дун дуе расги диеги бокьичIого анлъго туменалде йичизе, дуе дун кьуразул жакъа дир гIадин гурони ракI бохугеги!

**СалихI.** Йихха-йикаяй дир эбел, васасе лъади ячунейилан йикIун ятилаха, унго-унгояб гIалхул кето бугеб лъачIого. Гьурмада гIуж лъечIеб бакI гьечIо хъарсун, *(бегьухъе гьаракьги гьабун)*, дун хъарсизейищ мун гьание ячIун йикIарай?! *(Гьелде тIаде гьесардула).*

**ХIабсат.** Гьеб хъарси цIакъ бигьаяб жо дуе.

**СалихI.** Балагье гважул нечонгутIи. *(Гьев ХIабсатида кьабгIизе лъугьуна).*

**ХIабсат.** ЧIвай дурго, дидасан дуда канлъи бихьиларо. Гьале нилъер кидаго букIине бугеб гIумру.

**СалихI.** Гьале дуйги, *(зар бихьизабула)*. Гьабжо эбелалда бицинчIого гIеларо, дие гьай аздагьо щай къваригIун йигей? *(Уна).*

**ХIабсат.** Эбел хваги дур, бетIеркъотI! Огь дир рохалил тIугьдул речIан ана, керен гьогьомулел гьурал чIвана. Вай, гьудул Шамил, ма босе гьанже, дица дуда чанги абуна дун рокьи чIаголъулареб чIегIераб бокIнилъе, балай тIегьалареб хьонде ккезе тогеян. Жакъа кьоялдаса нахъе дир гIумру магIу хун чедги кванан, ургъалил гьирги баччун, ццидаца гъанкъулаго ине буго. Гьаб жо гIумру гуро, лагълъи буго.

*Пардав къала.*

## ЛЪАБАБИЛЕБ ПАРДАВ

*Пардав рагьараб мехалъ бихьула магIарул росдал къватI, къотIноре ралагьарал каваби, къотIнор цо гIатIилъи бугеб бакIалда харбида рихьула ХIаскъил ва СалихI.*

**ХIаскъил.** СалихI, гьудул, гьаб хабар дудаги рагIараб жойищ, рагIичIого батани, дур гIинзухъе хIецин гурищ тIинкIун бугеб, росулъ къватIкъватIалъуб бицунеб жо рагIичIого букIине ккани. ГIенеккея, гьитIинай вац, гьадав дир гьалмагъ Шамилица дур лъадухъ рокьи гьабулеб бугилан

абулеб буго. Жеги дуе иналдего дур лъадул Шамилидехун балай-кIалъай букIанилан бицунеб буго гIадамаз. Хасго ниж руссун хадуб гьезул иш халкъалдаго загьираб хIалалда бугилан бицунеб рагIана дида цIакъ кьучIаб бакIалдасан. Гьал харбазе ахир лъезе мех щун бугилан ккола дида.

**СалихI.** Валлагь дида лъицаго щибго абулеб рагIичIо, ХIаскъил, амма дида лъалеб жо буго дир лъади дитIа чIухIдарилей йикIин.

**ХIаскъил.** СалихI, дуда гьелдасанги лъазе кколаан дур лъадул цо иш букIин. Мун вокьунгутIизе ккани, цо гIилла букIине ккеларищ, гьудул.

**СалихI.** Шамилица гьединаб къадараб жо гьабилилан лъидаха ракIалде кколеб, гьев дур бищун цевесев гьудулги вугелъул.

**ХIаскъил.** Гьудулас гурищ гьудул вичулев. Гьанже гьелъул щиб бугониги ккелеб батилин, мун беццлъун, гIинкълъун вукIунге. (ХIаскъил уна).

**СалихI.** Агьа, щибго жо гьечIо кьинагьдилей йикIун гьечIо доб гважи. БитIахъе дун йиччан теян чанцIул дие дой гIодарай. Валлагь гьанже дида гьабулеб жо лъаларо. Шамил вуго полкалда куцарав, яргъил хIал лъалев тулакав бахIарчи. Дида гьов чIвазе кIвеларо, амма расги жоги гьабичIого гIенеккун чIани, ХIаскъилица дие рахIат теларо. Цо хIилла ургъичIого рес гьечIо. Дие лъикIаб жо ХIаскъилги Шамилги цоцалъ разари. Дица Шамилида абила ХIаскъилица абунин мун дир лъадухъ валагьулев вугилан. Гьеб мехалъ Шамилица досде кIудияб рагIи рехичIого теларо, гьеб рагIи дица ХIаскъилида бицина.

*ТIаде вачIуна Шамил.*

**Шамил.** Щиб, СалихI, цо ригь гуреб заманаялда бакI гуреб бакIалда чIарав, дида мун цо ургъалилъ гIадин вихьула.

**СалихI.** Радалго къватIиве вахъарав чиясда цо ХIаскъилица бицараб рокьукъаб хабаралда тIад ургъулаго къоги ана, пикрабазда чIаралъувго хутIун вуго.

**Шамил.** Дида бицея, вац СалихI, дуца гьеб хабар. Цо божарав чиясулгун ургъел бикьани, араб бакI лъачIого ургъелги лъугIулеб, ккараб къоги цадахъ борхани дуе кIудияб бигьалъиги лъугьунеб.

**СалихI.** БитIун буго, Шамил, унтиги дудасан ккараб бугелъул, даруги дуцаго гьабизе рекъараб буго. ХIаскъилица абуна мун дир лъадухъ валагьулев вугилан.

**Шамил** *(цIакъ ццим бахъун).* Абун батиларо ХIаскъилица гьединаб къадараб рагIи.

**СалихI**. Дунги божуларого вукIана, амма дос элъул цIакъ мухIканлъи чIезабуна.

**Шамил.** Баркала буго гьев бахIарчиясе, гьедигIан кIудияб гьереси дуда бицаралъухъ, гIайиб букIана гьесие. ТIокIаб жого гьечIонигиги гьитIинаб къоялдаса нахъе цадахъ гIурал, гIемерал соназ полкалда цадахъ хъулухъ гьабурал гьудул-гьалмагъзабигIаги гурищ рукIарал?.. Дуца гъосда абе, гьудул СалихI, жиндирго яцалъухъ валагьани щибин жинца гьабилебин абун. *(Шамил уна).*

**СалихI.** Гьа, гьанже рехана гъос кIудияб рагIи. Гьал рагIаби рагIун хадусала ХIаскъилилги гъосулги тунка-гIуси ккечIого хутIизе рес гьечIо. *(ВачIуна ХIаскъил).*

**ХIаскъил.** ВахI, СалихI, гьанжеги мун гьанив щиб гьабулев, жеги рокъове инчIого?

**СалихI.** БитIун мун аравго тIаде рехун Шамилги вачIун, ракIго букIинчIого доб жоялъул хабар ккезабулев вукIана.

**ХIаскъил.** Эс щибиланха абураб?

**СалихI.** Цо гIагарде къазецин течIо. ХIаскъил вукIанила вихьун дуда аскIов чIун, гъосищила гьеб абураб. Дица уйилан абигун, нагIана батайгийила гьесие гьедигIан кIудияб гьереси бицунев вукIарав. Жиндирго яцалъухъ валагьани щибила эсда гьабизе кIолеб абун кIуди-кIудиял рагIаби рехана.

**ХIаскъил.** Дир яцалъухъ валагьани цо щибниги букIинеб батилаха… Дуца щибиланха гьесда абураб?

**СалихI.** Батиларин эб, батани квешаб жоялъул лъикIаб жо лъугьинарилан абунаха. Цин вукIана гьесун чохьолъ ханжар къазабизе, дудаги гьикъичIого цосина гIантаб жо ккезе гурилан тана. Кин букIаниги Шамилилал цIакъ чIухIун руго. Дир берталъ Хъарагишица нилъер ГIамирида къабун батана, жеги къабихIал рогьралгицин ран руго.

**ХIаскъил.** Гьеб кинабго дида лъала, балагьила гури эсухъ.

КIиялго уна. Нахъеги Шамил вачIуна.

**Шамил.** НагIана батаги гъозие дида гурхIун дун живго тани. Дунила жиндир лъадухъ валагьун вугила. Валагьизе бокьичIони жив вокьуларей гIадан ячинчIого тезе йикIун йиго. Жакъа рухIгIан дие хирияй яс, дунилан хачадилаго, зулмуялъ СалихIил рокъое щвезе гьайиялъе гIоло нижер цоцаздехун бугеб рокьи кибе инеб, ва ниж цоцазда кIалъачIого, цоцахъ балагьичIогойищ рукIинел. Баркала буго ХIаскъилие кигIан жиндир вацгIал вугониги СалихIида гьеб хабар бицаралъухъ. *(Живго жиндаго кIалъалев Шамил вукIаго, ХIабсат, ПатIимат, Зубаржат лълъел цIезе унел рукIуна Шамилида цересан. Шамил ва ХIабсат цоцахъ ралагьула, лъалаго кIиязулго хIал хисула. Зубаржат Шамилихъ ялагьун, ПатIиматидаги тункун, цо чIухIараб гIадаб гьими гьабула ва церехун, иццухъехун ралагьун уна. Шамилил цIакъго хIал хисула. Ццим бахъун гаргадизе лъугьуна).* НагIана батаги ХIаскъилил яцалъе ва ХIаскъилие, гьаб жакъа гьабураб чIухIи дица гъозда жидедаго данде багъизабила. ГьабсагIат нахъюссун ячIунаго дица Зубаржатидаса кIаз бахъила. Гьабгощинаб мехалъ гьуинаб вацлъиялдаги вукIун, гьанже ХIаскъил лъугьун вуго питна бухъизе, амма аби бугелъул: жинцаго бухъаралъуве живго кколилан… *(Ясал рачIуна. Шамилица Зубаржатил ботIродаса кIаз бахъула).* ХIаскъилида абе гьаб кIаз босизе вачIайилан дихье. (Ясал рихха-хочун лъугьуна. Зубаржат чIчIичIчIидула, ХIабсат рокъое лъутун уна, ПатIиматги рокъое екерула. Шамил эхетун валагьун хутIула).

**Зубаржат.** Вабабай-ваддадай, гьан тураяй дун! Вай дун сабаблъун ккезехъин бугеб кIудияб питна! (Цеве ХIаскъил хадуй ПатIимат кавудухъа къватIире кIанцIун рачIуна).

**ХIаскъил** *(Зубаржатидехун).* Кивехун арав доб цIуяб гIанкI!

**Зубаржат** *(гIодилаго).* Гьаниса гъоркье валагьун ана. *(ХIаскъил хадув уна).*

**ПатIимат.** Вабабай гьалъул цо кIудияб гьалмагъир ккечIони! *(ГIадамазде ахIи базе лъугьуна. ТIаде ГIамир вачIуна).*

**ГIамир.** ХIаскъил кивехун арав?

**ПатIимат.** Хехго, ГIамир, Шамилида хадув тIаса гъоркье анин, гьесул

кIалтIа гъоркьчIчIел гьабун ватизе вуго. Воре, вац, нахъвуссинаве, дунялалда къоял гIемер ругин, жакъа эзухъ бугони, метер къо нилъехъги букIунебин. *(ГIамир уна)*. Гьалъие ургъулевдай керентурад вукIарав нилъее нухги ккун. КIудияб бахIарчилъи гьабулеван вукIун ватила юргъа! *(Шамилил яц Сакинат щиб-кинали лъачIого тIаде рехун ячIуна).*

**Сакинат.** Вабабай, ПатIимат, гьаниб щиб лъугьараб, нижер Шамил киве арав?

**ПатIимат.** Мунин нижее къваригIун йикIарай. (Зубаржатгун цадахъ Сакинатида тIад речIчIула. ГьебсагIат гъоркьа тIаде ХIаскъил вачIуна).

**ХIаскъил.** ЦIакъ битIун ккана, дир яцалдаса дур вацас кIаз бахъараб батани, дица дуда тIаса ретIел бахъила. (Сакинат аскIоб бугеб кавудахъе ехъерхъизе хIал бихьула гьес).

**Сакинат.** ХIаскъил, мунин саламатав бихьинчи, гIайиб дуе дун чIужугIаданалъе зулму гьабизе, жийго те дун!

**ХIаскъил.** Дур вацазе букIунареб гIайиб диейищ букIунеб. *(Жеги хIалбихьула ехъерхъизе).*

**Сакинат.** Дир вацасеги буго гIайиб, дуеги буго. Дир вацасда бахъараб щцин дуца досдаса тIубай, дун чIужугIадан йиго ва дун жахIайго те! *(Сакинат кавудахъе ехъерхъун уна…).*

БотIрода кIазги гьечIого, катIариги гьурщун, тIаса ретIел бахъараб сураталда, цо гъоркьан гвердилъ Сакинат къватIие кIанцIун ячIуна.

**Сакинат.** Вай аман-мадад, гьанже дица щиб гьабулеб?! Гьаб щиб диде тIаде бачIараб балагь! ЛъикIал-цIакъал бихьиналилан росдацаго реццулаан Шамил ва ХIаскъил. Цонигияв вукIун гьечIо намус-яхI жиделъ бугел бахIарзал. ЛъикIал бихьиназ жидедасаго къурал руччаби инжит гьаруларо. Цоазда щцим бахъараб жо батани, бадиса бадибе жидецаго щай тIубачIеб. Вай, дун рокъое кин иней гьаб инжитлъиги босун, гIадамазда гьорлъе къватIиегойищ дун яхъинарей! Гуро, дун цIакъ гIумру къокъай гIадан йикIун йиго. Гьаб къабихIлъи баччизегIан кьурса гъоркье кIанцIун лъикI дие. (Сакинат гьаракь биччан гIодулаго уна. КватIичIого бахъун хъатикь ккун ханжаргун Хъарагиш вачIуна).

**Хъарагиш** *(цIакъ ццидахун).* Кибедай араб гьаб цIуяб гIанкI! Рокъов вахчун ватила хъахIба! *(КъватIккун эхеде уна, амма хеккого тIадвуссун вачIуна).* Валлагь рокъовги гьечIо. *(ГьебсагIат ХIаскъил кавуги рагьун къватIиве ваккула).* Гьай Баринил яся. Дуцайищ дир яцалдаса ретIел бахъараб?! (Кодоб ханжарги ккун ХIаскъилиде тIаде уна, амма ХIаскъил цеве ккола ва гьес Хъарагишиде таманча кьвагьула. Хъарагиш гIодов ккола).

**ХIаскъил.** Гьале дуе Баринил «ясалъ» гьабулеб жо! Нуж гьалда гъун рукIана, босе гьанже! *(Хъарагишиде тIаде къулула).* Хун вуго гьав. Дица диего гIамал гьабун лъикI. (Гьев цевехун валагьула). Валлагь Шамил вачIинев вихьула. Гъосда хIалги лъазабун гьаниса лъутиларо. Виччанте, гъовги лъела дица гьасда аскIов, кинабго иш жакъа тIубан лъикI. Дида аскIове гIагарлъуге, Шамил! *(Шамилиде битIизабун таманча кьвагьулаго, гьев цояб рахъалде кIанцIула, вацасде бер рехула, цинги бахъун таманчагун чанго нухалда гьесул рахъалдехун кьвагьула. КIиязулго патронал лъугIула, цинги гьез хунжрул рахъула. Цоазде аскIоре къазе кIоларого, цояс цояв тохгьавизе лъугьуна. ТIаде рачIарал гIадамаз кIиялго рахъ-рахъалде рачун уна).*

*Пардав къала.*

## УНКЪАБИЛЕБ ПАРДАВ

*Пардав рагьараб мехалъ бихьула гIадатияб хьиндалазул рукъ. Бидвиххун вачIун Хьаргаби росулъ гьоболасул бакIалда гьоболгун гара-чIварулев вихьула ХIаскъил.*

**АхIмад.** Ле, гьудул, къасиги къадги кидаго абгил гул гIадин вухьа-къан вукIинчIого цо рокъов вугеб мехалъгIаги бахъун аскIоб лъезе бегьуларебищ гьеб ярагъ, гьаб нилъер рокъове гIадада къад тушманги вачIинарин.

**ХIаскъил.** Кин букIаниги, вац АхIмад, тIаса ярагъ бахъун вукIинеги ракIалъ къабул гьабулеб гьечIо. Аб байтулман бидуллъи ва бидуласул гIумру цIакъ рахIатхвараб жо букIун буго.

**АхIмад.** БитIарабги батила умумузул абиги буго «бидуласул гIадаб гIумру» абун.

**ХIаскъил**. Гьаб бидвиххизегIан инсан инсанасдаса хIинкъулин абун дида ракIалде кколароан, амма гьанже нахъаса хIинкъи лъугIараб заман бачIунаро.

**АхIмад.** ХIинкъи гуро, гьудул, эб цIодорлъи буго. Гьебжо ккечIебани лъикIан вижараб росулъ, гьудул-гьалмагълъиялда гьоркьоб. Ккаралдаса нахъе нилъеца хIалкIвараб цIодорлъи гьабизе ккола.

**ХIаскъил.** Вореха, вац АхIмад, гьаб росулъе батIияв чи вачIунищали хал-шал гьабеха. Гьебго жо нилъер гIага-божараздаги тIадкъай.

**АхIмад.** Гьеб дица гьанже гуреб, мун гьаниве вачIараб къоялдаса нахъего гьабулеб буго ва гьабеян нилъерго гIадамаздаги тIадкъан буго. ХIаскъил, цо свера-хъеризе къватIиве вахъана дун, мун паракъатго вукIа. (АхIмад уна).

**ХIаскъил** *(АхIмадил яс Муслиматидехун).* Дунги цо ракI чучиялъе гьанив мадугьалихъеги щун вачIинин. *(ХIаскъил уна).*

**Муслимат** *(ХIаскъилида хадуй ялагьун жийго жиндаго).* Вай гIайиб гурищ ХIаскъил гIадав сахав вас гьагъадин къваридго вукIине. Гъосул пикрабазул къварилъи, хIухьелалъул захIмалъи, ракIалъул хехлъи, хиялазул гIемерлъи. Жиндирго гьагъал ургъалабаз гъов сунтIего регIизе толев гьечIо. РакI барахщун буго дир гъосда. Вабабай, эмен вачIунев рагIула. Дун гьаний ятани цо жоялда щаклъила. *(Тахиде гъоркьеги лъугьун яхчун чIола).*

**АхIмад** *(живго жиндаго гаргадулаго жаниве вачIуна).* Гьоболасе хиянат гьабиги гьедигIан цIакъаб жо гуро, амма кьолеб жо лъикIаб буго. Шамилил рахъалъ вачIарав чапарас бицахъе дие гьадаб боцIи щвани, хвезегIан гIураб жо гьечIищха. Гьанже дица гьав, гьадаб къотIи гьабухъе, къородисезул кьотIе базаралде вачине ккола, амма щиб багьана батун лъикIдай гьев гьениве вачине. Дие щиб цо харайчIисес цогидав хIарайчIисев чIванилан, расги къобихьичIого чванта цIалтараб боцIи щолеб мехалда. Гьоболги дунги базаралде ина, гъоркьчIчIелги гьабун гьевги чIвала. Вассалам-вакалам. Гьанже гьав киве арав?.. *(АхIмад къватIиве уна)*

**Муслимат** *(тахида гъоркьан яхун).* Вабабай, дир инсуца гьабизехъин бугеб хIалихьатаб жо. ГьадигIан кIудияб хиянатлъи гIадамас гIадамасе гьабулеб жойищ… Вай ХIаскъил базаралде инчIого кин чIезавилев? Дихъ гIинтIамичIого гьев базаралде инчIого чIолев гьечIони, дица гьесда эмен-го-эмен вукIаниги, хиянатлъиялъул хIакъалъулъ биццина. Дица ХIаскъ-

ил гӀадав саламатав гӀолохъанчи гӀадада хвезе виччаларо. *(Муслимат уна. ХӀаскъил ва АхӀмад рачӀуна).*

**АхӀмад.** Жакъа цо къородисезул кьотӀе базаралде инеян вуго дун, мунго парахатго рокъоса гӀебеде вукӀа.

**ХӀаскъил.** Цо тӀаде базаркъоялъниги дунги вилълъинаха хъизан-лъималазул партал-магӀал хун бугилан бачӀун букӀана рокъосан хабар.

**АхӀмад.** Нахъаса базаркъоялъ вилълъунев чи гьанжесагониги щайха мун вилълъунарев, эбги цада-гӀадахъго босизе?

**ХӀаскъил.** Гьанжесала дихъ кодоб жо гьечӀого бугоха, вац АхӀмад.

**АхӀмад.** Гьеб гӀарцул рагӀи цӀакъ бигьаяб жо, духъ гьечӀони, дихъ бугелъул. Дуе щвезегӀан гьеб кьолев чи гьале гьав дун вуго, дуца гьелъул ургъел гьабуге.

**ХӀаскъил.** ИяхӀ, вилълъинегӀагидайха вилълъинев?

**АхӀмад.** Вилълъа, гьудул.

**ХӀаскъил.** ЛъикӀ буго, эдин батани вилълъинин.

**АхӀмад** *(Муслиматиде ахӀдола).* Муслимат ва Муслимат! *(Муслимат ячӀуна).* Ниж базаралде унел ругин, хулжиниб квен-тӀех лъея! *(Муслимат гьалгъан хутӀула).* ХӀаскъил, дун цо вацгӀаласул дове ваккилин, базаралдаса босизе гьесие хӀажатаб жо бугищан цӀехезе, мун хӀадурун чӀаха. *(АхӀмад уна).*

**Муслимат**. ХӀаскъил, дуе базар кӀваричӀо. Дуе хӀажатаб жо инсуда босеян абун, рокъовго чӀун лъикӀанха мун. Дида хадув тушман вукӀинги лъалаха дуда…

**ХӀаскъил.** Тушман вукӀунилан кидаго жанив чӀун дун тӀуваларо, Муслимат, чӀванани чӀвай абеха, дун гӀадав гурев чӀвачӀевищ, нахъеги чӀваларевищ.

**Муслимат.** Гуро, ХӀаскъил, мун дихъ гӀенекке, дица дуе квешаб жо бицунеб гьечӀо.

**ХӀаскъил**. Расги ургъел ккоге, Муслимат, бакъанил какде берцинго къваригӀелги тӀубан, нахъруссунелин ниж.

**Муслимат.** ХӀаскъил, мун дир инсуда цадахъ унге!

**ХӀаскъил.** Щай, Муслимат, мун йихха-хочун йигей, дур инсуда цадахъ гурони дун лъида цадахъ инев?

**Муслимат.** Мун дир инсуца вичизехъин вуго, ХӀаскъил. *(Гьей гӀодизе лъугьуна).*

**ХӀаскъил.** ВахӀ, Муслимат, гьеб щиб рагӀи дуца бицунеб?

**Муслимат.** Дагьаб цебе мунги къватӀиве ун, дун гьаб рокъой йикӀадго, эмен тӀаде вачӀунев вукӀун, дун тахида гъоркь яхчана. Эмен гьанивеги вачӀун, гъоркьан Шамилихъан боцӀи босизе къотӀиги гьабун, мун гъоркьчӀчӀалиде вачине ургъулев вуго.

**ХӀаскъил.** Гьай баркала, Муслимат, гьеб тамашаяб хабар бицаралъухъ. Жакъа къоялдаса нахъе мун дир хӀакъикъияй гьудул йиго. Дур инсуда ва дирго тушманасда хӀалги лъазабун дун базаралде инчӀого чӀеларо. Аниги гьанже рес буго цӀодорлъи гьабизе. Мун гьанже, эмен вачӀине гурин, хехлъи гьабун дудаго малъараб жо гьабизе а. *(Муслимат гӀодилаго уна).* Балагьеха гьав хӀалихьатица дие гьабулеб букӀун бугеб жо. Умумузулго гьалбадерил чийилан, лъикӀав-тӀокӀав гьоболилан абулаан гьасда, авни дие къор гъолев вукӀун вуго. Кинго кин букӀаниги гуллиде данде инги бахӀарчилъи гуро ва

амма базаралде инчIого чIезеги ракIалъ къабул гьабулеб гьечIо. Цо щиб бугониги ургъизе ккела. КIиго-лъабго версталъул манзилалда Шамилида дир цIахIилаб чу батIа бахъизе лъала. РачIа дица дирго чу АхIмадихъе кьезе, гъосулалда дунго рекIине. Дир чода тIад АхIмад ватIа гьавизе лъачIого вукIинаро ва гьесда ракIалде ккезе буго дун рокъовго чIун ватилилан. КIвар бугеб жо буго расги лъачIого гъоркьчIчIалидасан жо речIчIун чIвачIого хутIи, гъоба базалда бадиса бадиве дандчIвани цо Аллагьас хъвараб жо батила.

АхIмад вачIуна.

**АхIмад.** Гьаха рилълъинин.

**ХIаскъил.** Рилълъаха, АхIмад. Амма кIиясго чуял хисизе ккела. Дир чода мун вихьаравго, дир тушман Шамилида ракIалде ккела дун рокъовго чIун ватилилан.

**АхIмад** *(ургъалилъе ккун).* Хисилинха, цосина мунилан ккун дун чIваладай гъос…

**ХIаскъил.** Мунги дунги ватIа гьавизе лъангутIизе эсул берал рахъунги гьечIелъул, гьелда мун расниги хIинкъуге. (КIиялго цоцазул чуязде рахуна. Муслиматица инсухъе хулжал кьола).

**Муслимат.** Вай аман-мадад, ана ХIаскъил чIвазе вачун. Гъол чуялгIаги щайдай хисарал? Гъобаги дир инсул цо хIилла батичIони. Ва дир инсул хIалихьалъи, жинда божун тIад рещтIарав гьоболасе гьабулеб бугеб хиянат! *(Яхъун гордухъа ялагьула).* Вай Аллагь, рикIкIадасан мали бугилан ккола бачIунеб, щаклъи гьечIо. ХIаскъил чIван ватила. *(КIала-гъоркье ккун гIодула. Нахъеги гордухъе уна, вихха-чIваркьун ХIаскъил жаниве вачIуна)*. Вай, ХIаскъил, мун чIваравилан гурищ дун йикIарай?

**ХIаскъил** *(къваридго).* Дун чIван вукIаравани гIемерго лъикI букIинаан. (КIала-гъоркье ккола).

Муслимат. Вай дир эменцин гурищ чIварав? *(КъватIие йортула, нахъюссун ячIуна).* Вай дир дада чIван вуго, амма чияе хоб бухъаралъуве живго ккун вуго. *(ХIаскъил тIаде ворхула).*

**ХIаскъил.** БитIун буго, Муслимат, бухъаралъуве живго ккола, амма дун чIваравани гIемерго бокьилаан. ЦIакъ тохлъизаруна хIалихьатица, лъида жинца туманкI речIчIулеб бугебали мухIканлъи загьир гьабичIого, речIчIун жогун, вахун чодегун лъутун ана. ЛахIзаталъ дур инсудехун вуссиндал, вихьа-тIерхьудаса тIагIана. Огь дун сабаблъун ккун тараб къваригIел гьечIеб жо!

*Пардав къала.*

## ЩУАБИЛЕБ ПАРДАВ

*Пардав рагьараб мехалъ бихьула гьерекIдерил росдаде тIаде балагьараб мегIер. ГъотIода хьолбохъ чIун гъажилде туманкIги рехун, хъалиян бухIулев Шамил.*

**Шамил.** Огь дир язихъаб чIаголъи, чIамучIаб гIумру! Гьале исана 17 сон балеб буго дир вац чияца чIваралдаса, жегиги гьесул къисас босизе щвечIо. Тушман чIвалеван абун, махIги багьанаго гьечIев хьаргабисев чIван ватана. Гьеб сабаблъунги тамихIалде цIана ва Сибиралде витIана. Гьенибги

бихьичIеб къо хутIичIо. КIиго-лъабго нухалъ рокъове лъутана, нахъойги ккун вачун, тIаде соналги журан, довего витIана. Рокъове лъутулаго дида бихьараб гIакъуба Аллагьасдаги дидаги гурони лъаларо. Лъабго моцIгIанаб заманаялъ гIорцIизегIан кваназе херцин щолеб букIинчIо. Вегулеб бусенги харил гIарахъ яги битIараб авлахъ букIана. Чанго нухалъ рохьов гIалхъул хIайваназ сверунги ккун, гъутIбузул тIогьалъ борчIана сордо. РекIун чи гъорлъан ваккулареб муцIидул хьуцIцIилъан цо анкьалъниги вилълъине ккана. Гьениб дида данде чан гIасияб хIайван ва кIал чIегIераб борохь дандчIвараб. Гьанже пикру гьабураб мехалъ рухIалда божи бугеб къо къанагIатги бачIинчIо дитIе. Огь дир гIолохъанлъиялда бихьараб гIакъуба, дир рекIелъ тIегьалел тIугьдул кьалуй руссана, рухIгIан йокьулей гьудул чияца ана. Бащадаб дир гIумру гIалахалда ана, квачгин хинлъи, вакъигин къеч дида бихьичIеб жо хутIичIо. Бащадабги чорхол сахлъи дилъ хутIун гьечIо. Дир лугбал чIунтун руго, дида чIегIераб къо чIун буго. ГьабсагIатги дун кодове щвани, хIукуматалъ тIадеги заманаги цIан, жанив тIамулев чи вуго. Гьале гIасияв хъачагъ гIадин вахчаризе, лъутанхъизе ккун вуго ва гьедин 17 сон унеб буго. КигIан гьоркьоб заман ани щиб, чияца чIварав вац кIочон толев гьечIо. Вацасухъ рецIел босизе щвезегIан дие кванил тIагIам гьечIо, кьижулеб бусадул рахIат гьечIо. Бусада вегун хун вукIаравани гьадигIанго рекIелъ къан букIинароан. Огь питнаялъул гIасилъи, алъ гIадамасе кьолеб бугеб гIакъуба. *(Пандрихъего тункIида килщалги кIутIун, гIисинаб бакъаналда пашманаб кечI ахIула):*

**Эбел-эмен цояв цо вукIарав вац,**
**КIал цIун гулла речIчIун чIварав чияца.**
**Чорхол рухIалдаса дие хирияй,**
**Халилатги кьуна кьал дандиязе.**

**Гъваридал хьуцIцIалги бецIал рохьалги,**
**Дун хьвадичIеб дунял кибго хутIичIо.**
**Чанги къоял ана Ахти-Куралалъ**
**ГIорцIизегIан квине квенцин щвечIого.**

**Сибиралъул рохьалъ сардал рорчIана,**
**ВахIшиял хIайваназ сверухъеги ккун.**
**Лъабго-ункъо нухалъ лъутана рокъой**
**Бидул къисас босзе къечол хIал бергьун.**

**Тушман чIванин абун чIваладай гIайиб,**
**Бидул чIортоялъул чIегIерлъи лъачIез.**
**ХIаскъилий къор гъедал, лъеладай бугьтан,**
**БецIаб питнаялъул лълъарал гьекъечIез.**

**ТIулбикьарав дир вац ракьалда лъедал,**
**РакIалъ толев гьечIо тушман чIвачIого.**
**АнцIила анкьго сон гьоркьоб кканиги,**
**ГIакълуялда цебе ццин кIанцIун буго.**

**ХӀаскъил чӀванин абун бихьизе канлъи**
**Гьабго хъачагълъиги нахъа хӀинкъиги.**
**Къисас босаниги босилеб рахӀат,**
**Рохьалгин нохъазда нахъго ватӀан кквей.**

Огь рекӀел къварилъи! Дида гьаб гӀумру чӀалгӀун бугеб куц! Жакъаги дихъа гьев ворчӀизе ватилароха. Бокьараб бахъа, чӀалгӀана дида гьаб гӀалхул жанаваралъул гӀадаб гӀумру, чӀамучӀлъана дие гьаб рахӀат гьечӀеб дунял. *(Надалда кверги лъун бакьухъ валагьула).* ХӀаскъил вачӀине заман щолеб буго дида бицахъе. *(ГамчӀида нахаъсан валагьула).* Валлагь дов чи ХӀаскъил ватизе ккола, амма гъосда цадахъ ви вихьуларо. ГъодигӀан ялгъузго вачӀине вукӀаравищ гъовали лъаларо. ЧӀая дагьав гӀагарлъизегӀан. Валлагь ХӀаскъил вуго. Гьанже хӀадур чӀезе ккола. Дица гьев гьаб гамчӀида цеве ворчӀизе виччала, цинги хадувги вилълъун, мугъ бакьулъ речӀчӀила. (ГамчӀида нахъа вахчула. Цо дагьаб заманаялдаса ХӀаскъил тӀаде щола. Довехун-гьанивехун валагьулаго, гамчӀида цевехун ворчӀула. ГамчӀидаги базабун Шамилица туманкӀ речӀчӀула. ХӀаскъил аскӀове вачӀуна. Гьесухъ валагьун чӀола, амма ХӀаскъил вагъаруларо). Гьале чӀвана 17 соналъ хадувги лъугьун, дирго цевесев гьалмагъ, некӀсияв гьудул. Щибха, цевесев гьудул, гьабилеб дуца дир вац чӀвана, дуца дир вац чӀвана, дица мунги чӀвана. НагӀана батагийин гӀантаб чӀухӀиялъеги, гӀадалаб хӀамабагьадурлъиялъеги. Огь, дурги дирги букӀараб гьуинаб гьалмагълъи. (КвербацӀцӀалъ магӀу бацӀцӀуна). Полкалде хъулухъ гьабизе унеб къоялъ нилъ кӀиязго гӀагарлъиялъе ва росдал гӀолохъабазе кьун букӀараб щулияб рагӀи кӀиябго тухумалда ва росдада инжитаб цӀар лъолеб жо нилъедасан рагӀиларин. ХӀалихьатал-къадарал чагӀи рукӀун руго нилъ кӀиялго, цӀунизе кӀвечӀо нилъеда цоцазе кьураб рагӀи 17 соналъ хадувги чӀун кӀудияб даражаялде вахинчӀищ жакъа дун. Гьанже нахъе 18 соналъ дида хадуб азул гӀагарлъи чӀела. Дида чӀалгӀана питначилъи, рихана хъачагълъи, дица тана дунго вижараб ватӀан – Дагъистан. Дие гьанже лъикӀаб жо – батӀияб улкаялде гьижра гьаби. ХӀаскъил, дуе къо-мех лъикӀ. *(Шамил уна, хӀамагун ХӀаскъилил нухлул гьалмагъ ГӀумар тӀаде щола).*

**ГӀумар** *(ХӀаскълида тӀаде къулула).* ВахӀ, чӀван вуго ав. (Дове-гьанивехун валагьула). Вай ХӀаскъил, дица дуда чанцӀулго абуна цеве унгеян. Огь, гъарим, гьанже дур хъизамалда гурхӀичӀев лъидаха гурхӀилев. Унго дун цадахъ вукӀагогӀаги ккечӀебани гьаб иш. Гьанже дица гьасул хъизамалда щиб мацӀ бицунеб. (КӀиго нухлулав тӀаде щола).

**Нухлулав.** Ассалам гӀалайкум! Гьаниб лъугьараб щиб? Гьав лъица чӀварав?

**ГӀумар.** ВагӀалайкум салам! Гьав вугоха, гьудулзаби, ХарайчӀиса ГӀабдулагьил вас ХӀаскъил. Гьав чӀварав чиги вуго гьасул гӀолохъанаб заманаялъ вацгӀан божарав гьудул, гьасул росуцояв Магьдил МахӀамадил вас Шамил. Гьазда гьоркьоб питна ккана….

**ТӀоцевесев нухлулав.** ВахӀ, ХӀаскъилищха гьав мискин? Лъала, вац, нижеда гьезда гьоркьоб кканщинаб жо. АнцӀгоялдасаги сон ун батилин ккола гьоболас дие гӀодоб тӀамун гьеб лъугьа-бахъин бицаралдаса. Квешаб хабар хехго тӀибитӀун уна.

**КӀиабилев нухлулав.** Чан сахав гӀолохъанчиха гӀадада холев вугев гьал гӀадалал гӀадатал гӀадахъ росун. Мех щун бугоан квешал гӀадатазда жул бахъизе. МагӀарулал кантӀизе, хехдари, хӀамабагьадурлъи тезе.

*Пардав къала.*

## АНЛЪАБИЛЕБ ПАРДАВ

*Пардав рагьараб мехалъ бихьула ХIаскъилил рукъ. РетIел Чурулел-букъулел ХIаскъилил чIужуги, ясги, яцги. ЦIакъго пашманго, къваридго гIадин тIаде ГIумар вачIуна.*

**ПатIимат** *(йихха-хочун).* Киведай арав ХIаскъил?

**ГIумар.** ХIаскъил нилъедаса ватIалъана. *(Гъел гIодизе лъугьуна).* Шиши-ликI магIарде рахунеб бакIалда, дун хIамаги кваназе тун дагьаб мехалъ свак чучизе гIодов чIана. ХIаскъил жив цевехун инин бигьа гьавунан ана. БитIун гьерекIдерида тIаде балагьараб цо кIудияб гамчIида нахъа чIван ватана. *(Киналго гIодула. Гьезул гIодиялъул гьаркьихъе, щиб ккараб, щиб лъугьарабан росуцоял ракIаризе байбихьула. Лъола магIирукъ. ХIаскъилил чIужу ПатIиматица магIу тIола):*

**Вуссаравищ, ХIаскъил, базаралдаса,**
**Росаралищ, ХIаскъил, ясазе гурдал?**
**БагIарал ратани, чIегIер релъина,**
**ЧIегIерал ратани, жахIалго тела.**
**ЛъаргIи муцIидахъе цIорил аздагьо,**
**Дур цIар къотIанилан тIаде чи щвана.**
**ЦIцIоро сонодулъе чар къвекIаб барти,**
**Чучи мухIканлъана хIалихьатие.**
**БацIилгIан цIодорал берал рукIанин,**
**ХIиллаялъцин гурищ гъоркье рехарав.**
**Валлагь чуриларо чухъидаса би,**
**ЧIаго жужахIалъуй дун реханиги,**
**Рукъиги баларо гулил картIида,**
**ТIасан рачелги къан дица ретIила.**
**БацIида кIалдиса цIигьан бахъулев,**
**Бахъарасул хъумур дур ПатIиматий.**
**ЦIиркъида хIатIикьа гIурччин хер тIолев,**
**Кьурасул садакъа дур ГIайишатий.**
**РацIцIи ккун цееса кверал къотIаяв,**
**Кин гурхIичIев дида кьолбол вас Шамил?**
**Кваранаб михъги ккун бетIер къотIаяв,**
**ХIисаб кин гьабичIеб дир бесдалазул?**
**Лъабго къоялъул нух къалъигIан толеб**
**БагIараб гIаларча чидае кьела,**
**Ярагъ къавулъила, чу хIалакълъила,**
**Щвана тушманасе кIалал гьикъизе.**
**Лъимал язихълъила, рукъ нахъе ккела.**
**Ракъвагиха кверал дуй къор гъурасул.**

ХIаскъилил яс ГIайшатил магIу:

**Бадиса бадиве чидай чучулев,**
**Чаранни вукIинчIо дир эмен ХIаскъил.**

**Чанги заманаялъ жанир ургъарал,**
**Оборал хIиллабаз хIетI ккун батила.**
**Цо бахIарчиясе чилъи бичулев,**
**Шунгъарни гуроан эбелалъул рос,**
**АнцIила анкьабго соналъ къачIараб,**
**Къор букIун батила тулпаралъе гъун.**
**ТуманкI алхунареб херечIедерил бацI,**
**Хведал букъичIого бакъалдаго те.**
**Танчица чи течIеб магIарул тайлан,**
**Те абе гъобаго ганчIида нахъа.**
**ТIасан хIинчI пархани, нахъвуссунев мун,**
**Нахъе тушман щведал, тохлъунищ ккарав.**
**Лъадалъ бугеб чIимхил чIинхъи чIвалев мун,**
**Цагъур гамачIалъищ къосинавурав.**
**Каранзул ракI бихъун дихъе бачIаяв,**
**ДидагIагийищха гурхIел бачIинчIеб.**

ХIаскъилил яц Зубаржатил магIу:

**Дидасан боркьараб кьогIаб питнаялъ,**
**Кьолбода цIа гъезе байбихьун буго.**
**Дий гьабураб зулму дандбецIулаго,**
**Дуниял тун ана таманал  в асал.**
**Жакъа дитIе гIадал къоял рачIани,**
**КъвакIараб кьуруги кьватIун инаан**
**Гьанже дида бугеб къагIида лъани,**
**Къорица ккураб ци гIодун хвелаан.**
**Жакъа диргIан гуреб ракI бохараб къо,**
**ХвейгIан бихьугеги хIалихьатида.**
**Гьанже диде гIадал балагьал камун,**
**Киве вахъаниги хутIугеги мун.**

*Пардав къала.*



КъурбанмухIамад
МУХIАМАДОВ



## ГЬАБ ИНСАНИЯЛЪЕ МИСАЛАЛЪЕ ВИЖАРАВ

**Инхоса ГIалихIажи – шагIир, гIакъил, гIалимчи**
**ГIалам панаяб байрахъ Парнасалда борхарав.**
**БецIал ракIал канлъизе калам гьуинав тIабиб,**
**ТIолабго халкъ урхъарав гIакълу камилав катиб.**

**Кидаго дур цIар рехсон гIорцIуларев шагIир дун,**
**Щваги дур баракатин ракI гьалдолев инсан дун.**
**АнцIила ичIго сонил гIумруялде щвелелде**
**ГIелму дуруслъарав духъ урхъи буссунарев дун.**

**ГIадлу бихханщиназе хитIаб гIемерав гIакъил,**
**Хавлаталда вукIиналъ ракI тIеренлъарав вали.**
**ТIабигIатги гIамалги гIалимзабазул ккурав,**
**ЛъикIабщинаб кинабго каранлъ жаниб цIунарав.**

**ЗахIматал къоялазул къварилъи лъарав пулан,**
**Къоло микьго соналда хIеж борхарав муъминчи.**
**ХIабибасул Равзадухъ ракI инагьдарав илчи,**
**Аварагасул баркат рещтIарав халилуллагь.**

**ГIалихIажи, дуца напс иманалда куцана,**
**Квешлъи-тIекълъиялда тIад тIупун мусруги жемун.**
**Дурго ахикь пажги бан, гьениб хIалхьиги батун,**
**ХIалалаб яшавалда диналъ малъухъе чIана.**

Мун гIакълуялъул ралъад, кIикъо сонил ригьда
Къулун, херлъун вукIанин бицен буго магIарухъ.
Бахьи камилаб гьумер, гьава рекъараб сипат,
БакIаб гIумру баччиялъ гIазаб чIамун свакараб.

Гьаб инсаниятальe мисалалъe вижарав,
Дарслъун хадуб батизе хирияб тарих хъварав.
ЦохIо рагIиялдаса кIиго магIна босизе,
Наслабазе камилал кицаби нахъе тарав.

Мавлидалгун туркабалъ, назмабигун шигIрабалъ
Щибаб калимаялъулъ мухIканлъи загьирлъарав.
Валлагь, урхъула дуда, иманалъул ракI цIурав,
Индиралда вукъарав, БакъигIалда рещтIарав.

Инхоса ГIалихIажи, авар миллаталъул вас,
ВатIангун халкъ хирияв хвел дуе букIинаро.
Чан гIасру свераниги, гIалам бугебгIан мехалъ,
ХутIила мун мисаллъун инсаниятальего.

Жакъа дур дарс босизе, дур гIакълу насиблъизе,
Зияраталъ, дур зонохъ дугIа-алхIам гьабизе,
ВачIун вуго дун духъе КъурбанмухIамад-хIажи,
Дур шапагIат, баракат щвезе анищалъ вачун.

Авараг вихьиялде хьул лъурав Шамил гIадин,
Духъе сапар бухьарав гьале дуда цеве чIун.
Дур шапагIат насиблъун хьул буго нахъвуссине,
Дур баракат рещтIине нигаталъ ккун буго ракI.

## ЧIАГОЯЗЕ РОХЕЛ БУГО БИКЬУЛЕБ

Расул, тIадегIанал цIвабзазда гьоркьоб
ЦIва цIакъго гвангъараб буго дур кунчIун.
Дагъистан, Дагъистан, дуца канлъи кьун
Кибго дунялалда рагIизабуна.

Расул, дур шигIраби щивасул рекIелъ
РекIкIун руго тIаде меседги биччан,
Рогьалил хIанчIазги хIикматал бакънал
Къойил дур кучIдузе рачунел руго.

Дур бегIераб рагIи, гIакъилаб калам
Кидаго къеркьана ритIухълъи цIехон.
ЦIогьабазде данде даим паркъолеб
Пикруги хутIана хвалчен кинигин.

ТIекълъи бачахъизе дур асаразул
Аскараз гъанжеги гъабула гъужум,
ЖахIда-хIусудалъул хIутIал кваналеб
КучIдузулъ батана халкъалда дару.

Расул, дур шигIрабаз дуниялалъул
Халкъазе холареб рокьул кьо лъуна,
Кьалабщинаб какун континентазда
Киналго цолъеян вагIза гъабуна.

ЧIужугIаданалъул берцинлъиялъе
Реццалъе кидаго барахщичIо мун.
Гьелъул талихI баркун хIасратал кучIдул
МахIмудица гIадин ахIана дуца.

Бечедаб хазина халкъалъеги тун,
Ана мун дол дурго къункърабазухъе.
Амма дур кучIдузул канлъун чIораца
ЧIагоязе рохел буго бикьулеб.

## ГЪУНАРАЛЪ ВАХАНА МУН БОРХАЛЪУДЕ

ГьитIинаб росулъа кIудияв шагIир,
Гъунаралъ вахана мун борхалъуде.
МагIарул халкъалъул бергьараб махщел
Рогьалил цIва гIадин кунчIана зодоб.

Хунзахъ районалъул ЛъагIилухъ росу
Лъазабуна дуца Дагъистаналда;
БегIераб къаламгун къаси-къад хIалтIун,
ХIалхьи гьечIеб ракIалъ хинлъиги бикьун.

РукIана поэтал Пушкин, Лермонтов,
ГIалихIажи, ЧIанкIа, ЦIадаса ХIамзат,
ЦIа гIадаб гIищкъудул, къокъаб гIумрудул
Доб ХъахIабросулъа Анасил МахIмуд.

Дунялго хIайранав ХIамзатил Расул,
ХIикмат даимлъарав дов ГIумар Хаям, –
Дарсал киназулго росана дуца,
Парнасалде пегас кьололеб мехалъ.

ГIабасил МахIамад, дур асаразул
Аслу магIарухъа бачIараб буго.
Амма дуца нилъер авар халкъалде
Дунялалъул шигIру гIагар гъабуна.

Мун дида вихьула хьухьазда гъорлъан
Хьул лъейгун баккулеб багIарбакъ гIадин;
Борхатаб кьурда тIад кьурун лълъурдулгун,
ЧIухIун балагьараб бисалда релълъун.

## ДИДА ГЬЕЛ ЛЪИКI ЛЪАЛА, РИХЬАНА ГIЕМЕР

Квана-гьекъолеб жо гьарзалъанагIан,
ГIемерлъула нилъер гьудул-гьалмагълъи.
Нухда данде ккедал кIалъаларелцин
Ратула бищунго божарал  чагIи.

Рогьалил бакъул чIор горда чIвалаго,
НуцIихъ эхетула салам-каламгун,
Сордо рогьинегIан гIодор чIаниги,
Рахъине лъаларо «нилъ хиралъиялъ».

Огь, гьезул пасихIлъи, рагIул гьуинлъи,
Полопги кIалдиб бан нилъ рещцулелъул.
Чохьониб жо ккейгун, ургьиб цIа лъейгун,
РухIги нилъей кьезе хIадур рукIуна.

Дур рокъоб рещтIараб къварилъиялъул
Къо баччулел чагIи цо гьел ратула,
Гьезухъ гIенеккани, бакъ, моцI, цIабиги
Бигьаго гьарила гьез дуе щвезе.

Огь гьезул пудари, гьерсазул кутак,
Батула хIадурун хIажатаб рагIи.
БитIараб батилин щаклъи паркъула,
 Гьезул гьедариги пуй-чIвайги бихьун.

Дида гьел лъикI лъала, рихьана гIемер,
Тогеги Аллагьас гьезда божун чи.
Нилъедаса щолеб пайда гьечIони,
Гьезда нилъ кIочона метералдего.

Огь, пударухъаби – дир «гьудулзаби»,
Нужер хIаял цIакъ лъикI лъалел нилъеда.
ГIумрудул соназул си гIурав дида
СихIирлъи, хIилла-рекIкI дагьаб бихьичIо.

# Проза

**ГIарип РАСУЛОВ**



## АХИРИСЕБ ХIУКМУ

*(къиса)*

### БАЙБИХЬИ

Къад зирхун роцIараб зоб, къасиялде гьалагаб хIапур-чапуралде сверана. ХIинкъаби кьолеб гIадин кьурдизе лъугьана пири, гIинкълъиледухъ кьвагьдана гъугъайги. ЦIодорго галабиги росулаго, сверухълъиялде хIинкъарал бералги рехулаго, кIиго чухъилав азбаралъул сангаралда аскIоре рачIана. Гьаниб букIана Асадулагьил кIитIалаяб мина. Цойги нухалъ сверухъ инсан вихьулищалиги валагьун, цеве вукIарас чвантил телефоналъ ахIана:

– Ле, Асадулагь, чара гьечIого дуда дандбазе жо буго, рагъиде щай вахъунарев?

Цо лахIзаталдасан минаялъул гъоркьа тIалаялда нуцIил къири бахъана. Гьеб параялъго, гъугъаялда данде ккезабун, цояс автоматалъ, хадув вачIунес танчица кьвагьана. Асадулагь нуцIил кIалтIа шапун ана. КIиясго ярагъ азбаралъубе хьуризабуна. Цинги гьал, сардил цIогьал кинигин, къунш-къуншиялда бецIаб къотIнорехун тIерхьун ана.

Нахъисеб къоялъ радалго чIварав Асадулагьил азбаралде ракIарун рукIана гьеб рахIму-цIоб гьечIеб ругьел щварал райцентралъул гIадамал. Гьел нахъе къазарулел ругоан полициялъулалги.

– Абураб жого босуларел кинал гIадамал нуж, – абун мех-мехалъ дандельаразде борхатаб гьаркьидалъун ахIдолев рагIулаан районалъул полициялъул бетIер майор ТIагьиров. – Я гьарималха, цIех-рех гьаблузе квал-квалги гьабичIого, нуж азбаралъуса къватIире ая!

ГIадамал цин гIенеккун чIана, цинги гьаругьинан каву тун къватIирехун ине журана. Гьел нахъ-нахъруссун, цойги бихьичIого хутIараб жо бугодаян ралагьулел рукIана.

Чамгояв гулла щвараб къедаса гьел рахъулел рукIана. ТIагьировас прокурорасе киналъулго баян кьезе хIаркат бахъулеб букIана. амма гьесдаги дагьаб гурони къаси ккаралъул хIасил лъалеб букIинчIо.

– Гьав Асадулагь живго цохIойищ вукIарав? Лъади-лъимал рукIинчIищ рокъор? – абун, гIодовиччан, цIехолдулев вукIана районалъул прокурор.

– Гьел сон шагьаралде ун рагIула, – ян абуна майорас.

– Гьел хIалихьатал бидулаз кинабго хIисабалде босун букIун бугеб куцха. Гьев кIваркьун ТIагьировасухъ бугеб автоматалъухъ валагьана. – Гьелдаса экспертаз дол чIвадарухъабазул килщазул расенал росичIого дуца квер хъвазе бегьулароан.

– Къасисеб цIадалъ киналго лъалкIал чурун ратила, – ян майорас ракIчIун жиндирго пикру рагьана гьесие ва автомат гьесухъе кьуна.

– Следствиялъул комитеталъул ункъоялги командировкаялъ ун руго, нужеца кинабго букIине кколеб къагIидаялъ гьабе. Чам чи вугев дур угрозыскаялда хIалтIулев?

– КIигояв гурони гьечIо, – ян абун, рази гьечIого гъванщаги хъасулаго, рагъидехун вуссана майор. – Цояв жигарав, иш бажарулев хIалтIухъан вуго. Цоявин абуни бащадаб лъагIелалъ гурони хIалтIичIев гIолилав вуго.

Кверги босун прокурорас ине галаби росана.

– Щибаб цIияб баян дида лъазабизе телефоналъ ахIе.

– ЛъикI буго, гьалмагъ прокурор.

– Дело рагьиялъул гъулбасги дицаго гьабила, – илан прокурорас хабар лъугIизабуна.

Азбар тезегIан майорас прокурор нуха регIана. КIиясего гьаб лъугьа-бахъин букIана рекIелъ къараб ханжаргIан бегIераб, хъулухъалъул нухде бараб хъарахъгIан рахIатхвараб. Гьадинаб иш районалда цебехун киданиги ккун букIинчIо.

Прокурорасул гIала-гъважа жаниб багъулеб ботIрода лъазе кIолеб букIинчIо лъица Асадулагьиде квер борхарабали. ГIадамазда гьоркьоб гьесул цIар тIибитIун букIана «гIакъилав диванчийин»  абун.

Прокурор нуха регIаравго майор нахъвуссана. Гьасда вихьана данде вачIунев Лабазан.

– Гьалмагъ майор, лъабго гулла къадалъа бикIизе кIванаха, – ян гулби ругеб хъат ТIагьировасда цебе ккуна гьес. – Дида ккола гьел батIи-батIияб яргъил гулби ругилан.

– Лабазан, гьанив хъаравуллъуда цо полициялъулавги те. Гьал тохтурзабазул машинаялъ больницаялде экспертизаялъе жаназа битIизе кумекги гьабун, сагIаталдасан дир доре кабинеталде киналго данделъизе нилъерго хIалтIухъабазда лъазеги гьабе. Дун нужехъ валагьун чIела.

Полициялъул начальникасул кабинеталда данд балеб букIана кин рагьилеб гьаб такъсиралъул кIул гьечIеб нуцIа…

Надалдаса бечIараб гIетIги бацIцIунаго къватIире лъугьунел рукIана полициялъул хIалтIухъаби.

– Лабазан, мун дагьалъ лъалхъея, – абун буюрухъалъул гьаркьидалъун сержант чIезавуна. Цинги киналго къватIире ун хадуб ТIагьировас, аскIовеги вачIун, хIеренго гьасул гъежда квер лъуна. ЦIахIилал бералги гьасда речIчIизарун, полициялъул бетIерас гIодоцараб гьаракьалъ гьасда абуна: – Дир дуе цо хассаб тIадкъай буго. БичIчIулищ… – рокъоб бакIаб сихIкъотIи лъугьана. – Мун, Лабазан, гьаб такъсиралъул пикраби гьаре, ургъун вихье, киналъулго рагIа-ракьанде вакке. Гьанже а…

## ГIИЯЛКЪАВУДА

Рогьалил гIуж. ХъахIаб накIкIул юргъаналда гъоркь кьижараб Шомели росу макьидаса бигьунеб бугоан. ГIачи-бачазул бакъназда тIад ханлъи гьабулеб гIадин рагIула Халидица шавкъалда пулеб швантIихалъул гьаракь. Гьеб цин росдаде балагьараб кьурда багъун ва дандерижилъун нахъбуссун сверухълъиялдаго тIибитIун унеб бугоан. Сордоги рокъоб бан кIиявго вац ГIамирги Халидги гIиял къавуде унел ругоан. Каникулазул заманги букIун, дагьабниги жидерго рукъалъе кумек букIинеян жамагIаталъул гIияде хьвадулел рукIана гьел. Чернобылалдаса вуссун заман бахъилалдего хварав инсул пенсиялде тIаде гIияда хадур ун щвараб гIарацги гьазие кумекалъе чIолаан. КIиго километралъниги эхеде раялъ мегIералъул кIал гIадин бугеб, кьурул сирталъ цIунараб нохъода букIана гьазул гIиялкъай.

ГIамирица рахай ричIана ва вацасда абуна:

– Мун хIисабалъе цIакъав вугелъул, бетIер камичIого бугищали рехьен рикIкIине лъугьа.

– Гьеб нилъеца СалихIица жергъен гIадин, яги Халидица швантIих гIадин, рекъезабиларищха, – ян велъанхъана Халид.

ГIиязул рехьен, гъадилаго, гьитIинабго авлахъалдехун гIедегIана. КIиябго гьой хIапдолаго гIияда хадур ана. ГIухьбузул тIилалги росун, гIумруялъул хIалбихьи щварал гIухьбуца кинигин, къиматалда гьелги гIунтIун вацал гьаругьинан хадур рилълъана. Радалго чIамучIлъи тIаса босизейин Халидица чвантиниса бахъана телефон ва бакъназухъ гIенеккизе лъугьана. ХIалуцун, хIасрат бергьун, шавкъалда цIалулеб кочIол мухъазухъ гIенеккана кIиявго:

> **ТIаде рахъа умумул,**
> **АхIи балел руго ниж.**
> **ЧIагояз тIубаларел**
> **ТIалабал гIемер ругин.**
> **Иман гьечIеб халкъ бугин,**
> **Хабар гьечIеб гIел бугин,**
> **ГIабдалас хадуб бачун,**
> **Халкъ кьурсан унеб бугин.**
> **Сахал чагIи чIван ругин,**
> **ЧIандачагIи тун ругин,**
> **Тураб жо бацIцIун чIолел**
> **БахIарзал гIадин ругин…**

– АхIулеб кечI гьечIищ дур гьелда хъван? Валагьун вихьея. Гьадинги кьерхараб дуниял кьочIолъе баккизегIан буччинабичIого те, – абун махсарадего гIадин рехана ГIамирица. Халид сихIирго гьесухъ валагьун хутIана. РоцIараб, борхатаб гьаркьидалъун харибакIалда йигей ецарухъаналъ кинигин ахIулеб кочIоде тIаде ккана. Халид гъоркьанго кIудияв вацасухъ валагьана.

– Гьаб бегьулищ дуе? – илан гьимана гьев.

– Гьебги бегьила.

Гьедин махсара-хочIалда майданги нахъа тун гьал щвана мугIрул лабаллъиялде. Хуриб хьалеб хьон кинигин рихха-ричун ана гIиял рехьен. КIиявго гIодов чIана ва хьатиниб лъураб гIадин гьазда цебе чIана гIор бахун добехун

бугеб кIудияб росу. ГIадамазул рагъа-рачари, гьезул данде ракIари, жигарчилъи цоги къояздасан цIикIкIараб бугоан жакъа.

– Щиб букIаниги ккун батизе буго доба, – илан ГIамирица рахъун рачIана жиндирго чвантиниса камуларел дурнаби. Гьелги беразда чIван тIадеги жубана: – Валлагь цо хIапу-чапур бугилан ккола.

– Ворея, гьеб лъугIилалде дихъеги валагьизе кьея.

Вацасухъа гьелги росун Халид росулъехун валагьана. Гьасда якъинго рихьулел рукIана руччабазулги бихьиназулги рахIатхвараб, жигараб хьвада-чIвади.

– Ле ГIамир, гъоба рагъул гIаламат бихьулеб буго дида…

– Щиб, гьел ратIа гьаризе ине къасдцин гурищ дур бугеб?

– ГIиязул тIалаб дуца тIаде босани… – илан абуна вацасда гьес велъулаго.

– Дозул ургъел гьабиялдаса цересел нилъер гьанир руго, – ян абуна мегIералъул габурлъиялде рахунел чамго чахъу бихьарав гьас.

Халидица дурнаби вацасухъе рехана ва тIилица «тIаде бахъа» – ян Аргъуталдаги абун, гьавугьинан эхедехун ана. Гьасдаса цебе гьелана гьойги.

КIудияв вац хаслихъе армиялде ине хIадурлъулев вукIана. Лъадиги доваса нахъвуссинчIого ячинарин чIун вукIана гьев. Эбелалъги гIагарлъиялъги гIемер гьарулеб букIана гьасда ригьин гьабейин, дагьабниги пайда нусалъул рукъалъеги букIинин абун. Амма ГIамир гьелда разилъичIо. Гьанже гьитIинасул школалъул каникулал ругелъул, кIиясго тIаде босун букIана росдал вехьлъи. Армиялдаса хадуб росдал магIишаталъул Академиялде цIализе лъугьинеги бигьалъила. Гьуинал пикрабаз керен цIурав ГIамирица гъваридго угьун биччана. Мех-мехалъ гьасул каранлъ бухъардулаан, эмен нахъе вукIаравани, гьадин ятимго жал хутIилароанин абун. Рес бугезул гIумру бихьидал, гьитIинабго букIаниги жахIдаялъул цIадуца бухIизабулаан ракI. ГIамир вукIана рокъов киналъулго тIалаб-агъаз гьабулев, гьавудулев гIолохъанго гIакълу-лъай босарав вас. Гьасда гьикъичIого я эбелалъ, яги вацас щибниги гьабулароан. Гьасул рагIухъ гIенеккизе, мутIигIлъизе хIадурав вукIана Халид. Махсара-хочI гIемер гьабуниги, кIудиясул каламалдаса кьуруларoан гьав. Гьединавлъун гьитIинав васги гIолев вукIиналдаса йохун, хIатта чIухIунцин йикIунаан Жарият.

КватIичIого вацасул тIадкъайги тIубан вачIана Халид.

– Аргъут кибе араб?

– Цин ругьунлъидал дол чIоларелъул, дица «вагIзаги гьабун», рехъен сверун хьвадейилан доба тана, – илан вацасда аскIов гIурдада гIодов чIана гьавги.

ЧехьатIаде гIурдатIа вегарав Халид, гIиндаса телефонги бичIизабун кIваркьун зодихъе валагьана. Сабруяб къадруялда тIавап гьабулеб бугоан къвекIаб цIум. Гьасда лъалеб букIана цIудул хасият, чанида хадуб хал кколелъул гьелъул гIамал хисулеб куц.

– ГIамир, зодихъе валагьея!

– Щиб, цIадае хIадурулебищ бугеб? – ян абуна ГIамирица.

– Валлагь, вац, цо гъачагъаб гIамалалда боржанхъулеб бугоха доб, – ан гьасда циндаго ракIалда кIанцIун бачIана маялъ гьабураб загIипаб кьегIер рехъалъ букIин.

– Ана бехъерхъун, – илан ахIун абуна ГIамирица.

– Щиб араб? – абун рахIатхун заназдана Халид.

– Ма, мунго валагье, – ян кIудияс гьасда цере ккуна дурнаби. Хапун гьелги росун гьав валагьана рикIкIалъун унеб цIудухъ.

– ГIанкIие ахират, цIудуе бертин, – илан угьунги биччан абуна гьитIинас.

Гьайбатаб кунчIи букIунаан Халидил бадиб. Балагьаразда кколаан гьесул лага-черх канлъул чIораз хьухьараб бугин ва даимго гьесдасан кунчIиялъул гугьар сверухълъиялдаго тIибитIун, гьелъ цойгидазеги рохел бикьулеб бугин. Киданиги гьасул рекIелъ рещтIунеб букIун батиларо пашманлъиялъул асар.

## ГЬУИНАЛ ЛАХIЗАТАЛ, НУЖ ИНЕ ГIЕДЕГIУГЕ

Районалъул диванчи чIвай рагьиялде росулел галаби цIакъго пайда гьечIел рукIана. Шагьаралдаса кумекалъе ритIун рачIараздаги сундасан байбихьун, кин рагьилеб такъсирали лъалеб букIинчIо. Бищун кIудияб захIмалъи букIана гьазие гьаниб мугIрузул росабалъ гIадамазда гьоркьор ругел бухьенал лъазе кIунгутIи. Кодобе щолеб букIинчIо хьат базе хIужа.

ТIоцебесеб иргаялда следователал тIаделъун рукIана ахираб соналда. Асадулаца гьарурал диваналъул хIукмабазде. Гьенисанги кантIизариялъул кумек щвелародайилан. КигIан загIипаб букIаниги цIех-рехалъулал хIадур рукIана хIужаялъулъ хъишардизе. КIиявго следователь хIалбихьи бугел рукIаниги, гьаб лъугьа-бахъиналъул балъголъи щулаго бахчун бугин гьаздасайин кколеб букIана.

Салам-каламгун тIаде лъугьун вачIана районалъул прокурор Нури. Гьесул вагьа-вачариялдасаго бихьулеб букIана разигьечIолъи. Цин гьев лъалхъун хутIана ва иргадал кIиявго следователасухъ валагьана. Щиб-кинан гьикъидал, гьезул жаваб добго букIана.

– Щибниги хьат базе бакI батулеб гьечIо, лъалкIалъул рагIадцин тIагIун буго, гьалмагъ прокурор, – абун чIванкъотIун гьасда цебе лъуна гьез дело.

– Такъсиралъул лъалкI тIубанго тIагIине рес букIунаро. Гьелда гъорлъе лъугьине ккола, гьеб асир гьабизе махщелги къваригIуна, – илан жиндирго гIумрудул соназул борхалъудасанги валагьун абуна гьес.

Нури гIедегIинчIого нуцIихьан тIерхьун ана.

– ЦIакъ лъикIав чи вуго гьав Нури, – илан абуна гьитIинас цIех–рехалъул кIудиясдехун.

– ГIемерал соназул хIалбихьи бугев прокурорилан бицун букIана дие шагьаралдаго.

ТIагьиров щибаб къоялъ гIадин телефоналдасан бетIерлъуда ругезда кумекилан гьардолев вукIунаан. Гьезулги рагIи кьарияб букIана ишалъе кьолеб жо бихьулароан. Иргадулаб дандчIваялда майорас Лабазанида бичIчIизабуна гьасул къисматалъул кIулал тIубан жиндихъ рукIин. Жинца малъараб кинабго рагIа-ракьанде щун тIубазабунани, гьесул гIумру-иш цIакъ лъикI ине букIин, талихIалъулъ лъедезе живгоги вукIин. Лабазанида якъинго бичIчIана гьеб киналъулъго жиндир ясалъул цадахъаб гIумру сайигъат гьабулеб букIин. Гьоркьосанго гьасул рекIелъе кIанцIун бачIана васвасдиялъул гIаламат: «Унго гьадин учузго дун восизе къасдай гьасул бугеб? Кин букIаниги гьелдехун дир бугеб рокьиялъухъ кинабго кьезе бегьила».

– КIикъоялда анкьго сониде ваханиги майорасул погоналгун хутIун вуго дун. Дидаса гIолохъаналги полковникаллъун хьвадулел руго, – илан майор цере ругел кагътазда квалквадана. Столалъул дандбитIараб рахъалда гIодов чIарав Лабазаниде бералги рехун, гьес тIадеги жубана: – Гьаб такъсир нилъеда рагьизе кIванани, дуеги сайигъат дир погоназеги сайигъат букIинаан… Ургъе, нухал ралагье, такъсир рагьиялде галаби росе, гьеле жакъа нилъеда цебе чIараб бетIераб масъала. Гьанже следователасухъе вакке, хIажатаб жо бугищали цIехе… Гьеб цIех-рехалъулъ цебесеб бакIалда вукIине ккола мун.

Рохалил цIураб керенгун ТIагьировасухъа къватIиве вачIана разияб гьумералъул Лабазан. Ясалъул инсул инкар гьечIольи бичIчIарав гьасулъ, ххенолеб гьобо кинигин, ахIдолеб бугин кколаан жаниб ракI: «Гьуинал лахIзатал, нуж дихъа паркъун унге! Нужгун лъикI буго дие!»

РакIчIун галабиги росулаго, гьас такъсиралъул цIех-рехалъулазухъе нух босана.

Нухда унаго гьасда аскIоб чIана машина. НуцIихъан къватIивеги ваккун, гьасда лъаларев чияс гьикъана:

– Гьаниб прокуратураялъул мина киб бугеб?

Лабазан чIваркьун гьесухъ валагьун хутIана. «Гьав киса–щивали лъаларев чиясе прокуратура щай хIажалъараб?»

– Прокурор дида администрациялъул довехун унев вихьана. Цоги кумек къваригIанани, мунго щивалиги бицун таниги бокьилаан.

– Дун шагьаралдаса гьанивеги полициялдеги вачIунев чи вуго, – ян берзукь гьав вихьичIого, хъахIлъараб бетIерги хъатица лъухьулаго, чIухIадго гIадин жаваб гьабуна гьас. Лабазан рекIеда ватана, гьасда рагIун букIана цIех-рехалъул комитеталъул хасал тIадкъаязул следователь вачIине кколилан. Гьасул куц-бегIги гьединав чиясда релълъараб бихьула. Нагагьлъун гьев ватизе гурилан Лабазан машинаялда аскIове вачIана.

– Дун вуго угроялъул инспектор Лабазан Гереев.

– ЦIакъ лъикI, цIакъ лъикI.

– Гьадаб минаялъур хIалтIулел руго кIиявго шагьаралъул следователь, – абун Лабазаница квер битIана нухдаса хьибилалдехун бугеб кIитIалаяб минаялде, – дунги дове унев вуго.

Сапаралъ вачIарав кIохIалго машинаялъуса къватIиве лъугьана. Циндаго квер бегьун шоферас кьураб щурунтIагьурги килщал кIутIун битIизабун тIадги лъун, машина доб минаялда цебе бачейилан жанив вугесдаги абун, кIиялго дорехун ралагьун ана. Нухда гьоболас рагьана щив чи живали. Рагъида цеве вугев полициялъул хьаравулас Лабазанида цадахъ вугесда суалалъул берал речIчIизарулел рукIана. Гьеб параялъго нилъехъе вачIарав хIурматияв гьобол вугилан лъазабуна Лабазаница.

– ГIабасхан, нухдасанго ахIизе кколаан дуца. ХIурматияв гьоболасда дандчIвазе ниж кидаго хIадурал руго, – илангьасдехунги абун, Лабазаница нуцIа рагьана. КIиялго рокъор рукIарал следователал нуцIидехун руссана. Лабазанил салам-каламги буссинабун гьал кIваркьун дорехун ралагьун хутIана. НуцIихъе ваккун вачIана гьазул нухмалъулев подполковник ГIабасхан. Гьел гIедегIун хIакимасде данде ана ва кверал росана.

– Гьа, кинха нуж ругел, игитал? Дидани ккола нужеца такъсирчагIи ккун ратилилан, – абун махсараги гьабулаго, столалда нахъа гIодов чIезе вачIана гьев.

– Валлагь, ГІабасхан ГІалиевич, цІакъ кІудияб масъала цебе лъураб такъсир бугоан гьаб, – илан нечадго бетІерги хъарсулаго, гІодове виччан хІакимасе кинабго рагьизе жувана капитан.

– ХІакъикъаталда нужеда лъалеб жо рагІулаха диванчи чІвазе кІигояв вачІун вукІин, жиндирго нуцІил кІалтІа гьев чІван вукІин… ЧІая, доб яргъил экспертиза гьабичІебищ? – ан махражалда жиндиего кинигин хІисаб гьабулев вукІана подполковник.

– Полициялъул бетІерас абуна, къаси тІупан тІураб цІадги байдал, такъсирчагІазул яргъида рукІарал кверазул расеналги лъеца чурун ратулин ва гьелъ нилъее кинабгІаги пайдаги кьоларин, – ян абун хІакимасе мухІканго кинабго рагьана капитанас.

– Дица гьанив вугев прокурорасдаги данд бала, полициялъулалги киналго хІаракаталда хІалтІизаризе къваригІун руго. ЦІакъ хашго хІалтІулев вугин ккола дида гьав угрозыскиялъулавги… ЦІар щибилая дуда кколеб?

– Дида Лабазнилан абула.

– РагІи – бадибе, тІил – мугъзаде, – илан абула магІарухъ. Дуда квеш бихьуге, Лабазан, гьеб бадибчІвай гьабунилан, амма хІисабалде босе…

Гьеб лахІзаталъго жаниве лъугьун вачІана прокурорги полициялъул бетІерги.

– Гьав ГІабасшагь лъица ахІун вачІарав гьаниве? – ян гІатІидго велъанхъулаго борхараб гьаракьалъ абуна Нурица.

– Гьоболлъухъ дунги ахІун гъоркьанго лъутулев чийищ вукІунев саламатав прокурор, – ан гьасда данде вахъана подполковник. Киназдаго бихьулеб букІана кІиясулго бугеб рекІелаб гІагарлъи, гІемерал соназ цадахъ бачараб гьудуллъи букІин. Гьеб хІикмалъизе ккараб жоги гуро. Щуго соналъ кІиявго цадахъ цІалана юристазул институталда, кІиявго цадахъ дипломалгун хІалтІизе ритІана жидерго ватІаналде – Дагъистаналде.

## РОКЬИГИ МАКРУГИ ЦОХІОГО ЧОРХОЛЪ

Лабазан, гІедерго галабиги росулаго, полициялъул минаялъул кІиабилеб тІалаялде вахана. ЦІогьорас кинигин сверухълъиялъул халги гьабун, хІакимасул кабинеталъул жанахІрокъове лъугьана. Инсуца жиндирго секретарьлъун гьаюн йикІана Динара. Лабазан вихьаравго ишалъул тІалабазда йигей гьелъул гьумер кунчІун бачІана.

– Эмен вугищ гьанив?

– ГьечІо. Прокуратураялде ахІун ана.

– ЦІакъаб киноги бачІун рагІула, къаси гьелде рилълъинарищ?

– Ургъизе ккелаха… Загс букІаниги, жеги бертин гьабун гьечІелъул нилъеца… Цадахъ халлъани гІадамазул мацІаз чІваларищ нилъ?

– ГІадамазул харбал – хухазул рехъада релълъуна. Гьезде дуца кІвар кьунагІан гІемерлъула.

– Кин букІаниги, дагьаб цІуна-къай гьабизе ккеларищ. Инсуцани гьел маргьабазухъ гІин баларо.

– Ццидалал руго гІадамал, ламартлъулел руго гьезул хасияталʼ, – ан гордухъанги валагьун гъванша хъасана Лабазаница. Гьеб параялъ, дваргъан нуцІаги рагьун, жаниве вачІана майор. Лабазан ретІелги битІа-бищизабун магІ гІадин къамартІго эхетун чІана. ТІагьировасул салам-каламалъе жавабги гьабун, хадубги щибдай гьес абилаян гІенеккун чІана.

– ЛъикІ ккана мун гьанив вати. Мун дие къваригІун вуго, – янги абун, Динарада цере кодор рукІарал кагътал лъуна. – Журналалде росун гьазул хъвай-хъвагІай гьабе. ТІаде щивниги виччаге!

ТIагьировас жиндирго кабинеталъул нуцIа рагьана, кIиявго жанире тIерхьун ана.

– Кинабго лъикI букIине буго, Лабазан. Амма ккаралъубги ккечIелъубги кIал чвархъезабизе бегьуларо. Гьелда мугьруги чIван гIенеккун чIезе ккола, – ян гIедегIун гьасдехун рехана майорас. – Дуца цо рагIи абуралъуб анцIго тIад лъезе хIадураб жамагIат буго гьаниб. Дурго гьунар гьезда цебе лъезе хехдаруге. Инсан жакъасеб къоялъ гIорцIизе ккола. Хадуб я гIанкIу хвела, я хоно бекила. Гьаб дуниял цо хIалалда букIунаро. Сонисев рохъохъирщасул жакъа бахIарчи гьавула, жакъасев бахIарчиясда тIад къоно чIвала… Макру-сихIруги гIунани, гIакъиллъиги бергьани, дуда цебе гIатIидго алжаналъул ахикье каву рагьизе буго. БичIчIулищ? Анищаз борхалъуде вахинавула чи, ишалъин абуни жеги тIадегIан ворхизавула гьев…

– Дида кинабго бичIчIула, гьалмагъ майор, – илан абуна Лабазаница.

– Дуца кинабго дица малъараб босанин ккола. Гьа, кьолой дурго таваккалаъул хIаракатаб озденгалъур хIатIалги лъе, мунги иш тIубазабизе къасиго къватIиве вахъа. Дуе кумекалъе цо гIолилав полицаявги кьолев вуго дица.

– Кинабго бичIчIана. Щибниги лъиданиги лъазеги гьечIо. Гьелда мун божа.

Кверги босун майорас Лабазан къватIиве виччана ва гьесда хадувго гIадин живгоги ине хIадурлъана. Жиндицаго гьарурал гьуинал къасдаз къвал бана ТIагьировасда.

– Динара, жакъаги нилъее хIохь бахъизе заман щвечIо, – абун гьимулаго абуна Лабазаница.

– Щай? Щиб ккараб? – абун пирхун ячIана гьай.

– Инсуца цо балъгояб жавабчилъи кIудияб тIадкъай кьуна дие, – илан жиндирго рекIел чIухIиги къватIибе чIехьолаго абуна гьес.

– Дие рагьизе бегьуларищ гьеб?

– Инсудаги дидаги гурони гьеб лъазе бегьуларо. Гьединлъидал къаси дунги Исламги хъаравуллъуде тIамун ругилан къуркьи гьечIеб гьаркьидалъун жаваб гьабуна Лабазаница. Балъголъи лъазе хIаракаталда йикIарай гьай инсул тIадкъай батидал гIенеккун чIана. Пикраби рихарай гьай кагътазда квалквадизе лъугьана.

– Дуда ургъел ккоге, хIинкъи бугеб тIадкъай гуро гьеб. Амма дур Лабазанил багьадурлъиялъул цIар пирилъун тIибитIизе бегьула, – абун кенчIолел beралги ххенезарулаго, гьес кIиябго квер Динарал гъуждузда лъуна. Гьасул чорхол хинлъи бидурихьазулъ щущан анин ккана гьелда.

– Дун хIадурлъизе ана.

– Нух битIаги, мугIрузул бис, – ян абуна кIалтIе яхъун ячIарай ясалъ.

РухIдалго гьесда хадуй ялагьун хутIарай Динарал ботIролъ рекерахъдулел рукIана гьуинал анищал. «Гьайбатаб лагаги буго досул, узданаб рилълъинги, рекIелъе бортулеб каламги – кинабго дида данде ккараб бугин ккола». Угьунги биччан, хIайранал бералги къапезарулаго гьай столалъухъ ялагьана. Амма рес щиб хIалтIи рагIалде бахъинабизе ккколелъул. «Нижедеги бачIинеб батила сундулниги ургъел гьечIеб, гьаваялдасан роржанхъулеб бечедал къасдаз куркьбал гъураб заман». Динарал пикраби рикIкIаде роржун ун, гьай хIалтIуде юссине толей йикIинчIо. Гьалъ жигарго столалъул хъурщи цебе цIана ва Лабазаница бачIараб шоколад-конфет ругьунаб махщалида жемараб кагътидаса бичIизеги гьабун, кIалдибе балагьизабуна.

## САРДИЛ БАЛЪГОЛЪИ

Риидалил бакъ цебего тIерхьана. Сардица жиндирго чIегIераб кIаз дунялалда тIаде цIалеб букIана. Заман анагIан гIемерлъун зодихъ кенчIезе лъугьана цIваби. Сверухълъиялда мугIрузул курмузда яги авлахъалда ругел росабазул канлъаби кенчIерабийин кколаан.

Гьеб киналъулго берцинлъиялдаса лазатги босулаго ГIамирги Халдиги магIардаса гъоркье рачIунел рукIана. Цин хъархъаздехун бекерун, цин цебе кIанцIун, цин нахъа хутIун, гогьдарилаго гьазда сверухъ лъугьун бачIунеб букIана Аргъут.

Сухъмахъалъул рагIалда ругел хъархъазулъа чIиргъи-хъуялда канлъи гьечIеб бецIлъукье роржун ана мокъокъал.

– ГIамир, нилъер кIодоца бицунеб рагIун букIана дида, сапаралъ вугесул хIатIазда цебеса мокъокъ боржун ани нух битIуларин абун.

– Лъаларо. Гьеб руччабаз ургъараб маргьа батизеги бегьула.

– БитIараб батаниги нилъ сапаралда гьечIелъулха.

Циндаго накIкIаз бацизе байбихьана роцIараб зоб. РикIкIадасанго рагIизе лъугьана гъугъаялъул гьаркьал. Дагь-дагьккун цIикIкIунеб букIана пиридул гIалхулаб кьурдиги. КIохIалго щенезе лъугьана цIад. ГIамирицаги Халидицаги гIухьбузул тIилазде къуватги биччалаго галаби гIедер гьаруна. Гьаз хIаракат бахъулеб букIана дунялалъул тIубанго лахIту лъугьинелде росулъе гIагарлъизе.

ЦIодорго галабиги росулаго, гьебго сухъмахъалъ магIардехун вачIунев вукIана кIиго полициялъулав, гъежтIа автоматги дализабун, гIисинал гургинал бераз сверухълъиялда чIухь балев Лабазан ва гьесул хъулухъцояв Ислам. Пириялъул канлъукье, церетIамиял кинигин, гьазда бихьана кIигоязул рагIад. Лабазаница автомат гъеждаса бахъана ва Ислам лъалхъизавуна. Автомат тIасиялде бахинабуна ва хIадурун чIана. Щибниги лъалареб кIиябго рагIад жигаралда гьазда данде бачIунеб букIана.

– Лабазан, гьадал росдал гIухьби руго. Дида лъала дол, – ан гьалмагъасдехун щурана Исламица.

– ГIемер жо лъалеб бихьула дуда, – янги абун Лабазаница автоматалъул гулбузул цIад базабуна кIиясдего.

– Дуца гьабураб щиб, Лабазан? – ан лъугьана Ислам. Гьаругьинан кIиявго церехун ана. КIиявго чIван вугоан. Гьой тIагIун батана.

– Дица абичIищ дуда, Лабазан, росдал гIухьби ругин гьалин…

– Мун мекъи вуго, гьал руго «рохьил вацал».

– Дуца бицунеб щиб? Дида ракIчIун лъала гьал Шомели росулъа гIухьби рукIин.

– Дуца калам дагьаб къокъ гьабе. Дудаго лъалареб жоги бицинчIого вуцIцIун чIа, – янги абулаго Лабазаница гьесдаса балъго чвантиниса бахъун бачIана таманча. Цо лахIзаталъ, лъалхъичIого гьас кIиго нухалъ Исламида речIчIана.

– Огь!.. ХIалихьатав угъращ… – ян къерщолел цабигун бидухъ гIащикъаб жанавар кинигин, жеги кьвагьдезе гъираялда вукIана гьев.

Лабазанил къасдалъ, шавкъалъ тIалаб гьабулеб букIана тIадеги цойги би. Гьес кодоб букIараб таманча мухIканго квербацIцIалъ бацIцIана ва чIварав ГIамирил хъатиниб къазабуна.

Лабазанил ботIролъ паркъана цоги батIияв чи балъго жиндихъ валагьун вугилан абураб пикру. Ццидалго чIандерабиги данде къан, гьас автоматалъул къокъабго ирга бичана тIаса нухлул хъархъазулъе. Довехунги валагьун

лъалхъана. СихIкъотIиялъ гьав гIодове виччазавуна. ГIедегIун галабиги росун райцентр бихьулеб сверухъе вачIана.

СанагIатаб бакIги балагьун гьав гIурдатIа гIодов чIана. КIохIалго чвантиниса телефон къватIибе бахъана ва майорасухъе ахIана:

– Алло! Лабазан вуго. Кинабго ургъараб къагIидаялъ тIубазабуна. Дун нужехъ валагьун вуго.

– ГьабагIат ниж тIаде щвела, – янги абун майорасул калам гьоркьоб къотIана. Лабазница телефон нахъе къана ва рахIатхвеялъ хехдаризарурал берал доб щаклъи ккараб хъархъаздехун речIчIизаруна. «ВахI, дун гIантлъулевдай вугев… гъветI-хералъул рагIадалцин гIадамазул сипаталлъун рихьизе…» Гьав дагьалъ гIодове виччана.

Гьасда цебе чIана туснахъал цIунулеб аскаралда хъулухъ гьабулеб ихдалил гIуж. Лагералда рахIатхвеялъул ахIи-хIур бахъин. Лъабго жанив тIамурав лъутизе къачIалаго сигналалъул звангъи рагIи. Буюрухъ тIаде щвелелде хъаравуллъуда вугев Лабазанида рихьана гьел. Хабар тун гьас гуллица росана лъабавго. Гьеб букIана гьас инсанасул тIоцебесеб гIодобе тIураб би. Гьелдаса нахъе чамго батIияб тунка-гIусиялда, чIвадариялда гьоркьове ккун вукIана гьав. Ва дагь-дагьккун бидуласул къолден рекIеда тIад ретIана. Гьав ругьунлъун ана, намусалъулгун рекъелги биххун, инсанасде квер борхизе. Амма кинго ругьунлъулев вукIинчIо щибаб нухалъ гъаргъар балеб хIинкъиялдаса ватIалъизе. Гьелъ вукIунаан гьав церетIамиял рихьун, сверухълъиялъул хал кколев. ЧIегIераб пардавалда гьоркьосан мукъсанабго кунчIилъун гьасул гIундузда кIетIолел рукIана хварай эбелалъул малъа-хъваял. Хасго пикрабалъ синолъун рохьун чIун рукIана «боцIухъ гIумру бичуге, чадихъ намус хисуге» – илан абурал гьелъул насихIатал. Гьоркьосанго цере кIанцIун рачIунаан майорасул дарсалги:

– ГIадамаз мун инкар гьечIого къабул гьавизе вуго гьезул жидерго гIунгутIаби шавкъалда гьезие чIехьани. Зодихъе квер борхе, керен заруца бухе, мунги гьезул пикрабазда тIад рекъарав вугилан чIа. Хъулухъалъ ворхалъизе бокьани, рахIму тун сихIру-макру хIалтIизабизе ккола балъго, цойгидазе тIатинаредухъ. ГьитIинаб тохлъиялъги тахидаса вортизавула инсан ва гьеб гъалатI тIубараб гIумруялъ гIарцуцацин чуризе кIоларо…

Бакъвараб гIучI бекулеб гIадаб чIинкъи бахъана. ГIедерго тIадеги вахъун, Лабазан, кIваркьун гIенеккана.

Заманалдасан машинаялъул гьаракь рагIана. Гъежда автоматги бан, гьав данде ана.

**РИТIУХЪЛЪИ ТIАГIИНАБУЛА ТIЕКЪЛЪИЯЛЪУЛ ГЬАРЗАЛЪИЯЛЪ**

Руччабиги цере гьарун, полициялъул минаялде рачIарал щуябго росдал гIолохъаби, къерщезарулаго цабигун, ццидал цIурал бералгун хIадурун рукIана гьужумалде. Мина сверун хъаравуллъиялда ругел полицаязе ихтияр букIинчIо ярагъ хIалтIизабизе.

МагIил цIурал бералгун ругел руччабазул къукъа болъода цере лъалхъана. БетIергьанасда гурхIелги гьарун, гьаваялде квералги хьвагIезарулаго, цеехун ана чIваразул эбел Жарият. Гьелда цеве нухги къан эхетана полицияв. Гьай чIваркьун ялагьана.

– Ма, речIчIе дир карандаги, намус тIагIарал хъурмал! Дагьаб би гьекъон буго нужеца! Гьелде тIаде дирабги тIе, хIалихьатал! – абун гьаракьги биччан гIодулаго, гьалъ гьев тункун хьибилалдехун къазавуна ва болъодаса тIаде харун ана. Гьелда хадурго руччабазул гьитIинабго къукъаги рагъиде бахана. Найица хеч къараб гIадин рагъиде кIанцIун вачIана ТIагьиров.

– Гьал щай тIаде риччалел? Дица нужее кинаб амру гьабун букIараб?! – абун понцIозарун кIаркьабигун кьвагьулел бералгун ахIдана майор.

Гьесул гьаракь къинабуна Жариятица:

– Кир ругел дир маулхIаятал?! ХатIа-гIайиб гьечIел дир малаикал чIвазе дуцайищ квер борхараб?! – абун кIиябго квералъ ккун майор теркIезавуна гьалъ. Гьес гьелда тункун биччана. Жариятица ккун букIараб гьесул погон тIун бачIана. Гьелъ инжитго гьесул гьурмалъ речIчIана гьеб.

– Кир ругел дир лъимал?! – абун магIил гьаракьги борхизабун ахIдана чIварал гIухьбузул эбел. Гьелъие кумекалъе гIадин хъудана руччабиги. Бихьинал нахъегIан чIун, хIажалъи ккарабго кумекалъе кIанцIизе хIадурун рукIана.

– Ле, гIадамал, дица нужеда лъазабулеб буго районалъул судья чIварал къачагъал руго гьал, – ан ахIана ТIагьировас. – Шагьаралдаса экспертал рачIинчIого гьел полициялъ лъихъениги кьезе ихтияр гьечIо. – Гьабизе жо тIагIарав майор вихха-хочана, таманча лъураб лъелалда квалквадана.

– Ле, районалда гIадлу гьабизе тарав гьоролчу, кир ругел дир лъимал?! – абун нахъеги ахIдана Жарият.

Киналго гьелъухъ ралагьун хаган хутIун рукIана. Болъодул ахада вукIарав полицияв векерунги ун руччаби гъоркье рачахъизе лъугьана. Амма гьез жидерго зарал гьесдаги щвезаруна. Гьединаб дандечIеялъе хIадурун вукIинчIев гьес автомат чвархъезабуна ва гьаваялде гулбузул ирга биччана.

– Гьале, дун чIвай?! Дида речIчIе! ТIутI чIвазегIанги нужее инсан чIвазе захIмалъулеб гьечIелъул, – абун эбелалъ карандаса гурде бихъана.

– Дица нуж судалде кьезе руго! Туснахъалъур туризарила! – ян гIергIедана ТIагьиров. – Ракь те гьаниса!

Руччабазул жо кколеб гьечIолъи бихьарал бихьинал цере рачIана. МаслихIаталъе каламги гьабун, гьез майорасда гьарана магIарул гIадаталда рекъон жаназаби рукъизе кьеян. Гьесул инкаралъухъги ралагьичIого, бихьиназ тIадеги рахун, иргадал нуцIбиги рагьун хал гьабуна. РагIалда бугеб рокъор ратарал жаназабиги росун, полициялъул ахIи баялде кIварги кьечIого, чIваралги росун росулъехун ралагьун ана. Гьездаго хадур, гIода-чIвадулаго, руччабазул къукъаги багъарана.

Гьезда хадув валагьун, сундасандай байбихьун лъикIилан ургъулев вукIана ТIагьиров. Цо кинабалиго гIакъилаб пикру ботIролъе рещтIарав чи кинигин, гIедерго кабинеталде жаниве кIанцIун ана. «Дица бихьизабила гьал пасаказда кин полициялда кIалъазе кколелали. Дунялалде рачIиналдаса рекIекъ гьарила гьаб шайтIабазул бо…» – абун жанисан хIалуциналъ хIалхьи тIагIинабурав Аслан телефоналда хурхана.

– Алло, Нури…

– Нури гьечIо. Гьев шагьаралде ахIун ана, – ян абун секретарас жаваб гьабуна.

– Кидал гьев арав?

– Рогьалилъго вахъун ана.

– ЛъикI буго, – ян гьас телефоналъул трубка жиндирго бакIалде рехана. Хехдарун рукъ сверана, кверал кIвекIана. Гьеб параялъго нуцIаги къирун полицияс разиго ахIана:

– Гьалмагъ майор, нилъее кумекалъе террористазде данде къеркьолеб рагъулаб къукъа бачIун буго.

Аслан жанисенго хинлъун вачIана, кунчIана тIулакьерал бералги.

– ЦIакъ лъикI, цIакъ лъикI! Майор сверухъ валагьана. АскIоб бугеб шкафалъул нуцIби рагьана. Къо ккараб мехалде абун ТIагьировас гьаниб цIунун букIунаан гIадатияб костюм. Гьалбадерида кинго лъазе бегьуларо дир виха-хочи. Биччанте, унго-унгояв багьадурлъун гьезда цеве эхетизе дун. БотIролъ бугеб гIала-гъважаги цойиде ккезабун, ретIелги хисун, галстукги рекъезабулаго рагъиде вачIана. Гьесул гьурмада кьерхеналъул къатIрацин хутIун букIинчIо.

## АХИРИСЕБ ХIУКМУ

Ана къоял, къокъана анкьал, моцIал. Чам нухалъ хIужабаз ритIухъ гьарурал гIарзал тIадегIанал идарабазде роржаниги, лъималаздаса ятIалъарай пакъирай эбел, пайда гьечIел хъулухъчагIазул жавабаз «гIорцIинаюна». Гьелъул ракI хIеккиналъе гIадин, мех-мехалъ азбаралъубе баккун бачIунаан Аргъут. Цинги гьеб къасилъизегIан тIагIунаан. Районалде щварал росуцояз гьалда абулаан гъоба Аргъут бихьанилан.

Хъачагъал чIваялъул гIарцул сайигъатги босун, ГIашилтIа Манташ гIадин хIалтIуда Лабазанги вукIана. Полициялъул хIакимасул гъеждакIичIазде цойги цIваги бачIана. Гьанже ТIагьиров вукIана подполковник. РакIалде кколаан гьеб цIаралъ гьасул гьимулеб кIал дандего щолеб гьечIилан. Гьесда берчIвайдал Аргъут жиндиего гIадин гъулгъудулаан ва гьесдаса рикIкIалъизе хIаракат бахъулаан. Амма лъиданиги лъалеб букIинчIо щай гьеб зама-заманалдасан гьанибе бачIунеб букIарабали. Гьудулзабазда цадахъ роцIун, кунчIун, цIодорго рукIарал Аргъутил берал свaказарун, тату босун ругин кколаан.

Гьаб къоялъги къватIал сверулеб Аргъутил берал щвана гIурул рагIалда хъалиян бухIулев гIолиласде. Гьаб кIваркьун балагьана ва бугеб къуватги бакIарун, бацIида речIчIулеб кинигин, гьесда нахъасан горбода хурхана. Цо лахIзаталъ ццидалаб гъулгъудиги гьабун бегIерал гажал гьесул бидурихьазулъ къазаруна. Лабазан довехун кьурана, гьанивехун тIеркIана, мугъзада рекIараб гьойдул бакIлъиялъ кIиялго гIурулъе роpтун ана. Рекерун рачIарал гIадамал хIикматго ралагьун хутIана. Аргъутица гьесул габур биччана ва лъедолаго гIурул доб рахъалде ана. ГIурдатIеги бахун гьелъ гIедерго черх кIобокIана. Цинги чIухIадго хвенехги борхун жиндицаго гьабураб гьунаралъухъ балагьана. Гьеб параялъ Аргъут релълъун букIана жиндирго борчги тIубан, бергьенлъиги босун рагъдаса буссараб багьадуралда. Гьаб цойги нухалъ гIадамазул гIурулалда жубараб хъуди бугеб рахъалдехун буссана.

Цояз цоязухъе бегьун рухI гьечIеб жаназа гIурулъа къватIибе бахъана.

Жиндир масъала тIубанилан абулеб кинигин гьанже Аргъут гIодобе биччан эхедераялъ ине лъугьана… Гьороб харда тIад букIана гьелъул бусен. ГIадамасда ритIухълъиялда, гIадилго тIубазабизе кIвечIеб хIукму Аргъутица тIубазабуна. Гьеб букIана тIабигIаталъ гьелда тIад къараб ахирисеб хIукму.

# КIочонарел цIарал

## ХУНЗАХЪА ГIАЛИХАН

Биценалда гьоркьобе араб гьаб лъугьа-бахъиналъе байбихьи лъураб 1843 соналъ магIаруллъиялда рукIарал пачаясул аскарал жидерго щулияб хъала бугеб Темир-Хан-Шураялде лъутулел рукIана. Хунзахъ, ЦIатIанихъ, ГьоцIалъ, Зирани хъулби реххун тана гьез. Шамил имамас Гъойсубулиялъул рахъалде наиблъун тIамуна ГьоцIалъа Худанатил МухIамад. Жиндирго тахшагьарлъун тараб Инхо росулъ букIана гьесул чIолеб бакI, канцелярия, низам цIунизе ва рагъул ишалъе нухмалъи гьабизе муридзабазул къукъа – милиция.

Гьеб милициялда гьоркьов вукIана гIурус пачаясул аскаралъул рукIинесел машгьурал рагъул начальникзаби генерал Макъсудил ва полковник Хъайтмазил эмен Хунзахъа ГIалихан.

Жеги чIужу-хъизан гьабичIев ГIалихан, балагьараб мехалъ гIанчIав, тавакалав, руччаби рокьулев чи вукIун ватизе ккола. Инхоса ясалъухъ рокьи гьабизе байбихьула гьес. Бихьулагун гьей нилъеда цIар лъаларей яс ячине, хъизан гIуцIизе ракIалда букIун батизеги бегьула гьесда, амма, ялъуни гьей чияе абун йикIун, ялъуни къватIиса чиясе кьезе бокьичIого, жидер яс ГIалиханица толей гьечIилан Шамил имамасде гIарз бахъула гьелъул эбел-инсуца. КIиго-лъабго чIужу ячинеги изну кьолев, къороллъуда руччаби толарев имамасе руччабаздехун гьабулеб кинаб бугониги хIалихьатаб балагьи бокьулароан. Гьес нахъе тIамун течIого гIарзаялъе хIукму къотIула. Ва наиб Худанатил МухIамадихъе кагъат хъвала (нилъер заманалда лъикIан гьедин гIадамазул гIарзазул хехго мурад тIубазабулел хIакимзаби).

Инхвадерил жамагIаталъул ва ясалъул эбел-инсул разилъи гьечIолъи бихьун, цо щибниги жо ккезе бегьулеблъиялда щаклъарав ГIалихан кисан-щибдай бачIинаян цIодорлъи гьабун валагьун чIун вукIана. Имамасухъе гIарз битIун ун бугиланги махIчIван букIун батизе ккола гьесда. Ва гьеле цо къоялъ ракIалдаго гьечIого гIадин Веденоса Худанатил МухIамадихъе кагъатги босун вачIунев имамасул чапар данде ккола гьесда ва сундулго хIакъикъат лъаларев чапарасда абула кагъат жиндихъе кьуниги бегьулин, жинца кьелин наибасухъе. Икъбал бугев чи вукIана ГIалихан. Чапарасги божилъи гьабун кагъат кьола гьесухъе. Гьеб батула хIинкъун жиндихъ гьав валагьун чIун вукIараб кагъат.

ГIалиханида дагьа-макъаб гIараб мацI бичIчIулаан. Ва гьале гьес чиясда вихьуларедухъ рокъовги вахчун, кагъат битIизабула. Къокъаб, чанго предложениялдасан данде гьабураб гьелда хъван батула ГIалиханица чIвазе гIураб такъсир гьабун бугилан. Гьесдайин абуни гьеб бичIчIула чIвайин абун хъван бугеблъун. Гьев виххула. Ресги букIаго чIвазе чIелищха, циндаго гьес хIукму гьабула гIурусазухъе лъутизе ва наибги цогидал гIадамалги тохлъарабго, ХIаригабурлъухъан Индиралда аскIоб бугеб гIурусазул хъалаялде лъутула. Имамасул кагъатин абуни пропуск гIадин цадахъ босула, цинги каранда кисинибги лъун гIумруялъго цIунула.

Гьедин лъутичIого цоги батIияб жо гьабизеги бегьилаан ГIалиханица, амма ханзабазул тахшагьарлъун букIараб Хунзахъ гьавурав ва гIурав гьев гIурусалгун гIемер дандчIвалаан. Щиб лъалеб, гьезул мацIцин бицунеб букIун батизе бегьула. Ва гьезул гIамал-хасият, гьез ханзабиги рагIи билълъунел гIадамалги жидедего руссинаризе бахъулеб жигар, кьолел сайгъатал ва гьезул кверзул гIатIилъи лъалаан гьесда. Гьединго гьесда лъалаан имамасул аскараздаса яги хъулухъалдаса лъутун вачIарав щивав чи гьез разиго къабул гьавизе вукIинги. Цинги хадуб Аллагьас хъвараб лъугьина.

Ва хIакъикъаталдаги кинабго ккана бищунго гьесие санагIатаб хIалалъ. Пачаясул администрациялъ гьев лъикI къабул гьавуна, цIализе витIана, офицерлъун вахъана. Жиндирго къимат гьабизабизе лъалев ва цIар бокьулев, цIодорав ва гьунар бугев гьесги живго киса-кивго бищунго лъикIаб рахъалъан вихьизавуна, гIурусазда гьорлъ хIурмат-адабалда вукIана. Гьелъие нугIлъи гьабуларищха гьесулги гьесул лъималазулги тIолабго гIумруялъул тарихалъги, гьелдаго цадахъ, балагьараб мехалъ, гьесда живго лъутиги чIваян бачIараб каранда чвантиниб лъун нахъе цIунун бугеб кагъатги, киданиги кIочон толароан. Хадуб кинабго гьелъул магIна бичIчIараб мехалъ намусалъ рахIатги толароан гьесие. Кин гьеб букIараб батаниги, лъикIги квешги, тIаде щвана Шамил имамас гIурусазде дандечIей къотIизабураб 1859 соналъул август. Гьеб заманалде гьев, биценалда рекъон, полковникасул чиналдеги вахун, гIурус армиялда гьорлъ имамасде данде вагъулев вукIана.

Нахъе хутIун ругел биценаз бихьизабула Шамил имамасдаги ГIалиханги гьесул ишалги лъалел рукIараблъи. Дагьабниги иш бажарулев гIурусазда гьорлъ вугев магIаруласда хадуб имамасул рахъалъан хъаравуллъи букIунаан. Амма гьениб буго цо гьадинаб жо – щаялиго имамасул ццин букIинчIо ГIалиханиде, бихьулагун лъугьарабщиналъул хIакъикъат лъалеб букIун буго Шамилида. Гьеб нилъеда бихьула хадусел лъугьа-бахъиназдаса.

Гъуниб магIарда сверун ккун вугев имамасдаса пачаясул аскараз кверде вачIин тIалаб гьабулеб букIана. Зама-заманалдасан хъахIаб байрахъги борхун, цадахъ гIурусазул кинав вугониги рагъул начальникгун, кIиго-лъабго рагIи билълъарал магIарулалги рачун, полковник Лазарев вачIунаан имамасухъе кверде вачIайилан гьаризе. 14 августалдаго байбихьарал гьел гара-чIвариял халат рахъана ахирисеб къоялде, ай 25 августалде щвезегIан. Имам щакдарилев вукIана. ЦIакъго гьесде гIагарал муридзабазе хутIизегIан халкъалда рагъ чIалгIун букIана – гьитIинаб жойищха гьеб бугеб 30 соналъ рагъана магIарулал пачаясде данде. Имамасе бокьунги букIана рагъ къотIизе тезе ва гьебго заманалда бокьулебги букIинчIо. Гьайгьай, гьесие ургъел букIана кверде ани жиндиргоги хъизаналъулги щибдай ккела абун. Гьадинги, рагъги къотIизе тун, имамги гьесул хъизанги ГIарабустаналъул рахъалде риччазе гIурусаз инкар гьабуна.

Цо нухалъ кверде вачIайин, дуе щибниги гьабизе гьечIин гIурусаз абизе гьесухъе гIурусазул делегациягун цадахъ витIун вачIана Илисуялъул Даниялбекги. ЦIалдолезда ракIалде щвезабизин, гьев вукIана Шамил имамас божилъи гьабулев, амма хадув гIурусазул рахъалде лъутун арав наиб. Имамасул цересел гIадамаз гьесухъеги виччачIого нахъе хъамуна гьев. Гьеб мехалъ ракIалде щун ватизеги бегьула имамасда ГIалихан, хадусеб нухалъ гара-чIвари гьабизе полковник Лазарев вачIараб мехалъ, гьес гьесда гьарана нужер аскаразда гьорлъ вугев ГIалихан абурав полковник вихьизе

бокьилаанин жиндие. Лазаревасда магIарул мацI лъалаан. Лазаревас рагIи кьола щолеб бакIалда полковник ГIалихан ватани гьев имамасухъе вачине.

Ва гьале, хадусеб нухалъ Лазаревас имамасда аскIове вачун вачIана полковник ГIалихан. Хъваш-баш, гьикъарун лъугIун хадуб, Шамилица Лазаревасда абуна жал кIалъай гьабизе аскIор теян. Гьел рукIана мажгиталъул кIалтIа. Лазарев нахъе ана. Гьеб мехалъ имамас цIакъ божилъигун ГIалиханида абунила: «ГIалихан, дуца бице дида дун кверде вачIани щиб гьабизе гIурусазда ракIалда бугеб? Дир тIокIаб гьеб гьикъизесев чиги гьечIо…».

ГIалиханида Барятинскиясул киналго планал лъалаан, гьесда дандбан, бицун букIун батила имамасул къисмат кинаб букIине бугебали, гьединлъидал гьес жиндаго лъалебги, рагIарабги, гьелъул хIакъалъулъ жиндирго пикруги бицана имамасда.

– Пачаясул амруялдалъун, гьезда ракIалда буго мун асирги гьавун хIурматияб къагIидаялъ хъизангун лъималгун цадахъ гIурус ракьалде витIизе ва гьенив парахатго гIумру гьабизе тезе. Хадуб кколеб жо дида лъаларо, – ян абуна гьес.

– Гьедин гьабиладайха гьез? – анги гьикъана имамас ракIчIеялъе.

– Дида гьедун абизе кIвела, ургъараб къагIидаялъ гьедин гьабизе бугин гьебан, – илан абуна ГIалиханицаги.

– Баркала дуе, ине бегьила, – ян абунила имамас.

Амма ГIалихан каранда чвантиниса кагътил кесек къватIибе бахъулаго, цо дагьав лъалхъанила. Ва гьебги битIизабун, намуслъунги вахъун, тIасалъугьин тIалаб гьабулеб гIадин, имамасухъе бегьанила.

– Гьаб кагъат сабаблъун лъутун вукIана, имам, дун гIурусазухъе, гьале 17 соналъ нахъе цIунун букIана гьеб. Бихьуларищха къисматалъ дандчIвазе хъван рукIун ругеб куц.

Кодобеги босун имамас кагъат цIаланила, чIвазе бегьулеб жо гьабун бугин хъван бугоха гьаниб, чIваян абун гьечIоян абунила имамас. ГIалихан тIуркIун вахъанила. Къо-мехги лъикI гьабун гIедегIун Лазаревасда аскIове анила гьев.

Чанго къоялдаса хадуб имамас кверде ине хIукму гьабунила.

ТIадехун бицараб лъугьа-бахъиналъул рехсей гьечIо я П.Павленкол «Шамил», я М.Ибрагьимовалъул «Имам Шамил» абурал тIахьазда.

***Босана М.ТIАГЬИРОВАСУЛ***
***«НурмухIамадил МухIамадил биценал»***
***абураб тIехьалдаса***



# ГІакълуялъул дандерижи

## ХАДУБ КЪОТІИЛА ХІУКМУ

Цо къиралас гьоболлъухъ ахIун рукIанила жиндир улка-ракьалда ругелщинал къадруял гIадамал. Бечедаб тепсиги гIуцIун букIанила гьес гьалбадерие. Гьезда цебе квен-тIех лъолаго, къираласул лагъасухъа гIодобе бортун беканила цIакъ къиматаб, месед тIад бекьараб хъаба. Хважаинас гьеб лъугьа-бахъин бихьичIеб xхвел гьабун танила. Гьелъ киналго гьалбал гIажаиблъизарунила, амма щибго абичIила. Заманалдасан, сабру гIечIого цо гьоболас абунила, гьадаб къиматаб хъаба бекараб мехалъ дуца лагъасе тамихI гьабулебни щиб, бадибчIвайгIаги гьабичIилан.

Гьесие гьадинаб жаваб кьунила къиралас:

– Дир досда цIакъ ццим бахъун буго. Гьадин гьалаглъараб мехалда гьабулеб тамихI ритIухълъи гьечIеб ккезе гурилан хIинкъун вуго дун. Ццим гIодобе буссиндал къотIила дица досие рекъараб хIукму.

## ЖИДЕ - ЖИДЕР ЦІАГУН…

Сапаралъ унев цоясда росу рагIалда жиндирго гьудул дандчIванила.

– Киве ун вукIарав? – абун гьикъанила гьес.

– ЖужахIалъул цIадаве ун вукIана, – илан гьев цоясги кьунила жаваб.

– ГьенивегIаги щиб гьабизе мун ун вукIарав?

– Хъалияналъе цIа босизе.

– Босарабищха.

– БосичIо.

– Щай?

– ЩвечIо дие добаса цIа.

– ЖужахIалдасаги щолареб цIа кинаб букIунеб?

– Доре жиде-жидер цIагун рачIун ратана хварал чагIи. ЧIагоязе кьезе цIа дозул лъилниги батичIо.

## АХИРГИ БАТАНИЛА ТАЛИХІ

ГIужде вахараб мехалда гIолохъанчияс лъадилъун ячанила жиндаго берцин йихьарай яс. Гьесул хIукму кканила гьелъул жинде бугеб рокьиялъулги ритIухълъиялъулги хIалбихьизе. Ригьин гьабун лъабабилеб къоялъ росас лъадуда абунила, пуланаб бакIалде сапаралъ рилълъине ругин нилъ жакъайилан. Рахъанила къватIире. Нухда унаго, рос чIанила, ккараб жо лъаларин, жиндир бераздаса тIубанго канлъи босун анин, жив дуца квер ккун вачине кколин. Лъадуца гьес абураб гьабунила. Росас гьей ячанила цо чиясе гурони вилълъине бакъвараб чIедерабго гурони нух гьечIеб, хIарщул цIураб къотIносан. Лъадуца жийго бакъвараб бакIалдехунги ккезаюн, рос хIарщулъан вачанила. Гьай гIаданалъ дие гьоцIо гьабиларин абун, рокъоре щваралго, тIамун цIаргун, лъади нахъе йитIанила гьес.

Ячанила цоги чIужу.

Гьелъулги гьадабго куцалъ хIалбихьанила гIолохъанчияс. ХIасилги добго кканила.

Лъабабилеб ригьиналъулги къисмат цебесеб кIиялъулго гIадаб кканила.

Росасе ритIухъай гIадаго ятулей гьечIин абун, киналго руччабаздаса ракIги буссун, тIокIай чIужуго ячинарин лъикIалан мехалъ чIанила гьев чи… БукIаниги, заманалдаса цоги нухалъ хIалбихьизе хIукму кканила гьесул. Ячанила ункъабизеги чIужу...

Хадуб, гьадабго сапарги, добго «беццлъиги», добго къватIги.

БитIун доб хIарщ бугеб бакIалде щолаго лъадуца рос бакъвараб рахъалдехун ккезавунила. Гьенисанги, щибго хъублъи гьесул хIатIида хъвала省редухъ, хIисабалда вачанила. Жийгойин абуни чапиялда хIарщулъан йилълъанила, щибниги росасда хIал лъараб жоги гьабичIого.

Гьаб нухалда гьев чиясдаги бичIчIанила, унго-унголъунги жиндие ритIухъай, жив вокьулей, иманги яхIги бугей гIадан дандчIварайлъи.

## ХОНОГИ, ЛАМАДУРГИ, КОФЕГИ

ЯчIанила цо къоялъ инсухье яс. Гьелъ абунила щиб дица гьабуниги, кигIан хIаракат бахъаниги, гIумру данде билълъунеб гьечIин, гали тIамунщиналъуб захIмалъаби дандчIвалел ругин. Инсуца гьелъие кинабгIаги жавабги кьечIого, цIадутIа гьализе лъунила лъабго хьаг. Цоялде жанибе реханила хоно, цоялде жанибе ламадур, лъабабилелде жанибе банила кофе.

Заманалдаса кIиябго хьагида жаниса къватIире рахъанила хоноги ламадурги. АскIобго лъунила кофе жаниб бугеб хьагги.

– Щиб гьаниб лъугьараб? – абун гьикъанила инсуца ясалда.

– Релъана ламадурги хоноги, гьалана кофеги, – илан жаваб кьунила ясалъ.

– Гьеб бугоха тIадбалагьун бихьулеб жо, – ян абунила инсуца. – Амма ургъун балагьани, гьаниб хIакъикъат батIияб буго. Лъадалъ гьализабидал, лъамияб хоно къвакIана. Гьеле гьедин, захIмалъаби дандчIвайдал цоцо гIадамал къвакIараллъун лъугьуна, гьел захIмалъабиги къезарулаго церехун уна. Гьадабго къагIидаялъ лъадалъ гьализабидал, къвакIараб ламадур тамахлъана. Гьедин тамахлъула цоги гIадамал жидеда захIмалъаби дандчIвайдал.

– Кофе? – илан гьикъанила ясалъ.

– Гьебха бищунго аслияб, – ян абунила инсуца. – БацIцIадаб лъадалъеги бан кофе гьализабидал, гьелъ лъадал кьер хисизаби гуребги, гьелъул лъугьана гьекъезе тIагIамаб жоги. Гьедин цо-цо гIадамаздаги кIола жидедаго сверухъ бугеб ахIвал-хIал тIубанго хисизабизе. Гьаб жакъа дуда бихьаралдасаги, тIаде дица бицаралдасаги дуца хIасил гьабуни, дур кинабго битIа-бищун ине буго.

## ЦОЯЗУЛ САБРУЯЛЪ ЦОГИЯЗУЛ ЦЦИМ БИГЬИНАБУЛА

ГодекIанир гIодорги чIун инчIго-анцIго бихьинчи жиде-жидер лъудби какулел рукIанила. Гьезда гьоркьоса цояв бицунелъухъги гIенеккун вуцIцIухIун чIун вукIанила. Дуца щайин дурго лъадул бицунаребин абунила гьесда цояс. Гьесул лъикIай чIужу ятила, гуребани, гьесги гьурщилаан лъадул гIунгутIабийилан цогиясги абунила.

– БатIалъи щиб, дирайги нужерайго гIадай йиго, – илан абунила гъадав чияс.

– Ятани щайха дуцаги гьелъул гIунгутIабазул бицунареб нижехъ гIенеккун вукIинчIого, – илан тIаделъанила гьесде годекIанир рукIаралщинал.

– Щиб дица бицинеб, – ян абунила гьес. – Аллагьас инсанасулъ гIакълуялдаги сабруялдаги цадахъ лъун буго ццимги. Буго гьеб кинабго нилъелъги гьединго нилъер лъудбузулъги. Сунца бугониги ццидахинавурав чи гIакълуялъ рехун тола. ГIакълуялъ рехун тарав чи гIабдал вуго. Гьев гIабдал гIодове виччазавизе, гIакълуялде вачIинавизе аскIов вукIине ккола гIакъилав чи. Дицаги лъадуцаги данделъараб тIоцебесеб къоялъго гьабураб къотIи буго, дун ццидахани, цадахъ ццидахинчIого, гьелъ сабру гьабизе. Гьединго гьей ццидахани, дицагиха. Гьеб къотIиялда руго ниж. Гьединлъидал, нижер дагIба-рагIиги букIунаро, берцинго цоцазул адаб-хIурмат гьабун гIумруги унеб буго.

## МУН МУРАДАЛДЕ ЩВЕЗЕ ВУГО

ГIакъиласухъе вачIанила гIолохъанчи, мунго гIадав гIакъил дунги вахъинавеян. ЧанцIул такрар гьабуниги гIолохъанчиясул гьариялъе гIакъилас жаваб вуцIцIунчIеялдалъун кьунила.

Хадусеб къоялъги вачIанила гIолохъанчи гьесухъе гьадабго гьаригун. Добго къагIидаялъ, мурадги тIубачIого тIадвуссине кканила гьев гьаб нухалдаги.

Лъабабилеб къоялъги гIакъиласухъе щведал, гIолохъанчи гьес вачанила хIорил рагIалде. Дида хадув вачIаянги абун, гьев хIориниве жаниве лъугьанила. Лъим рачлихъа эхеде бахунеб бакIалде щведал, гIакъил лъалхьанила. Гьес ботIроде тIаде кверги цун гIолохъанчи лъадалъ вукъизавунила. ЛъикIалан чIучIадун, хIал дагьлъулеб мехалда виччан танила. ГIолохъанчи рукIалиде вачIун, цIидасан хIорил рагIалде нахъруссиндал, гIакъилас гьесда гьикъанила:

– Лъадалъ вукъун вугеб мехалда дуца бищунго анищ гьабулеб жо щиб букIараб? – илан.

– ХIухьел цIазе щвеялъул гурони сундулго ургъел букIинчIо дие. Бищунго гьава хIажат букIана гьадал лахIзатаз, – абун жаваб кьунила гIолохъанчияс.

– Бечелъи, хIакимлъи, рокьи?

– Гьезде регIунищ дун вукIарав? Дие цIазе гьава букIана къваригIун.

– Гьелеха, лъадалъ гьанкъулеб мехалъ дуе хIажат букIун буго цого цо цIазе гьава. Гьедин цогиябщинабги кIочон тун, цебе лъураб цо масъала тIубазабиялъе къеркьолев вугони, мун мурадалде щвезе вуго. БатIалъи гьечIо, гьедин хIаракат бахъани, вахъине бегьула мун унго-унгояв гIакъиллъунги, – абун дарсил мисал жаниб бугеб хIасил гьабунила гIолохъанчиясе гьев чияс.

## ХАНАСУЛ ВАСИГАТ

ВукIанила сверухъ ругел вилаятазгицин жиндие магъалоги кьолев, кIудияб улка-ракьалъул, киса кибего бечелъиялъул цIар арав хан. КигIан бакIараниги, буголъиялдаса гIорцIи гьесул букIинчIила. Заманалдаса лъезе цIар лъалареб унтиялъ бусада лъунила гьев. АхIанила гьев сах гьавизе кир ру-

гелги цIар ргIаралщинал тохтурзаби. Амма хIасил кколеб букIинчIила. Ханасда бичIчIанила гIумру ахиралде щун букIин, ахираталъул рокъове ине къоял гIагарлъараллъи.

Гьес ахIанила жиндирго вазир. Ва абунила:

– Дун хабалалъе восулелъул дуца тIубазе ккола дир лъабго тIадкъай. Хабалалъе дир мали босизабе нилъер улка-ракьалда ругезул бищунго лъикIаздасан лъикIал тохтурзабазда. КIиабилеб тIадкъай – гьал кIалгIабахъа хабалъе щвезегIан дир жаназа унеб нухде бай дир бугебщинаб месед-гIарац. Лъабабизеги – дир кIиябго квер, киназдаго бихьулеб куцалъ, малиялдаса гIодоре дализарун те. Гьеб буго дир васигат.

– Васигатни дица тIубазабила, бетIерчIахъаяв хан, амма бичIчIичIоха дур гьеб васигаталъул магIна.

– Гьелъул магIна буго гьадинаб: кигIан цIакъалги тохтурзабазда къоял лъугIарав чи сах гьавизе кIолароян абураб – цо. КIиабизеги – кигIан гIемераб бугониги хварав чиясе месед-гIарацалъул пайда букIингутIи. Лъабабизеги – дир гIодоре даларал кверазухъ балагьун, киназдаго бихьизе те дица гьабгощинаб бечелъиялъул щибго цадахъ босулеб гьечIолъи.

## КАКГИ ХIАЛТIИГИ ЦАДАХЪ РУКIИНЕ ККОЛА

ГIурул цо рагIалдаса цогияб рахъалде ине кьо балагьулев вукIанила цо чи. Амма бихьа-рагIулеб ракьалда гьеб букIинчIила. Гьесда циндаго вихьанила расаялдаги рекIун лъедон унев ччугIихъан. Гьес ччугIихъанасде ахIанила, гIурул доб цояб рахъалде ине кумек гьабеян. Раса гьев чиясде гIагарде бачIанила ва ччугIихъанас гьев рекIинавунила. Лъедон унаго гьев чиясда ччугIихъанасул лъим ххалел рахханазул цоялда «Как бай!» абун хъван бихьанила, цогиялдаги «ХIалтIе!» абун цIаланила. Гьал хъвай-хъвагIаязул магIна щиб абун гьикъанила гьес ччугIихъанасда. Как базеги хIалтIизеги кколеблъи кидаго дидаго ракIалде щвезеян кьунила гьес жаваб.

– ХIалтIичIого гIумру гьабун бажарулареблъини лъалеб жо буго. Гьеб бичIчIула. КакгIаги щай, гьелъул пайда щиб? – илан гьикъанила гьев чияс.

ЧчугIихъанас гьесул суалалъе жавабги кьечIого, «Как бай!» абун хъвараб раххан босун расаялда жаниб лъунила. Ва цохIо «ХIалтIе!» абун хъвараб рахханалъ лъим ххазе лъугьанила. Раса цого бакIалда тIад сверулеб букIанила.

– Дуца гьабулеб щиб? Раса хехго баче, дун хIалтIуде кватIулев вуго, – абун рази гьечIого лъугьанила дов чи.

– Дица бачунеб буго, аб цебехун билълъунеб гьечIо. Щибха дицаги гьабилеб? – илан абунила ччугIихъанас.

– КIиябго рахханалъ ххайха лъим.

– Дуе хIалтIи гурони как бокьулеб гьечIелъулха. Дун хIалтIулев вуго, – илан жеги чанго нухалъ цого бакIалда ххенезеги гьабун, чIезабунила ччугIихъанас раса. Цинги абунила:

– Гьаб раса буго гIумру. КIиябго раххан буго цояб – как, цогияб – хIалтIи. Дудаго бихьанаха цо рахханалъ лъим ххан раса цебехун унареблъи. Гьединлъидал, гIумру цебехун бачинеги чиясул гьабулеб ишалда баракат лъезеги какги хIалтIиги цадахъ букIине ккола.

Гьеб насихIатги дов чиясе гьабун, ччугIихъанас раса цебехун бачанила.

## ГІАДАМАЛ КИНАЛГО РАЩАДАЛ РУГО

Цадахъ вазирги вачун жиндирго улка-ракьалда тира-сверулев вукІанила кІудияв хан. Гьезда нухлул рагІалда бугеб хурив хІалтІулев ватанила мискинчи. Гьев, ханасул санцин гьабичІого, жиндирго хур бекьулев вукІанила. Ханасул цІакъ ццим бахъанила. Гьес вазирасда абунила, балагьейин гьадаб хІамил гІамалалъул чІухІийилан. Вазирас мискинчиясда абунила, дуда кІудияв хан вихьуларогойищ вугевин, щай дуца гьесие бетІер къулуларебин.

– Дица цохІо дун вижарав Аллагьасе гурони бетІер къулуларо. Дида кибниги хъванги батичІо мискинчияс бечедасе бетІер къулизе кколилан. Ниж кІиялго къоял лъугІидал хвела. Заманалдаса нижер хобал рагьани, лъида лъазе бугеб, щив нижер кІиязулго бечедав яги мискинав вукІаравали. Ханги вуго дунго гІадав чи, цоги гІадамазде дандеккун дида гьесул щибго тІокІлъи бихьуларо, – илан абунила гьес вазирасда.

Ханас пикру гьабунила, гьав чияс бицунеб жо, кигІанго дир рекІелъ рекъолареб букІаниги, битІараб бугилан. Гьесул ццим гІодобе буссанила. Ва абунила:

– Дида щиб букІаниги гьаре, дица дур мурад тІубазе буго.

– Гьарула, хадубккун гьаб нухккун унаго, дир рахІатхвезабуге, – илан абунила мискинчияс.

– Гьанже дие цо гІакълуги кье.

– Жакъа духъ бечелъи букІаго, кІочон тоге, метер гьеб цогиясухъе унеблъи, дуца хабалъе цадахъ щибго босулареблъи, – ян ханасдаги абун, мискинчи щибго ккечІеб гІадин, жиндирго хур бекьизе лъугьанила.

# Юбилей

## КУРКЬБАЛ РЕКАНИГИ, БОРЖАРАБ ЦIУМ

*Исана 110 сон тIубала магIарулазул цIар рагIарав композитор, гIажаибаб къисматалъул инсан Гъуниб районалъул Щуланиса АхIмад ЦIурмилов гьавуралдаса. АхIмадил гIумруялъулги махщелчилъиялъулги бицараб, мунагьал чураяв БацIадаса маданияталъул хIаракатчи Расулов КъурбангIалица хъвараб гьаб макъала, гьесул архивалда батун, нижехъе бачIана КъурбангIалил гIагарлъиялъул гIадамаз.*

I

Живго ругьунлъарав бакъназул устар АхIмад ЦIурмиловасул бицен гьабулаго, нилъеде цебе бачIуна кин цебетIолеб бугеб жакъасеб магIарул кечI-бакъан абураб суал. Эбелаб мугIрузул ракьалде гурел, чияр байдабаздегIаги гурищ гьелъ кьалбал риччан унел ругел? Сценаялдасан рагIулеб рецц-бакъалъул ахIи-хIурги, концертазул залаздаса къватIире чIорогоял ракIалгун, сварал пикрабигун унел гIадамалги… Гьеб хIал щай лъугьараб нилъер бакъназул устарзабазе институталда, музыкалияб училищеялда щвараб лъайги, махщелги бугеб мехалъ?



Гьанже, жидер чвахи гьарзалъарал «цIиял бакънал» дора мегIер-щобазда вехьас гьиштIулел гьечIони, хур-хералъул хIалтIуда нахъа магIарулалъ ахIулел гьечIони, гьел релълъуна ралъдалъе щвечIеб гIоралда.

Киданиги жинца кечI ахIичIев чияс хIалбихье ЦIурмиловасул «Грузия» абулеб бакъан ахIизе. Гьелъ мун хадув цIан уна, дур ракI гIатIид гьабула, ургъел-агъаз босун уна:

**Дагъистан халкъ духъ балагьун бохараб,**
**Биххи гьечIеб гьудуллъиялъ бухьараб, –**
**Босе салам дир халкъалъул, Душети,**
**Дур бицун дун гаргадула, Грузия…**

Шуланиса АхIмад вукIана, тIоцебесеб иргаялда, гIакъилав инсан, патриот, хадув бакъназул устар. ВатIанияб рагъул кор боркьараб 1942 сон… Нижеца, школлъималаз, «ЦIияб канлъи» газеталда цIалана И.В.Сталиница А.ЦIурмиловасе баркала кьун бачIараб кагъат. Жив сакъатлъун бусаде ккарав Гъуниса бухгалтерас фронталда рагъулел гIолохъабазе оц кьун букIана.

Доб заманалда гьелъул багьа кколаан 30 азарго гъурущ. Нижецаги бакIарун гIарцул цо-цо гIабаси битIана «Дагъистан» абураб бронепоезд гьабизе.

Дунялалда кинабго хисула, хола. Хвел букIунаро чияс ирсалъе тараб лъикIаб цIаралъе…

II

МагIарул халкъиял кучIдузул берцинлъи ва бечелъи дие гьитIинаб мехалдаго рагьана нижер мадугьал, маххул къебед, кочIохъан ва музыкачи Рамазаница (МухIамадов Рамазан) ва кочIохъан, тIармазул устар Къадилас. Гьезул гъасда нижеда рагIулаан игьелдерил угьун ахIулеб кочIол устарлъиялъулги, ЧIегIергIурул гьалагал бакъназда ахIулел кIкIалал кочIохъабазулги, ГIабдулгъапурилгун Хьаргабиса кIудияв ва гьитIинав КъурахIмабазулги, магIарул кочIол бакъназда цIилъиялъул рухI гъурав КаримхIажиясулги, ГьаракIуниса ГIашатилги, КIогьориса ПатIиматилги хIакъалъулъ шавкъалда рицунел харбал.

Нуцалова ПатIиматил кочIол къимат лъазе ккани, дир пикруялда, ЦIоралъул сасарал кIкIалабахъ рогьалида ахIдолеб мугIрул гIансаялъул чи сагьвиллъулеб сас рагIизе ккола.

Гьел росдал музыкаялъул устарзабаз бицунаан Нуцаловалъул жиб цогидаз такрар гьабизе бажаричIеб бакъаналъухъ церехун жидеда рагIичIел сверелал раккиялъул. Кисан гьел рачIарал? Гьей кочIохъаналъе кIудияб къиматги кьун, гьез абулаан: гьелъул кочIохъ гIенеккизе ЧIегIергIурул тIиндаса гIурул рагIалде гIурулханалги хьурщулел ратилилан. Хадуб нилъеда лъана гьеб кочIол сверелалъе цоги гьунар бугев бакъназул устарас асар гьабун букIин.

Сергей Агъабабовас гьадин хъвана: «…АхIмад ЦIурмиловасе рес рекъана Шурагьив рабфакалде цIализе лъугьине. Гьел соназ гьений батраказул курсазда цIалулей йикIана ПатIимат Нуцалова (хадуйккун ДАССРалъул халкъияй артистка). Халкъиял кучIдузде бугеб рокьуца, музыкаялде бергьараб хIасраталъ гIагар гьаюна гьей ЦIурмилов АхIмадгун. ПатIиматица ахIулаан аваразул халкъиял кучIдузда цадахъ ЦIуримиловас ургъун рахъарал бакъналги. Гьел бакънал халкъалда гьоркьор киса-кирего тIиритIана. Нуцаловалъ ахIулел АхIмадил кучIдул грампластинкабаздаги рахъун рукIана».

Умумузул кочIол иццалдасан байбихьун чвахарал композиторасул асарал киналго миллатаз къабул гьаруна. Композиторас дие бицун букIана, жиндирго бакъназул «авторлъун вахъине», жинца Культураялъул министерствоялде бухьине ккараб сапаралъул.

Нилъер халкъияб музыка цебетIезе байбихьараб заман данде ккана эркенлъилъе гIоло гъазават лъазабураб, араб гIасруялъул авалалда. Узухъда, щибаб бакъаналъул аворал загьирлъизе байбихьана ГьаракIуниса ГIашатил, КаримхIажиясул кочIохъабаз жидерго гьунаралда рекъон бачунеб «гIатIидаб бакъан» баккаралдаса нахъе.

Халкъияб творчество цебетIолебго тIолеб букIуна.

Дагъаб цебе дир гIиндачIвана ТI.Къурачевасул цIияб «Йо, йо, йо» абулеб Абусупьян ГIалихъараевас, ЧIарадаса ГIабдулагьица, ХIайбула МухIамадовас ва живго авторас цадахъ ахIулеб кечI. Гъуниб борхалъуда магIида бан тараб ЦIурмиловасул чагуралъ къабул гьабунин ккола В.Нуровасул «Дир Гъуниб» абулеб кечI ва цо–цо лъикI ккарал ГIисаева Хадижатил бакънал. Нилъер руго гьунар бугел кочIохъабиги бакъназул устарзабиги. Щивав ком-

позиторасул: Майиндурил, Ибрагьим Ибрагьимовасул, ГIали Абакаровасул, Каримулал, Шамхалил ва цогидазулги руго халкъалъе рокьулел бакънал. Амма киналго гуроха. Нилъее нус-нус бакъанал гуро къваригIун ругел. ЦIурмиловасул дида лъалеб, Культураялъул министерствоялъ къабул гьабураб 13, кочIохъабаз репертуаразде босараб 34 асар букIана. Ратизе бегьула архивалда хутIаралги.

АхIмадил рукъ кочIол къебелъи букIанилан абула нилъеца. Дица абилаан гьесул хасаб жиндирго мактаб букIанилан.

ХIисаб гьабун бихье, нилъер заманалда жидеца халкъалъе хъулухъ гьабурал машгьурал кочIохъаби: Нуцалова, Муи, Мазалова, КIуядаса ПатIимат, Загьра, АхIмаева Мариям, Байгинат, Аминат ГIалиева ва гIемерал цогидалги гьесул гъасда ругьунлъана кочIол махщелалъе. Гьенир дарсал щолаан школлъималазе, гьенисан бачIана цIар араб чIарадисезул хор. Гьев вукIана жеги гIолохъанго тIоцебе Гъуниб кочIол кружок гIуцIарав хIаракатчи, гьесул жигар мисаллъун буго музыкаялъул алатазда килщал кIутIизе байбихьаралщиназе.

Республикаялда тIоритIулелщинал культураялъул ишазда гъорлъ вукIана тIоцебесеб группаялъул инвалид, бухгалтерасул харжалъ хъизанги хьихьарав, нус-нус гьалбалги къабул гьарурав цIодорав инсан АхIмад ЦIурмилов.

III

«…Мун гIадамалгунищ…ялъуни мунго дуего гIунищ вугев?»

Гьел рукIана досул рагIаби

Жиндиего къисматалъ мукъсан гьабураб рохелги, гIумруялъул берцинлъиги аскIове ккаравщинасе сахаватго бикьана АхIмадица ахирисел къоязде щвезегIан. Гьесул гьурмадаса чIвараб хинаб нур лъида кIочон тараб? Жив хвараб мехалда хабал рагIалда цIалейилан васигат гьабураб композиторасул кочIолъ руго гьадинал рагIаби:

**Дунни гьанжелъагIанги хутIулев чи вукIинчIо,**
**Дир халкъалъул рокьуца кьуна дир чорхое рухI…**

ГьабсагIаталда нилъер пачалихъги нилъги ккараб хIалалъул пикру гьабулагоги, «АхIмадица щибдай абилаан нилъеда?» – ян абураб суал бачIуна цебе.

ЦIурмиловасулгун дир лъай-хъвай ккана 1949 соналда росдал школалъул учительлъун хIалтIулаго. КъваригIелалъ гьесухъе щварав дие, къалам-кагъатги гIодоб лъун, суал кьуна:

– Киса мун кколев, гьудулавчи?

– БацIадаса.

– Кула-бецI руго кечIги хIалтIиги цолъизабурал магIарулал.

Нужер ясаз кечI ахIулеб мехалда ЧIегIергIор лъалхъула, унеб рахъги кIочон тун. МагIида тIамур бачIеб рукъги нужер гьечIо. Дида ракIалде ккола мунги кочIохъан ватизе вугилан.

Гьес, мандолинаги босун, халкъияб кочIол авалиял рагIаби ахIана:

– ГIуччин хурий, ханпача,

Хурул бижи кин бугеб?

Дур ракIалда щиб бугеб?

– Хурул бижи квеш гьечIо,
РакIалда Аллагь вуго…
Дун унелъул гьес абуна:
– Гьале нилъ гьудулзабилъун лъугьана, – ян.
Гьобол-гьудул гурев чи щив вукIарав гьесул?

МахIачхъалаялдаса киса-кисаниги рачIарал машгьурал гIадамаз абула жал маргьабазулаб тIабигIаталъул берцинлъи бихьизе Гъунире рачеян. Гъунире щварал гьалбал живго ругьунлъарав хIикматав композитор вихьизеги щолаан, гIадат хIисабалда. Цо нухалда Мураделил гьариялда рекъон, ЦIурмиловасухъе гьоболлъухъ щвезе бокьарав гьевги вачун культураялъул министр Г.Губаханова ячIана. Гьесда гьоболлъи барал Москваялъул хъвадарухъабиги журналисталги рехсон руго ЦIурмиловасул хIакъалъулъ хъварал М.Башировасул, М.Абакаровасул, З.Зайналовасул, ГI.Дагановасул, Д.-ГI. Хазамовасул ва гIемерал цогидазулги макъалабазда. Гьединлъидалин дица гьел рехсолел гьечIелел.

Республикаялъул бутIрузулгунги, хасго Ш.ШихсагIидовасулгун божа-рокьи букIана АхIмадил. Чан нухалъ гьев Казбек районалде гьоболлъухъ вачун арав МухIамад Г1амировас. Цо нухалда дихъе ахIун бачIана Гъуниб райисполкомалъул председатель Мусаев ХIажица АхIмадихъе вачIаян. Гьенире данделъун ругоан районалъул нухмалъулел, хIурматиял гьалбал. Гьеб 1962 соналъул хасало цоцадаги къочун ратIалъана Расул ХIамзатовги АхIмадги. Гьел тIокIал цоцада рихьичIо. Гьенив вукIана ГI.Шахтаманов ва цоги машгьурал гIадамал. ГIабдурахIман Данияловасул хъизаналъулгун вацлъиялъулаб божа-рокьи букIана АхIмад ЦIурмиловасул. Композиторас ГIабдурахIманил лъади Хадижатие сайгъат гьабураб бакъаналда ахIулеб кечI доб заманалда кочIохъабазул репертуаралда букIана.

Щибаб къоялъ ЦIурмиловасухъе жидерго къварилъи бицун, кумек щвезе хьулалда тIаде хьвадулаан гьев лъалелги лъаларелги, росабалъа рачIарал колхозчагIи. Чанги гьезул къваригIел тIубалаан гьесул телефоналъул трубкаялъ.

АхIмад вукIана ихтилат бокьулев, жиндир каламалъулъ поэтикияб махсароялъул жугьаби рессарав чи. Цо нухалда гьесул рокъое жание лъугьун ячIана аваданай колхозчIужу.

– АхIмад, – илан абуна гьелъ, рукъ бакьулъ таргьаги гIодоб лъун, – чIухIи гьабичIого кванай нужеца гьаб дирго квералъ гIезабураб татуяб картошка. Дун ячIун йиго цо зодове валагьарав хIакимасда тIасан гIарзалъ…

АхIмадица гьикъана гьелда:

– Дуца щай гьел зодоре балагьарал хъулухъчагIазда дурго къвакIи бихьизабулареб?

– Чвантиниб ихтияр бугел «бугъби» дидаса хIинкъилищ?

– ХIинкъила… Гьале гьабсагIат районалъул бутIрул кансиляраздаса къватIире рахъине заман гIагарлъун буго. Кодоб зазил тIилги ккун, гьел «бугъбузда» цеесан гьаниехун тIадюссун ячIа.

«Валлагь теларилан» ана гьей.

Гьеб ихтилатаб сценаялъул лъикIаб хIасилги ккана. ГIадамаз гьелъие къиматги кьуна бюрократазде гьабураб АхIмадил гьужумилан.

Цо къоялъ Гъизляралъул мучIдузда гIи-боцIухъабазе концертал кьезе ине хIадурлъараб агитколлективалъул цIун батана дида ЦIурмиловасул

рукъ. Столалда нахъа дие бакIги гьабун, гьес дихъе «жакъасеб почилан» кагътазул танг бегьана. Гьенир ругоан киса-кисанги районаздаса рачIарал кагътал: «Нижер ракI тирхулеб куц радиоялдасан дур кучIдул ахIулел мехалъ», – илан хъвалеб бугоан Казбек районалдасан. «ГIенеккарал хIайран гьарулел дур бакънал дие цIакъ рокьана, гьездаса дие щвараб рохелги загьир гьабулаго, гьарула дуе халатаб гIумру. Нижер мурад буго хадубккунги дур гьайбатаб творчество цебетIей», – илан хъван бугоан шагIир ТIелекьа МухIамад-ТIагьирица. «Нижее цIиял бакънал хъван ритIе», – ян гьарулеб бугоан школлъималаз ва гIолилаз.

МугIрузул улкаялъул тIолалго миллатаз ЦIурмилов жидерго композитор хIисабалда кIодо гьавуна. Гьесул хIакъалъулъ хъвана Расулица. Куласа поэт ГI.ХIажигIалиевас гьесие сайгъат гьабуна «Меседил чIва» абураб поэма. КучIдул хъвана Шуланиса МуртазагIалиев СалихIица, Шималияб Кавказалъул шагIирзабаз. Гьев гьайбатав инсан гьанжеги ракIалде щвезавула музыка бокьулез. Дица гьаниб рехсела лаказул поэтесса Миясат Шурпаевалъул ракIалдещвей:

**ХIеренаб ракIалъул бетIергьан гIадин,**
**Вуго мун цеве чIун, дол соназ гIадин.**
**Ва дур сипаталъулъ рещтIун бихьула**
**ТIолабго гьайбатлъи гьаб тIалъиялъул.**
**Каранлъ бакI гIечIого кIетIана дир ракI**
**ТIоцере дур бакънал рагIараб къоялъ.**
**Берцинлъи, гьайбатлъи гьаб гIумруялъул**
**Дур хIикматал килщаз чIчIвабзахъе кьуна.**
**Дида кIоченаро ракI хIайранаб кечI,**
**РикIкIадасан йиго гьелъухъ гIинтIамун.**
**ГурхIел гьечIеб хвелалъ хъамун ана мун,**
**Дур хинлъи хутIана нижер ракIазулъ.**

ЦIурмилов шапакъатаз гIемер веэдичIо. Гьесие кьуна 1958 соналда республикаялъул Баркалаялъул кагъат ва ДАССРалъул Верховный Советалъул ХIурматалъул грамота. Гьесие щвана бищунго тIадегIанаб шапакъат – жиндирго халкъалъул рокьи ва асаразе даимаб гIолохъанлъи.

IV

«Байбихьараб иш нилъеца рагIалде бахъинабизе ккола!» Къасикъад лъалхъи гьечIого, тIаса квер босичIого живгоги хIалтIун, гьел рагIаби такрар гьарулаан композиторас. Дирги гьесулги гьудуллъи жеги щулалъана Гъуниб районалъул культураялъул отделалъе дица нухмалъи гьабулел соназда. Республикаялъул кIиабилеб фестивалалда гIахьаллъизе АхIмадил нухмалъиялда гъоркь нусиде гIагарун чиясдасан данделъараб коллектив хIадурлъулеб букIана. Репетицияда малъа-хъвай гьабизе вачIарав композиторасул коляска, посталда чIарав солдат гIадин, клубалъул бакьулъ лъалхъун букIунаан. Тахшагьаралде ине къо щвана. ТIоцебесеб машинаялда лъуна ЦIурмиловасул коляска ва машинаялда рекъезабун берцин гьабун бакIалъул художникас бахъараб Гъунибалъул сурат. Гьелда гъоркь чIахIахатIалъ хъван букIана: «Ниж руго Гъуниса!» – абун. Ниж жанир

рещтІине университеталъул клуб щвана. Бакьулъ АхІмадил коляскаги лъуна.

ХІурматияв тахшагьаралъул гьобол композитор рокъове вачине рачІарал таманал гьудулзаби тІадруссине ккана. АхІмадица лъазабуна жив коллективалда гъорлъ вукІине кколилан. Нахъияб къоялъ батІи-батІияй районаздаса рачІарал артистазул кочІое тахшагьаралъул зобал къварилъана. ГІайшат Мазаловалъ цебе ахІулеб, АхІмадица бакъан хъвараб «МагІарулай» абураб кечІ нилъер мугІрузда рекІехъе лъана, чІарадисезул бихьиназул хоралъ ахІараб «Ленин» (рагІаби ГІ.Шахтамановасул) абураб кечІ республикаялъул гимналде сверана дол къояз.

Гъунисез бихьизабуна сценаяде рахъиналъул культура, репертуаралъул мисалияб гІуцІи. Заводазда, предприятиязда цере рахъунаго гІадамаз ахІулеб букІана: «Гунибцы - молодцы!» – абун. Коллектив тІадбуссана сайгъаталгун, халкъалъул баркалагун, фестивалалда тІоцебесеб бакІги ккун. Гьеб букІана кІочон толареб сапар.

КПССалъул обкомалъул тІоцевесев секретарь Даниялов ГІабдурахІманица ЦІурмиловасулгун партактивалда дандчІвай гІуцІана ва композиторасе жиндирго сагІат сайгъаталъе кьуна.

Гьеб сапаралда вугеб мехалда АхІмад вачана, гьевго гІадин сакъатлъарав, больницаялда вугев ГІаймакиса Ражабов МухІамадихъеги. Цоцазда рихьилелде гьезда лъалаан щивасул гІумру. РагІун рукІана цоцазда поэтги композиторги. КІиявго яхІ бергьарав магІарулав цоцахъ ралагьун хутІана. Цоцазда рагІи абилелде къисматалъ кІвекІарал гьурмаздасан магІил гарал гирана. Нахъе унелъул АхІмадица поэтасухъа росана бакънал хъвазе кучІдул.

### V

Камулароан ЦІурмиловасе гьудул-гьалмагъзабаз сабру бикьизе ккарал къоялги. Районалъул коллективазул репертуаралда гьоркьоса цо-цо АхІмадил кучІдул нахъе хъвагІан ратулаан цІиял бакънazул кІвар жидеда бичІчІуларел Культураялъул министерствоялъул хІалтІухъабаз.

Ниж, школазул директорзаби, моцІрол ахиралда Гъунире ине кколаан учительзабазе харж босизе. Гьеб къо АхІмадица битІахъего байрамалде сверизабулаан.

ЛъебергогІан соналъ бусаде ккараб кочІохъанасул черх хІедучирахъ гІадин дагь-дагькkун сун унеб бугониги, гьес гьалбадерида, гьудулзабазда ва гІадамазда хІал лъазе толеб букІинчІо. Кагъат-къаламалде, мандолинаялде чучулаан гьес макьу бачІунарел халатал сардал.

Дида цебе буго дос даптаралда гьабун тараб ахирисеб хъвай-хъвагІай: «…дир чорхол жан сун унеб бугилан ккола, гьурмада балъго чІвалеб хвалил квачалде ругьунлъун ккун вуго дун. Мех-мехалда дида рагІула рахІму гьечІеб гІажалалъул бакІал галаби. Дир кечІ гьоркьоб къотІизабизе, дир рокъоре щун руго гьел».

Нижеца, досул гьарияцда рекъон, кьурул рагІалде, живго вижараб ракьалде – шулендерил мегІер-шобалде буссун лъолаан гьесул коляска. Гьасда живго, гьитІинав, анкьго сон барав бесдалав, вихьулев вугилан кколаан дол родолкьерал тІадцурал зобалазда гъоркь эркенал сухъмахъазда хьвадулев, гІачи-бачал сверулев. Вацас Гъамсукьа босун сайгъат гьабураб чагурги букІунаан гьесда цадахъ гьотІол гІаркьелалда далунниги, къвалакь ккунниги. Гьеб цого-цо бугеб рохел-чагрица «хур бекьуларин» къватІиве гъуна гьев бесдал эбелалъ ва лъарагІазул щоб герун, рикІкІаде щвана мискинаб

дунялалда жиндирго бакI балагьизе. Цинги композитор гъоба гъоркь кьураби чурулеб ЧIегIергIурул къо-лъикI гьабиялъул кочIохъ гIинтIамун чIолаан.

Чанахъанасул гуллица мугIрул бис гIадин, лъукъана гьав тIасан унареб гIузруялъ битIун завалалда вугев гIолохъанчи.

– Мун доб заманалдаса нахъе дурго гIагараб Шуланиве щвечIищха, АхIмад? – илан гьикъана дица.

– Щвана цо нухалда. Гъунив чода рекIарав дун росдал годекIанив гIолохъабаз гъоркье вачана. Дирго лъикIав гьудуласе гьарулей яс гьелъул гIагараз кьоларого, гьезухъе ун вукIана. Дир мурад тIубана гьез. Гьеб букIана ахирисеб сапар.

АхIмадил горда гъоркье щвана тIогьол цIураб магIарул апрель. Гьеб ккана досул гIумруялъул 54 сон тIубалеб ихлъун.

БукIана кочIохъанасул рекIее хинлъи кьолеб цо рохел – цого-цо йигей яс Роза. Инсуца гьей сагIаталдаса сагIаталде жиндаго аскIое ахIулаан, гьелъул бетIер каранде къалаан. Гьей ригьнаде ун йикIана. Лъиданиги лъалароан магIаруласул аваданаб рокъобе нахъа, АхIмад цевеса ун хадуб, чIегIераб балагь лъугьине букIин. Роза, ГIунтIиса жиндирго яцгIалгун цадахъ, гIагараб росда гъоркь машинаялъ авария гьабун, чIвана.

ЯхIалъ дунял борхарав досда гьеб ками хIехьезе кIвезе букIанадай?!

**…Дур киниде къулун кучIдул ахIарав,**
**Эмен чIаго гьечIо гьаб къо борхизе.**
**Дур гьаркьида рекъон бакънал хъван кьурав,**
**Эмен хабалъ чIелищ, мун хварай лъани?**
**Духъ магIу бахъулел гIолил ясазул,**
**ЧIегIер бахъилелде хъахIлъила къунщбал…**

ЦIурмилова Роза хIадурлъулей йикIана Расул ХIамзатовасул творчествоялда тIасан хIалтIи (диссертация) хъвазе.

## VI

Дунялалъул берцинлъиялде бахилаб бералъ балагьун букIана Гъуниб тIалъи. «Гъуниб» газеталъул редактор - Шуланиса ГIабдулатIипги дунги майданалда тира-сверулел рукIаго, данде ячIана тохтур Асият.

– Нуж ЦIурмилов АхIмадихъе щвезе а, – ян хIинкъадго щурана гьелъ.

Нiж цоцахъ ралагьана, хехлъи гьабун, кочIохъанасул мина бугеб рахъалде гIедегIана.

Рукъалда цебе лъураб коляскаялда жанив, гIинзукь кверги чIван, ЧIегIергIурул чвалиялъухъ гIенеккарав гьесда ниж аскIоре гIагарлъизегIан рихьичIо.

– Ихдалида дандчIвазе къватIиве вахъарав мун бакIал пикрабазда вихьулаха, АхIмад, – илан кIалъана дун. Къан нижер кверални росун, Розаца аскIор лъурал бакIазда ниж гIодор чIезаруна бакънaзул устарас. Цинги жаваб кьуна:

– Гъудулзаби! РачIун - ина сонал… анцIго, лъеберго, кIикъоялда анцIго, цинги АхIмад абулев чи вукIанищ дунялалда, вукIинчIищ киназдаго кIочон тела. ГьадигIан дунял берцин бихьарав дунги гьобол вукIун вуго…гьанив…

Гьесул беразда цIадал тIираби кунчIанилан ракIалде ккана дида. Кьурун вуссун, васлъун хьихьарав СагIдулагьида гьарана гьес жиндихъе мандолина босеян.

СихIкъотIи. Нижее абизе бокьун букIана: «АхIмад, дуе хвел букIине гьечIилан». Амма «хвел» абулеб рагIи абизе бажаричIо…

АхIмадил бетIер добе цIумазул борхалъуде буссана, алмазал гIадин ганчIил кьурабазул тIогьиб лъалхъана гьесул беразул нур. Цинги гьес, бигьа гьабун мандолинаги хъинтIулаго, рагIулеб-рагIулареб гьаракьалъ ахIана:

**Гъуниб мегIер бихьула гIурччинаб тIанса гIадин,**
**Дунги тIаде вахани хвеладай долъул къимат?**
**Бакъул цIураб кIкIал буго иццалгун гаргадулеб,**
**Дица кIалчIван гьекъани, къун тIагIинадай, Бечед?**

Пашманаб сихIкъотIи тIаса босизе нижеца гара-чIвари буссинабуна тIегьералде, кечI-бакъаналде, тIаде щвараб Май-байрамалде. Нижер гьудуласул пикраби зодореги гIодореги щун руссана.

– Нужеца дун вукъе гьагъаб шагьранухлул сверелалда гъоркь. Дида нухлулазул кечI рагIизе ккола. Дир гIинда чIвазе ккола чIарадисезул, кула-бецIдерил щобазул гьури гIадал панаял бакънал, гьез дир ахират, чIанада майдан гIадин, гIатIид гьабила.

Гъуниб мегIералде нахъе гирун унеб бакъул гьакибер ТIадгъунибалъул кьурул мицIиралда бан, цодагьалъ лъалхъун тIерхьана ниж, АхIмадие лъикIаб сордо-къоги гьарун рахъун унаго.

Ниж нахъруссун ралагьичIо, щайгурелъул, лъалеб букIана бакънazул устар нижеда хадув хIисабалда валагьун вукIин.

Жеги Шуланиб тIалъуде рогьел загьирлъун букIинчIо. Дир гьалмагъ рукъ бакьулъ эхетана.

– АхIмад нилъедаса ун вуго!

– Ватиларо!

Сон гIурччинлъун букIараб дунял чIегIерлъун бугилан ккана дида. Райисполкомалда Мусаев ХIажица цIалана ЦIурмилов ахирисеб нухда тIовитIизе гIуцIараб комиссиялъул сияхI.

Гъуниб майданалде гъоркьан тIаде чвахана росабалъа халкъ баччун рачIунел бакIал машинабазул читIирал, аэропорталда рещтIана МахIачхъалаялдаса зигара базе рачIарал Культураялъул министерствоялъул вакилзабиги. Гьеб 1962 соналъул 30 апрелалда къалъудаса хадуб жинцаго васигат гьабураб шагьранухда гъоркь вукъана магIарулазул бакънazул устар, киназего хирияв Шуланиса АхIмад ЦIурмилов. Къо-лъикI гьабиялъул кIалъай гьабизе дида тIадкъан букIана. пашманаб къоялъ хабал рагIалдаги рекIелъе чвахун рачIунел рукIана кочIохъанасул хIакъалъулъ кочIол рагIаби:

**Рокъоб чирахъ свана, сарин къотIана,**
**КучIдузул къебелъи къарабищ гьанже?**
**Бальго къварилъила къадада жергъен,**
**Поэтал гьоболлъухъ лъида рещтIинел?..**

***КъурбангIали РАСУЛОВ,***
***Гъуниб район, БацIада росу.***

**Галим МУТАНОВ,**
**казахазул шагІир.**



## «КЕНЧІОЛЕБ КАНЛЪИ» КУЧІДУЗУЛ ТІЕХЬАЛДАСА

### КЕНЧІОЛЕБ КАНЛЪИ

**Дуца гІумруялъе дурго магІна кье**
**Ракьалде вачІараб лахІзаталдаса.**
**РухІалъул бечелъи гьелчезе гьабе,**
**Гьеб сайигъат гьабе чияр ракІазе.**

**«ТІадегІанаб магІна – гьеб буго рокьи»,**
**БацІцІадаб рекІелъ гьеб цІуне, дир гьудул.**
**Бугони лъикІаблъун дур гІумрудул нух,**
**Киназего щвела кенчІолеб канлъи.**

### АЛЛАГЬАСУЛ САЙГЪАТ

**Аллагьасул сайгъат – ракьалда вижи,**
**Божа, цІоб гІатІидаб гІумру буго дур.**
**БетІергьанас бикьун кьолеб рахІматалъ**
**РухІги дур миллатги хинлъизарула.**

**ГІумруялъул пайда букІине ккола,**
**РекІел кІутІи кьезе дурго халкъалъе.**
**Халикъас цІан кьураб щибаб лахІзаталъ**
**ЯхІалъ гІадамазе хъулухъ гьабулеб.**

## ТАЛИХIАЛЪУЛ НУХДА

**Аллагьас гIуцIараб гIалам буго гьаб,**
**ГIадамазе заман къадарлъун хъвараб;**
**ШаригIаталъул нух тIадаблъун гьабун,**
**ТIадвугес малъараб гьабулев вукIа.**

**Амма, гIумруялъул сонал анагIан,**
**ГIадамаца къеркьей тIаса бищула.**
**РитIухълъи чIвалезул кьерал цIикIкIуна,**
**РикIкIен гIемерлъула талихI гьечIезул.**

## ГIУМРУ КЪАБУЛ ГЬАБИЗЕ

**Бугеб хIалалъ гIумру къабул гьабизе,**
**ГьитIинаб кIудияб рикIкIине ккола.**

**ВатIаналъул ракIги, бакIги, канлъиги**
**Киналго рохьалги, мугIруло тIогьалги,**
**Дуда лъазе кола…**
**Щибаб щуриялъ**
**Ракьалда дур ишал рихьизарула.**

## ГIУМРУДУХЪ ГIАЩИКЪЛЪИ

**Кинида лъимер буго гаргадилеб хIикматго,**
**Квераз кколеб бугилан ккола гьелъ букIинесеб.**
**ГIумрудул ахIи-хIуралъ саламатав бихьинчи**
**Вухьун вугилан ккола базаргун вокзалалде.**

**Бусада вугев херав тIаде рачIанщиназул**
**Бадиве валагьула, гьесда гьанже лъикI лъала,**
**ТIадвуссине гьечIеблъи гIолохъанал соназде.**
**Щибаб ригьалда гьабе, Аллагьас кьураб гIумру –**
**ГIумруялъухъ гIащикълъи, анищги хьулги буго.**

## ШАВКЪАЛЪУЛ ХIИНЧI

**Дир рекIелъ, пиридул кьералги росун,**
**Кьурданани нагагь хIасраталъул цIа,**
**Гьелъ борчIизабураб гьинал рекIелъа**
**РикIкIаде боржина куркьбал ругеб рухI.**

**Боржина шавкъалда хIасраталъул хIинчI,**
**Рохалил свераби гIатIидги гьарун.**
**Гьеб эркенлъиялъул бергьенлъиялъухъ**
**Балагьун чIун буго, бачIина заман.**

Мун дир шавкъалъул хIинчI, гьабе цо тIавап,
ТIадвугесул зодоб балагье роржен.
Дунги дур куркьбазда, гIадада гуро,
ГIалам бихьуледухъ воржунев вугев.

## КЪОГИ СОРДОГИ

Даим цоцазда хадур
Руго Сордоги Къоги,
ЛъалкIида тIад лъалкI гIадин,
ГIумруялда руго гьел.
Аллагьасул хIукмуялъ
Цояз цоял хисула,
Бакъги рагIадги гIадин,
БецIлъигун канлъи гIадин.

Даим цоцазда хадур
Руго Сордоги Къоги…
Гьез бачун унеб буго
Бичас кьун бугеб гIумру.
ГIумруялъ суал кьола
Жаваб кьезе захIматаб:
– Вугищ мун яги гьечIищ?

Даим цоцазда хадур
Руго Сордоги Къоги,
ХIалакун рекерулел,
Раккулел ва тIерхьунел.
ГIумрудул ахиралъул
ХIисаб кьезе тIамулел,
ТIадвугес кьураб заман
КигIан бугеб лъаларел, –
ЛъагIелищ я лахIзатищ?

Даим цоцазда хадур
Руго Сордоги Къоги,
Хисун сверун рачIунел,
РорчIулел ва кьижулел.
Кьола гьез нилъее дарс,
РакIалдаса унгейин
ЛъикIлъигун квешлъи гьениб
Даимаблъун гьечIеблъи, -
Гьабейин Аллагьасде
Алжан кьейилан дугIа.

## АНИЩ

Аза-азар кверал, зодой ритIарал,
Аза-азар берал, анищ чIагоял,
ГIадамаз божигун гьарулеб буго:
Гьардарав, кье нижей рокьиги чедги.

Азарго огъохъат цолъулеб буго
Цо вугесул канлъул чирахъ цIунизе,
Аллагьасда рухьун ругел анищал
Аниса зобазде руго гIедегIун.

ХIинкъичIел ццин лъачIел, ракIал кIетIола,
Аятазда рекъон, Къуръаналъ кьурал.
ТIолабго гIаламалъ гьабула дугIа,
Аллагьасул цIаралъ анищ цIунулеб.

## ДАИМ ЛЪИЯЛУЛ ЛАХІЗАТ

Кинабго херлъула, замана индал,
Амма чвахун унеб букIуна гIумру.
ЦIилъула ракьалда бекьараб мугьги,
Гьелъул чIор бакъуде цIабуцIун уна.

ГIолохъанлъиялъул гучаб къуваталъ
Толаро херлъизе хвел гьечIеб гIалам.
Рокьул канлъи кьола эбел-инсуе,
Эбел-ватIаналъ нилъ чIаго гьарула.

Даимлъидул лахIзат ва гьелъул магIна
ГIолел лъималазул гIумрудулъ буго.
Цояз-цоял хисун унел гIасраби
Ирсилаз цIунарал гIорхъаби руго.

Хис–баси гIумрудул гIаламат буго,
ГIаданлъун вукIине тIадаблъун буго.
Жакъасеб къоялъул хьухьал ракIарун,
БукIинесеб бахчун хутIизе гьечIо.

## ГIОЛОХЪАНАБ МЕХ

Анищазе гIолеб гьечIо дир керен,
Каранда батIияб цо цIилъи буго.
ЦIар дие хутIараб гIолохъанлъидул
ГIажаибал тIугьдул тIегьан рихьула, –
ХьвагIун квергун ана, дунги нухда тун.

Карачелабаца, гьелчеялъулъ лъун,
ЦIакъго-цIакъ рикIкIаде восун ана дун.
Дуниял хисана хаселаз, ихаз,
Рохел лъугIун, кьолеб буго пашманлъи, –
Хасалихълъи буго гIагарде щолеб.

ГIумруялъул кьерал хисулел руго,
Кьеразул суратал сверулел руго.
Амма нилъей къураб цо гIолохъанлъи,
Нахъбуссун кидаго бачIине гьечIо, –
Гьелъул ракIалдещвей букIуна рекIелъ.

## ЦIИЯБ СОН

Чвахун цIад гIадинан, жиб гIедегIараб,
ГIумруялъул цоги сон паркъун ана.
РакIалде щвеязул лъалкIал хутIула,
ХутIараб кинабго ихица уна.

ЦIияб къо, цIияб сон… ГIадатго гьезда
ДандчIвай гьабизе нилъ гIедегIун руго.
ГIумруялъул заман къокъ гьабулаго,
Къоязул лахIзатал свинарулаго.

Соназул цIалкIуялъ гIумру цIалкIидал,
Щиб телеб, хутIилеб, ахир щварабго?
Гьелъул байбихьиги, гьелъул ахирги,
Хирияб ракьалда бекьараб буго.

Дун кьурул рагIалда эхетун вуго,
Эхеде, эхебе бахун уна рухI.
БачIине биччанте рекIелье хIалхьи,
ХIалхьи гьечIеб чвахи буго дир гIумру.

## ЦIАЙИ БАЩАЛЪИЯЛЪ ККУН БУГО ДУНЯЛ

ЦIайи бащалъиялъ ккун буго дунял,
ЛъикIлъидул, квешлъидул цIадирабазда.
Дуца щив вищулев бетIер къулизе,
Къудратав Аллагьищ, яги къиралищ?

Гьереси лъаларел цIадирабазда
ЦIала БетIергьанас дур щибаб гали.
Ва дур гIумруялъул сагIтал рорцуна
Гьудулас, тушманас, лъикIалгун квешал.

Дурго дудаго ракI рекъон букIине,
Къай дуца каранде даимаб лъикIлъи.
Аллагьасул рокъов жанивги лъугьун
КъватIиве вачIиндал дуца абила
Аб дуниялалда: «Дун гIадан вуго!»

## ЗАМАНА – ГАМА

Аллагьасул гама буго замана,
ГIадамазда лъазе тIадаб буго гьеб;
Гьеб Арараталде рехизе букIин
НекIого рагIараб балъголъи буго.

Аллагьасул гама буго замана
ГIумруялул ралъдалъ щибав рекIараб.
ВукIа мун разиго дурго бакIалда
КIванани лъедезе хвасарлъиялде.

Буго гама. Буго тIупан тIолеб зоб…
Ралъдал гьелчеялъулъ чIаго хутIизе,
БатIияб рокьи лъай, бецIлъи тIагIине,
ТIадвугесда божа, НухIил хъизанлъун.

Ралъад гьалаглъула, амма гьелда тIад
Аллагьасул гама лъедон борчIула,
Гьелъ ралъад бахуна къадруяб хIалалъ,
Къудратасул тIалаб тIубазе гьабун.

## ГIАХЬАЛАБ МУРАД

Аллагьасул цIобалъ цIунун ругезе
ЩIидасан рокьигун хIалхьи гьарула.
ГIицIго заманалда лъаларо хIалхьи,
Замана тун къватIиб хутIун буго гьеб.

Гьавула ракьалда, кIудияв гIола,
ГIумру чвахун уна, балугълъи щола.
Ва къоял лъугIидал, сагIат лъачIого,
Дуниялги тола, ирга щварабго.

Рихьула, гIумрудул руккелал гIадин,
Раккулел, тIерхьунел руго гIадамал.
Киназдаго лъалеб цо ахир буго,
Ахир жив-живасул жиндирго буго.

## КЪИСМАТАЛЪУЛ ТIЕХЬ

Рогьалида рагьизе,
МаркIачIуда къан ине
Кьун буго гьал тIанчазе.

ТIанчида хадуб тIамач
Бегулеб гьаракь буго…

ГIумрудул тIехь лъугIула,
ЛъалкI ишазул хутIула
ТIокIаб цохIониги мухъ
Нахъбуссун бачIунаро.

Нилъей лъугьарабщинаб
Гьаниб хвелгьечIеб буго,
Божа!.. Даим хутIила.

КIудияб гьитIинабищ
Гьаб тIехь батIалъи гьечIо
РитIухълъиги лъикIлъиги
БукIине кола гьаниб,
Нилъеда зобалазул
Амру тIубараб лъазе.

Аллагьасухъе щведал
Щиб ккелеб? Алжан? ЖужахI?
РухIалъул нух борцунел
Цо цIадираби руго,
РитIухълъиялъ ккун ругел.

## КАМИЛАВ ИНСАН

Гьаб ракьалъул гIумру бакьулъе щведал,
Цогидаб рахъалда ахир бихьидал,
Дихъе гIолохъанлъи нахъбуссинаро,
Дуниял тун арал чIаголъиларо.
Гъуршазде къуларав къарум гIадинан,
ГIумрудул къоязде къулун хутIила.

Араб аралъуб те, нахъе щоларо:
«Щиб гьабизе кIвечIеб, щиб хутIун бугеб?» –
ТIубазабе налъи. ЛъикIлъидул лъалкI те.

Биччай дур гIумрудул букIине магIна,
Чияралъул гуреб – дур гIумруялъул.
ГIодовегIан дуца гьавуге мунго,
Ва Абайил гIакълу гIадахъ босун те:
«Инсанас хIаракат бахъизе ккола
Камилав вукIине кинабго рахъалъ.

## ЛЪИКIАВ ЧИ

ГIадат буго гIадан хвараб мехалда,
Хабал рагIалалда эхетаралго,
Абула, гьикъидал хварасул рахъалъ
«ЛъикIав чи вукIанин мунагьал чурад».

Гьеб гIадатлъун буго… Кинан аниги,
Ун вуго, нилъги тун, цогиги инсан.
Киналго унелъул, тIадаблъун буго
ЛъикIлъидул рагIаби хадур абизе.

ЛъикIлъи – гьеб рокьуца рехсезе ккола,
Пайда цIеханищ? – гьеб гьереси буго.
ЛъикIав чийилан цIар рагIизе ккани
Квешлъи гьечIеб гIумру гьабизе ккола.

## БЕРЦИНЛЪИ

Анкьго зоб, анкьго ракь бугин абула,
Аллагьасда лъала гьезул рикIкIенал.
БакIарани данде кIудиябщинаб,
Бищунго кIудияб буго берцинлъи.

Берал гIорцIуларо гьелъухъ ралагьун,
Багьа иллагьияб кьун буго гьелъий.
Гьелда сверухъ буго хIикматалъул нур,
ЛъугIуларо кунчIи берцинлъиялъул.

Цо лахIзаталъ гьелда бер кIутIарабго,
ТIубараб гIумруялъ кIочон толаро.
ЧанцIул бицаниги, сундулъго бахчун
БукIуна берцинлъи, балъголъи гIадин.

Берзул канлъиялъе дару буго гьеб,
Дарран нилъ сорозе даим тIамулеб.
Берцинлъи лъарабго лъала ритIухълъи,
РитIухъаб гIакълуялъ кьола берцинлъи.

ТIад месед бекьараб пахьул кунчIиялъ
ЧIоге махсароде кквезе ракьалда.
Бахчараб берцинлъи бихьизе ккани
Ралагьизе ккола рекIел бералъан.

## ГIАЙИБ ГЬЕЧIОЛЪИ

Дида кIолебани данде гьабизе
Дун гIажаиблъулеб манарша тIегьги,
Алтаялъул хъахIал мугIрул тIогьалги,
ГIазукьан рецIцIулел ругел иццалги,
ХIанкъва тIад лъедолеб хIорил матIуги,

Рогьалил кьераца кьолеб суратги,
ТIеренлъун цIилъараб хъандиро-моцIги,
МоцIролъ бахчун буго хIайранаб цIаги –
ЦIар гьелда лъелаан бацIцIалъийилан, –
Релълъинабилаан яс-гIаданалда.

## ЯСАЗУЛ СУХЪМАХЪ

Нечараб балагьи,
Гьелчолеб гIищкъу
Бахчизе рес гьечIо –
Босе рекIеца,
БукIине те гIемер
ГIумру хIалимаб,
ХIалае бахъине
Биччай дуй къисмат –
Къосине рес гьечIеб
Ясазул сухъмахъ.

Балъголъидул бераз
Нилъги реэдун,
Уна гьеб аскIосан,
Лъалхъизе гьабе,
Лъала, гьеб гьечIони
БачIунаро кечI.

Лъала, Аллагьасул
Кумекалдалъун,
Киназго цIунулеб
ГIадат теларо,
ГIаданлъун ватани
Те гIищкъуялда
ГIорхъи бахунареб
Ясазул сухъмахъ.

## ДУДА ЦАДАХЪ

ХIинкъулев вуго дун пикру гьабизе
Гьаб дуниялалда мун данде чIвачIин.
Инаан дир гIумру гIадада, гьудул,
Дуца куркьбал гъураб ракI гьечIонани.

Дуда берчIварабго борчIула хIикмат,
Мун данде ячIиндал чIола рокьул нур.
Беразулъ къалъараб къиматаб канлъи,
Аллагьас дуй кьураб гьунарлъун буго.

Мун лъачIеяни кин лъазе букIараб
РатIатIейгун гIицIлъи, гIумру цIоролеб.
ЦIан уна цадахъе квералгун ракIал,
КIалтIа эхетун чIун буго цIияб къо.

ЦIияб дандчIваялъухъ гIащикъ буго ракI,
«Йокьула, йокьула» – бачун кIутIулеб.
КIудияб къварилъи хIехьела дица –
ГIицIго дуда цадахъ хутIи гьарула.

## ДУДА АСКIОВ

Воре, мунго цохIо хутIараб мехалъ,
Хирияй йокьулей, кIочонге дуда,
Дун аскIов вугеблъи, цадахъ вугеблъи,
Пашманлъизе дица тезе гьечIеблъи.

ГIумрудул лахIзатал рорхунел руго,
Вижараб дуниял сапарлъун буго,
Лъай дуда кидаго дун цадахъ вукIин,
Цолъун ракIал рукIин нилъ кIиязулго.

ХIеренаб риияльъ реэдулаго
ДандчIвазе руго нилъ нилъерго рокъор,
Гьинал рекIел канлъи дуе кьолаго
Божа, дун кидаго вукIина аскIов.

## ЦО-ЦОЯЗУЛ ГIУМРУ БУКIУНА

Къадругун намус кIочон,
РекIелъ чIегIерлъи цIунун,
ГIумруялде рокьи чIван,
Ракьулъе унел руго.

Квешлъиялъе гІумру кьун,
Кьурал къоял лъугІулев,
Киданиги лъаларо
Дуда талихІ, я хІалхьи.

## БАКЪУДА ТІАД РАГІАД

ГІумру тІегьан буго бакъул чІоразулъ,
Киналго халкъазе хинлъи кьола гьелъ.
Киналниги хІанчІи, тІугьдул, хІайванал
ХІайранлъизарула гьелъул канлъиялъ.

Бакъ гьоцІолъун буго, дарулъун буго
Дунялалда бугеб щибаб сумалъе.
Соназе, къоязе иццлъун буго гьеб,
Лъаялъул, рухІалъул хІикмат буго гьеб.

Мех-мехалъ накІкІаца сверун ккола бакъ
Ва чІегІераб рагІад рехула гьелде.
Кинабниги дунял чІегІер гьабулел
ХІинкъи бугел руго цо-цо гІадамал.

ЧІегІерал накІкІал тІад тІупарал мехалъ
Мун веэдуларо бакъул чІораца.
ЧІаголъи гІоларо гІемерал соназ
Нилъерго гъотІол пихъ хвасар гьабизе.

## ИЯХІАЛДА ХЪВАЙДАЛ

ИяхІалда хъвайдал, бухъардула рухІ,
ХІадур букІуна цІа каранда бугеб,
Калам гьабичІого, тушман вухІизе,
РакІалъ ритІухълъидал цІумур бухула,
Би гьалдон, беразул канлъи босула.

## ЛАГЪЛЪУДЕ ККАРАЛ РУХІАЛ

ТІад бугеб ханлъиялъ
Хвезе гьабураб,
Гьинал рекІел тІинда
ЧІола пашманлъи.

Амма гьеб бахъуна
Зама-заманалъ
Зулму тІаса рехи
ТІалаб гьабизе,
ТІамула кидаго
Гьеб ритІухълъиялъ
Къеркьезе, къо хІехьон
ХІухьел босизе.
Босун цІияб гІумру
РакІалъе кьезе,
Кьварараб хасият
Халкъалъе тезе,
Рокьигун гьудуллъи
Даим гьабизе.

## ГЬВЕ ХІАПДОЛЕБ БУГО

Гьвеги хІапдолеб тун,
Уна караван,
Кидаго лъугІизе гьечІо унеб нух.

Гьеб нух захІмат буго,
Халатаб буго
ГІодосан унесе,
ЧотІа гьечІесе.

Кидаго рагІичІо гьабзазул хІапи,
ХІалтІигун иш лъалеб караваналда.
Гьеб гІедегІун буго мурад тІубазе,
Амма гьве чІечІого хІапдолеб буго,
ХІарщулъги гебегун, ццидахун буго.
ХутІун буго гьелъий цого-цо гьари:
«Гьабе дун кваназе дуца, караван,
Дуе гІололъидал дун рурудулеб».

Амма унеб буго гучаб караван,
Киналго галаби рекъезе гьарун,
Къадру-къиматалда цебесан–цебе.

Гьелда цебе буго цохІо масъала:
Мурадалде щвезе, нухда лъалкІ тезе,
Лъаларел улкаби гІагар гьаризе.
Гьабзазул хІапдеялъ гьелъий кидаго
Квалквал гьабуларо, нух къосунаро.

…Уна гьеб. ЩинкІула гІорхъаби рахун,
Амма гьве хІапдола, гьаракь къинегІан.
КъватІул хІурулъ тІерхьун, чІутІал тІад рещтІун.
Релъула гьелда тІад тІолго гІадамал,
ГІадада хІапдолеб гІабдал бугилан.

## РУХІ ВА ХІАЙВАН

Кванай-гьекъей гуреб щибго лъалареб
Буго бижун хІайван дуниялалда.
ЦохІого-цо сакъис даим чІамулеб
Бугоункъо хІатІил хІайван ракьалда.

Гьелъий хІажат гьечІо тІадегІанаб бакІ,
БукІаралъуб тани буго талихІаб.
ХІасрат буго гьелъул лъугІиго гьечІеб,
Чехь цІезе гьабизе къасиги къадги.

**Нилъеца гьабула Аллагьасе рецц,**
**Аза-азар дунял дандеги бачун.**
**Гьес гIакълу кьун инсан кIодо гьавуна,**
**КIудиял зобазде нухги борхана.**

**ГIакълуялдасагун канлъиялдаса**
**Киналниги рухIаз босула къуват,**
**Инсанлъун вукIине ва рокьи лъазе**
**Аллагьасде вуссун гьабула дугIа.**

**...ЦохIо квенги чIамун гIумру гьабулев**
**ЧIамидул щапакъат щварав чи вуго...**

## ХIАЛТIИ

**ГIумруялде тIамулеб тIоцебесеб галицин**
**ХIалтIи гьабилъун буго гьаб ракьалда нилъеца.**
**Хъерщераби хвечIони ункъхIатIида хутIула,**
**ТIаде рахъине гIамал гIемераб гьабуниги.**

**ГIумруялда чед куна хIалтIи гьабулев чияс**
**Гьелъул тIагIам букIуна букIинеселъул гъастIа.**

**Бекьизе, бакIаризе кьураб буго ролъул хур,**
**Хуриб хIалтIи гьабичIес гьабуларо гIумруги.**
**Цо лахIзаталъ лъугьуна лъийго пайда гьечIевлъун,**
**Къварилъабазул лагълъун, цоязе рагьдателлъун.**

***Руссинаруна***
***МухIамад АХIМАДОВАС***



# Эркенал пикраби

**ГIИРБАНИЛ ХIажияв**



## ДИЦА КЪОКЪГО АБУРАБ, АФОРИЗМАЙИН ККАРАБ, АВАРАЗУЛ КИЦАБАЛЪ ЦЕБЕГО ПАРКЪ-ПАРКЪАРАБ

*Гъединаб цIар буго магIарулазул шагIир ГIирбанил ХIажиясул басмаялде бахъизе хIадур гьабураб цожугьаби, кIижугьаби, ункъжугьаби данде росараб тIехьалда. Гьеб тIехьалде унел жугьабаздасан цо-цоял кьолел руго нижеца.*

* * *

***Ахир бихьун воха.***

* * *

***Адаб тIегьачIелъуб гIумру бечIала.***

* * *

***Агъаз гьечIолъиялъ аскар гъурула.***

* * *

***Аваразул кицаби – каламазул пачаби.***

* * *

***Аралъул пикрабазда бачIунеб цебечIола.***

* * *

***Ахир кинаб ккелебан авалалдаго кантIе.***

* * *

***Аллагьас бахъула цIунизе лъачIеб, –***
***ЦIунизе лъалебищ бокьизе лъачIеб?..***

* * *

***Абизе бокьараб жо бичIчIун буго, –***
***Амма бичIчIуледухъ абулеб гьечIо.***

* * *

***Аллагьасдаса тIезе ракIалъ гьукъула инсан, –***
***Амма рекIедаса гьев тIезавула щайтIаналъ.***

* * *

***Ахир-къадги рукъалде руссине кколел ясал***
***Рекъон гьечIо рихьизе рокьи гьечIезул къвалакь.***

* * *

***Аб гIумру – хис-хисулеб гьотIол гIаркьел гIадаб жо;***
***Цин гIурччинго бихьулеб, цин тIамах гьун гIицIлъулеб.***

* * *

***АхIи-хIуралда гIалам; пикру лъица гьабилеб…***
***Пикруялъ цIураб гIалам…Щукру лъица гьабилеб…***

* * *

***Аллагьасукьа хIинкъи рекIелъ хIалигьинчIони,***
***Гьаб дунялалде вуссун согIлъулев хутIула чи.***

* * *

***Бераз ворцуна чи, ракIалъ восула.***

* * *

***БоцIи хириясе халкъ учузлъула.***

* * *

***БуцIцIун чIараб гъадида гьвелтIутIал тIад рещтIуна.***

* * *

***БакIа-бахаричIеб ракI, рикIкIалъулел пикраби.***

* * *

***Бицунге хабар кIалалъ, хинкIал кваназе хьулалъ.***

* * *

***Борхьица рачI кьабула, инсанас мацI кьабула.***

* * *

***Борхалъуде хьулазда хьуцIилъе ккезе чIоге.***

* * *

***Бихьинчиясда кьили чIужугIаданалъ чIвала.***

* * *

***БахIарчилъиялъул баракатгицин***
***Квер чIван бахъун уна хъачIаб гIамалалъ.***

* * *

*Бихьун чIалгIунареб чIухIи буго дулъ,*
*ЧIужугIадан йикIин тасдикъ гьабулеб.*

* * *

*БитIун босулилан дудаго кколеб, –*
*ГьетIун батулеб жо – гIумруялъул гьир.*

* * *

*Батараб куц хисун херлъулеб дунял;*
*Херал гьелъул гажаз хIанчIун тараб куц.*

* * *

*Бикъун лъугIулареб улкаго кинаб,*
*Бикъун гIорцIуларев инсанго кинав…*

* * *

*БичIчIизе захIматаб масъала гIумру,*
*Батизе захIматаб жавабги гIумру.*

* * *

*БакIал кIулал рахан ракI кин букIунеб,*
*РекIкIалъул кIкIуялда данде чIечIого.*

* * *

*Бицине кколареб бицунев дунги,*
*Гьикъизе кколареб гьикъулев мунги.*

* * *

*Бокьун баччулеб гьир тIутIгIан тIадагьаб,*
*БокьичIого бараб – тIухьигIан бакIаб.*

* * *

*Бугелъе къимат кьун къалам ахIдейги –*
*АхIмакълъи гуреблъи лъазе ккараб жо.*

* * *

*Баччизе кIолареб гьир борхугеян*
*КигIанха абураб эбелалъ дида…*

* * *

*БитIараб бицани, кIалги бекилищ,*
*ГIенеккизе лъани, гIинги бекилищ.*

* * *

*Борхалъулеб ритIухълъи, хъат чIвазе мустахIикъаб,*
*Мун киб бугеб, киб бугеб Кавказалъул сиязулъ.*

* * *

***Вижараб ишалъе итуге, инсан!..***

* * *

***Вихьизе гьоцIо гIадав, ватизе цIекIу гIадав.***

* * *

***ВачIунаро Мусаги, бичIчIуларо гIумруги.***

* * *

***ВатIаналъе гIоло тIугьдул гIезари –***
***Гьебги гIадлъи гуро бихьинчиясе.***

* * *

***ВичIчIарав гIоларо мунго дудаго, –***
***Дунял-гIалам лъазе ккела чиясда.***

* * *

***Вихьарав гIола чи, чи вугищ лъазе –***
***РекIараб гIола чу, чу бугищ лъазе.***

* * *

***Гурев гьудуласда горде ретIунге.***

* * *

***ГанчIилаб рекIелъан гурхIел пархинчIо.***

* * *

***ГанчIаздеги сверун сиязда ругел***
***БахIарзазул бицун мацI гIорцIуларо.***

* * *

***ГъалатIалги лъан, тIегьай.***

* * *

***Гъоркь лъураб бакIгицин кьаллъула цо-цо.***

* * *

***Гъадица гъадида къокъаб къвал бала.***

* * *

***Гъурщица гъурущ ккола, гъванщуца гъванщу ккола.***

* * *

***Гъулбас гьабуралъуб къаламги тоге,***
***КъватIал рацIцIаралъуб цIилицIги тоге.***

* * *

***ГъалатIал хIисабалде росулареб къаркъала,***
***Къаркъала хIисабалде босулареб гвангвара.***

* * *

***Гъажалда рекIинавун ваччизе ккогегиха,***
***Бохдулги гIодор хъвалев, вилълъинеги кIолев чи.***

* * *

***Гьаваялъ ворхарав пикруялъ тола.***

* * *

***Гьунар борхалъуде боххун бахуна.***

* * *

***Гьунар мукъсанасул жахIда цIикIкIараб.***

* * *

***ГьечIониги гIолеб гьаб-добалъул чи.***

* * *

***ГьитIинаб рагIуе цеберагIи щай.***

* * *

***Гьудуласухъе нух кьокъаб букIуна.***

* * *

***ГьитIинаб хъанхъраялъги хъатгIанасеб гьин гъола.***

* * *

***«ГьечIилан» аби гIадаб «бугилан» аби гьечIо…***

* * *

***ГьечIеб гьунаралда къвал балев гуро,***
***Бугеб ургъалида квелъ балев вуго.***

* * *

***Гьабзазул цоцазде букIунеб ракIгъей,***
***ЧагIазул цоцазулъ букIунеб ракIхвей.***

* * *

***ГьитIинаб кIодолъи – аскIоб гьудуллъи –***
***Гьелде квер хьвагIуге, гIамалкIодолъи!***

* * *

***ГьитIинаб гIочIолги рагIад букIуна,***
***КIудияб цIар буго рагIад гьечIеб жо.***

* * *

***ГьитӀинаб росугӀан кӀудияб дунял,***
***КӀудияб дунялгӀан гьитӀинаб росу.***

* * *

***Гьанже гӀияздасаги бацӀал гӀемерал ругин***
***БачӀунеб буго хӀисаб, улкаялда хӀал бакӀлъун.***

* * *

***ГьитӀинаб гордухъанги кӀудияб зоб бихьула,***
***ГьитӀинаб рекӀелъанги кӀудияб цӀа пирхула.***

* * *

***ГӀедегӀараб рагӀи гӀадада хола.***

* * *

***ГӀисинал тӀалабаз кӀудиял кӀкӀуна.***

* * *

***ГӀумру щукру гурищ БетӀергьанасе.***

* * *

***ГӀадамал какулес живго веццула.***

* * *

***ГӀумруги ВатӀанги – вац-яц гӀадаб жо.***

* * *

***ГӀечӀого къвакъвади – къолаго вагъи.***

* * *

***ГӀанкӀу къинлъичӀого бокьараб хоно.***

* * *

***ГӀенеккизе лъангутӀи – гӀакълуялъул гӀунгутӀи.***

* * *

***ГӀакълу – гӀезе кколеб жо; гӀумру – ккверзе кьураб жо.***

* * *

***ГӀадамазул хӀайванлъи, хӀайваназул гӀаданлъи.***

* * *

***ГӀамалалъ гӀодов лъурав гӀакълуялъ ворхуларо.***

* * *

***ГӀамалалъ мекъи ккарав къадруялъ ворхуларо.***

* * *

*ГIанкIида ракIалда царай къор гъезе,*
*Царада ракIалда гIанкIил къехь тIезе.*

* * *

*ГIадан гIадамасда квеш вихьугеги,*
*Квешлъи квешлъиялда лъикI бихьугеги.*

* * *

*ГIумрудул бакIлъиялъ гIодов лъогеги,*
*ГIищкъудул гьалаглъи квегъизе кIваги.*

* * *

*ГIодобегIанабги букIуна лъикIлъи,*
*ТIадегIан щваниги, батула квешлъи.*

* * *

*ГIадамазе дунял рихундай буго, –*
*Рихун батичIони, рагъал щибизе?*

* * *

*ГIумру букIун бугеб рукIкIен гIадаб жо, –*
*Бихъараб букъулеб, ругъналги лъолеб.*

* * *

*ГIумру – цIали буго; цIали яхI буго;*
*ЯхIалъулъ пикруги канлъиги буго.*

* * *

*ГIадан берцинлъулев адабалъила,*
*Адаб камиллъулеб ияхIалъила.*

* * *

*ГIумрудул хIалбихьиги анищалги цолъула;*
*Цинги пирхула пикру, пириялъул цIал гIадаб.*

* * *

*ГIабдалас, лъугьунареб кечI хъвалебгIан заманалъ,*
*ЦIодорас гIинтIамила гIакъилаб рагIиялъухъ.*

* * *

*ГIелмуялъулги гIелму гIадамалъ вукIин буго,*
*ГIищкъуялъулги гIищкъу гIадамал рокьи буго.*

* * *

*ГIакъил вахъине ккани, гIумру бихьизе ккола,*
*ГIумру бихьизе ккани, гIелму бичIчIизе ккола.*

* * *

*Дурго гуреб хинкIиде хапан кверал регьуге.*

* * *

*Дуниял хIапарайищ, хIакъикъаталда бараб.*

* * *

*Дагьаб гIун, гIенеккун чIа – гIор щведал, цIул бахъизе.*

* * *

*Дуца далил бачун бичIчIизе гьабе, –*
*МичIчI кьабуге рагIул гIадалъ чиясда.*

* * *

*Дуца квелъ ккве кочIол бачIинахъего –*
*Бергьун гучабги гьеб, нич лъолебги гьеб.*

* * *

*Дуде битIизабун бугилан ккоге*
*Дунялалда бугеб кинабго ярагъ.*

* * *

*«Дида чи хъваге» – ян цеве унев чи, –*
*Чан щайтIанха бугеб дуе чанги къан…*

* * *

*Дуца кин ккураб квелъ гьаб гIумруялъул, –*
*Киналъулго суал бачIина духъе.*

* * *

*Дагьабго къварилъи гIочIода чIваге –*
*ГIатIилъи ракьалда гIунги тIокIабин.*

* * *

*Дунял-гIалам диеян чIужугIадан лъугьарай;*
*ЧIужугIадан диеян бихьинчиги вахъарав.*

* * *

*Жакъа согIлъула чи, метер хIеккуна,*
*Сезе гIенеккула живго жиндихъго.*

* * *

*Жал ккечIого дуца чуги тIамуге,*
*Чи лъачIого дуца рагIги рехуге.*

* * *

*Жиндийго хIажаталъе накаби чIвалев чияс*
*Чияр тIалабазеги бегьила тIамур хъвазе.*

* * *

*Зани гьимуларо.*

* * *

*ЗагIипазда кьан бан кьологе дунял –*
*КьогIлъулин сакъисги гIемер чIамуни.*

* * *

*ЗахIматалъ бахъичIеб рахъинисан лъим,*
*Гьобо хIалтIизени чвахизе гьечIо.*

* * *

*Иман щулалъиялъ борцуна чилъи.*

* * *

*Ишал гьаризе ккола, гьунар тIегьазе ккола.*

* * *

*Ишазда нахъгIунтIи – гIакъиласул иш,*
*ГIадамал ричIчIиго – гIумруялъул шартI.*

* * *

*Инсул хабадаса ракь кваналарес*
*Квеш вугин абуге дуниялалда.*

* * *

*Инарин кканиги, ун батула къо, –*
*Къинарин кканиги, къун батула ицц.*

* * *

*Кици – къокъаб букIуна.*

* * *

*Какарасде ккола кида-къадги чи.*

# Харбал

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**



## ТIАСА ЛЪУГЬА, ЭБЕЛ

Март тIаде щолелъул, нилъеда, тIоцебесеб иргаялда, чIвала ихдалил махI. КIиабилеб иргаялда, гьеб моцIалъул байбихьуда кIодо гьабулеб руччабазул байрамалъ ракI цIабуцIинабула. Байрам киналго руччабазе гIахьалаб бугониги, бищун цее киназдаго цее ячIуна хIикматаб, гIажаибго ракI бохизабулеб цIаралъул чIужугIадан – Эбел. Дие бокьун буго гьеб рагIи кIудияб хIарпалдалъун хъвазе – Эбел! Нилъее бакъ кьурай, цIваби сайгъат гьарурай, нилъее гIоло макьил рахIат биххарай, нилъ унго-унгоял гIадамаллъун лъугьинелъун, жиндирго гIумруялда барахщичIей. Нилъер гIумрулъунги магIналъунги кколеб жиндир кинидахъ кечIалъ нилъ цIияб гIумруялде нухарегIарай, бищунго хирияй, бищунго хIалимай, бищунго хIеренай гIадан… Гьеб ункъо хIарпалъулъ бугебщинаб къуватги, къадруялъул тIадегIанлъиги, тIадегIанлъиялъул тIокIлъиги. КIоларо дида эбелалъул хIакъалъулъ ахIулеб кочIохъ гIенеккизеги, херай чIужугIадан данде ккедал, гьелъухъ ялагьунги чIола, чияр эбелалъул хIакъалъулъ бицунелъул магIица гIанабиги лъалъала. Амма цо-цоязул согIал, ургъелгьечIолъиялъул цIер чIван цIорорал ракIал хIеккинарулел гьечIо янгъизго хутIарай эбелалъул рухIарал магIил гараз.

Дица гьаниб бицунеб бугеб кIиго чIужугIаданалъул кIиго къисматалъул дандекквей. КIиялдаго буго цохIо цIар – Эбел. Амма къисматал руго батIи-батIиял. Гьезие рухIгIан хириял лъималаз сайгъат гьарурал.

ГIайшат йикIана гьаюралдаса сакъатай гIадан. Гьелда кIолароан, чияр кумек гьечIого, йилълъанхъизе. Гьелъие захIмалъулеб букIана галаби росизе. Жиндирго кьерилаз хъизанал гIуцIулел рихьарай ГIайшатилги анищ ккана хъизан гIуцIизе, щияй чIужугIаданго гIадин, гьейги гIащикълъана лъималазухъ, гьелъиеги бокьана эбеллъун яхъине. Жийго сакъатай йигониги, гьурмада сси бугей гIадан йикIана гьей. Амма киназго гIад-хочI гьаруна гьелъул хьулал.

– Кин лъимер хьихьизе ракIалда бугеб дуда эбел нахъа гьечIони, лъица дуе гьабизе бугеб кумек? Яги дуда ракIалдейищ ккараб лъимадуе унтарай

эбел къваригIун йигилан? КIудияб гIураб мехалъ гьеб дудаса нечезе буго, цинги нагIанаги кьела гьелъ дуе, – гьединал бадирчIваял рагIизе лъугьана ГIайшатида.

Гьелдайин абуни щибго рагIулеб букIинчIо. Макьилъгицин бихьулаан гьелда гьабичIеб лъимер. Гаргадулеб гIагарлъиги тун, ГIайшатихъ рокьи ккарав ГIумарица ячана гьей. Гьесул тухумалъе цIакъ къабуллъун букIинчIо гьеб ригьин.

Лъимаде йигей ГIайшатги тун, аварияги ккун хвана ГIумар. Гьебмехалдацин кантIичIо гьесул гIагарлъи – гьез инкар гьабуна сакъатай ГIайшатидаса.

Заман щведал гьавуна гьелъие вас ГIумар. Гьесда жаниб рухI лъурай ГIайшатида жиндирго унти кIочана. Лъидаго ракIалде ккун букIинчIо унтарай гIаданалда лъимада хадуб гьедин хъулухъ гьабизе кIвелилан. Мадугьаллъи бахиллъун букIунаан гьелъ ГIумарие ахIулел кучIдузда, бицунеб недегьаб мацIалда. Гьедин кIудияб рокьул горсвериялда гIун вачIунев вукIана ГIумар. Инсул гIагарлъиялъул ракIчIун букIана кIудияв гIедал гьев жидехъе тIадвуссиналда, сурукъай, унтарай эбелалдаса гьев нечезе вукIиналда. Гьез кIалгьикъулеб букIана гьелда:

– Балагьун чIа, гьес дуе нагIана кьезе буго жив гьавуралъухъ, – илан.

Амма иш ккана гьелъул гIаксалда. КIудияв гIунагIан цIикIкIун йокьизе лъугьана ГIумарие эбел. Гьев нечечIо гьелъул коляскаялъукьаги, гьелъул гьурмада рещтIарал гъваридал рукIкIалабаздасаги, хъахIлъарал расаздасаги, хIатта унтудасаги. Хъурщун гурони йилълъанхъизе кIоларей загIипай эбел, кодойги ккун, коляскаялда лъолаан гьес, цинги кIиялго цадахъ паркалдеги унаан гьел. Гьенир ругезукьаги расги нечолароан гьев. «ГIадамал, учучу, гьале дие дунялалда бищунго хирияй чIужугIадан», – илан ахIулеб бугин кколаан эбелалдаса чIухIарал гьесул берзул балагьиялъ. Паркалда гьел рещтIунеб хасаб бакIги букIана. Махил гъотIол щурщудиялъ гIаламалъего гьурщулеб бугин кколаан гьеб талихIаб къиса.

Хъизан гьабизе заман щвараб мехалда жиндиего яс абизе эбелги ячун ана ГIумар. Гьесул букIана цого-цо шартI – эбелалъе жинда цадахъ лъугьун хъулухъ гьабизе йикIинесей лъади разилъи. Чангияз нахъчIвана гьел. Гьесие йокьулей ясгицин разилъичIо гьелда, гьелъ абуна гьесда эбел херазул рокъое кьун лъикIилан. Ахир-къадги ятана ГIумарица цебе лъураб шартI къабул гьабулей гIадан…

Гьанжеги гIемер щола ГIумарги, ГIашураги, бабал цIар лъурай гьитIинай ГIайшатги - киналго цадахъ жидерго бакIалде паркалде. ГьитIинай ГIайшатил релъиялде данде жаваб гьабулеб гIадин, хIанчIазул бакъназ дагьабги хIайран гьабула сверухълъиго. Гьале жакъаги рещтIана гьеб талихIаб хъизан паркалда. Гьенире унаго нухда гьезда дандчIвана кIичIван къуларай гIадан. ХIалицаго гIадин, гIунтIулаго гIансагун ячIуней йикIана гьей. Пашманго гIодоре къулун рукIана гьелъул жеги жанир магIу бакъвачIел берал. Гьелъие кумек гьабизе данде екерун ана гьитIинай ГIайшат. ГьитIинал квераз хералъул кверги ккун гьелъ гьей цеехун цIалей йикIана. Гьезда аскIоре ана ГIумарги ГIашураги, гьез гьей жидедаго цадахъ ячана. Жакъа дун дур талихIалда бахиллъанилан, коляскаялда жаний йигей ГIайшатида къвалги бан, гIек-гIекиялда гIодана херай чIужу. Гьез хералъе квалквал гьабичIо, гIорцIизегIан гIодизе тана.

Цинги хералъ бицана гьазда гъотIол тIанхазцин магIу тIолеб, бакъул нурцин свинабулеб, черхалдаго гъаргъар базабулеб жиндирго къваридаб къиса.

– Рисалатил букӀана цого-цо анищ: жиндирго рухӀгӀан вокьулев вас гӀадамалъе вахъинави. Гьесие гӀоло рухӀги жанги кьуна гьелъ. Кьерилал гӀадин къачӀадизеги хӀохьбахъизеги гьей регӀулароан, гӀорцӀизегӀан кьижизегицин щолароан гьелъие. Эбелалдасан ирсалъе хутӀараб гӀураб меседги букӀана Рисалатил. Гьебги бичизе ккана гьитӀинав ГӀали унтараб мехалда. Унтарав вас сах гьавизе гӀарацги гӀолеб букӀинчӀо гьелъие. Жиндиего йокьун гьечӀониги, вас вокьулей ясги ячана гьелъ ГӀалие. Бечедаб бертинги букӀана гьезул. БахӀарасул бечедал гьудулзабаз бахӀаралда чӀвалеб гӀезегӀан гӀарацги букӀана. Рисалатиеги кьолеб букӀана гьез гӀарац. КӀудияб хъулухъалда вугев ГӀалил эбелалъул киназго хӀурмат гьабулеб букӀана. ЦӀакъ бокьун букӀана гьелъие цо вугев васасул берталъ кьурдизе. Амма рекъай эбелалдаса нечарав бахӀарас Рисалат горсверуде йиччачӀо. Жиндиего щвараб гӀарцудасаги йохун гьелъул хьул букӀана гьеб гӀарцухъ жийго сах гьайизе. Амма бертин гьабун моцӀ индал васас гьалда абуна:

– Эбел, дуда яхӀгойищ гьечӀеб, дир гьудулзабаз кьураб гӀарацги нахъе лъун, сихӀкъотӀун чӀанагури мун. Пенсия гӀолеб гьечӀебищ дуе? – ян.

Рисалатил мацӀ бабадана. Гьелда ракӀалде ккана жиндир хӀатӀазда гъоркьа ракь тӀунги ун, гъваридаб, бецӀаб кӀкӀалахъе йортулей йигин жийгоян. Гьеб къоялъ лъуна васас эбелалъул рекӀеда сахлъуляреб ругъун. Гьей цо минуталъ хӀалхьиялда чӀолароан рокъойги. Жиндицаго васасе бараб кӀудияб минаялда цебе бугеб пастӀаниб хӀалтӀиги гьабулаан, рукъ-бакӀги бакӀарулаан, хӀалтӀудаса васги нусги рачӀиналде гьабун хӀадурун квенги букӀунаан, ясли-ахалдаса лъимал рачинеги унаан.

Къо бахъанагӀан чӀухӀарай нусалъ якьадалда чӀвалел багьанаби гӀемерлъулел рукӀана: цин квен тӀагӀамаб гьечӀилан, цин рукъ бацӀцӀадго гьечӀилан. Гьудулзаби гьоболлъухъ рачӀараб мехалдаги гьез рекъай эбел яхчулаан. Ва цо къоялъ бечедал эбел-инсудаги щуго вацасдаги ракӀчӀарай лъадуца ГӀалида лъазабуна гьесул хъубай ва унтарай эбел жинда чӀалгӀанилан.

ГӀемер рагӀулаан пастӀаниб гьитӀинабго рукъги бан, гьение гочарай эбелалда жий сабаблъун васасе нусалъ гьабулеб питна. ЧӀухӀараб минаялъуб цо гьитӀинаб бакӀцин эбелалъе кьун бажаричӀев, къойилго нусалъ бадирчӀваял гьарулев вугев васасда ракӀгурхӀун йикӀунаан Рисалат.

Гьеб киналъего байбихьи лъуна ГӀалица эбелалъухъа доб берталъ гьелъие щвараб гӀарац нахъе босаралдаса нахъе. Гьеб гӀарцухъ васас жиндирго лъадуе бриллиантаз цӀураб меседил рахас босана. Гьеб рахасалъ цадахъ росун рачӀана рокъоре питнадулги дагӀба-къецалъулги цӀурал, кьвагьизе къачӀарал мугьал. Щибха гьезги рокъоб бекьилеб? Заманалдаса лъималазеги гьукъана нусалъ дадалбабахъе ине. Гьелин абуни гьелъул маргьабазухъ урхъун рукӀунаан. Дадалбабал цӀурал чадалги цӀакъ рокьулаан гьезие. Гьелъие бищунго захӀмалъана васасги лъадул рахъ ккведал.

– Эбел, унго-унгогиха, дудаго бихьулеб бугоха нижехъе тӀаде-гъоркье рачӀунелщинал хӀакимзабиги, цо гьел нахъе инегӀангӀаги дурго рокъое юссине бегьуларей мунгиха. НечечӀого ниж рукӀинищха, мун лъугьунелъул гьоркьой жуян, гьезие хабар бицине, – абун бадирчӀваял гьарулаан васас гьелъие.

Цо къоялъ гьес Рисалатида абуна киназего лъикӀ букӀинин гьей херазул рокъое щвезаюниян. Живги вачӀинин моцӀида жанив цо нухалъгӀаги дуде ваккизе. Дуда хадуб лъикӀаб хъулухъ букӀине жинца тохтурзабазеги санитаркабазеги гӀарацги кьелин.

– Гьеб гІарцухъ дуца, бабал хазина, лъадуе бриллиантал росе, – янги абун, Рисалат, пакеталъур жиндирго ретІел-хьитги лъун, пенсиялъул гъурщалги росун, жинда кинабгІаги хинлъи батичІеб кІудияб минаялъуса лъутана. Гьелда лъалеб букІинчІо кие жий уней йигеяли, магІил хьухьикьан, нечон холаго, ялагьулей йикІана данде ккаралщиназухъ…

ГІумарица эбелалда цадахъ рокъое ячана Рисалат. Чвердезаюна, бетІер ххана, бацІцІадаб партал хисана. ГьитІинай ГІайшатги йикІана йохун сверухъе кІанцІелей гьанже жиндир кІиго дахІабаба йигилан. Гьеб сордоялъ цІурачадалги гьаруна Рисалатица, лъимер гІадин йохун йикІана жеги васасдасаги нусалдасаги хІеренаб рагІи рагІичІей гьей, киназго реццулаго, цІурачадал кваналеб мехалда. ГІумарица эбелалъулалда аскІоб лъуна гьелъиеги кровать. Гьанже жиндир лъабго эбел гІунилан ГІашурацаги абуна. Рисалатида хьухьаризеги лъалаан, ГІайшатидаги малъана гьелъ гьеб. КІияйго херай цоцазде ракІгъун рукІунаан. Гьезухъе щвезе ГІашурал эбелги ячІунаан. ГІемерисеб мехалда гьейги гьезда аскІой сордо банги чІолаан.

Васасул рокъоб батичІеб талихІ Рисалатида батана чияр рокъоб. Херлъиялъул рукІкІалабаз цІураб гьурмада гьанже талихІалъул нур чІун букІана. Урхъун йикІана гьей ГІалихъги лъималазухъги.

Цо къоялъ къаси сардилъ ГІумарица машинаялдаги рекІинаюн ячана гьей васасул минаялъухъе. Добго горсвериги, ахІи-хІурги, гьекъолдиги батана гьениб. Рисалатил букІараб рокъоб чияр бихьинчигун гаргадулей йикІана васасул лъади. Циндаго рагІана машинаялъул гьаракь. Рокъобе «хехаб кумекалъул» машинаялда лъун бачІана ГІалил жаназа. Гьекъолеб жо лъугІун, гьелда хадув къватІиве вахъарав ГІали машинаялда гъоркье ккун вуго…

КигІан ГІалил лъималаз гьараниги, гьей тІубанго жиндие чІобоголъараб, даимго талихІалъул цІа свараб гъанситоялде тІадюссинчІо. ГІумарицаги, ГІашурацаги, ГІумарил эбелалъги, гьитІинай ГІайшатицаги къабул гьабичІо Рисалат-кІодо нахъе ине. ГІалил лъималги гьелъухъе щвезе ГІумарил рокъоре рачІунаан. Цинги гьел киналго цадахъ ГІалил хабадеги унаан. Унго Рисалатица васасе бицунеб букІараб хІеренаб мацІ, амма цониги нухалда гьелъул бадиса магІил горо гиричІо. Рос хун лъагІел сверилалде ГІалил чІужу цоги росасе ана. Ва лъиданиги лъалеб букІинчІо гьелъул хадусеб къисмат.

ГІуна кІудиял ГІалил лъимал. Рисалат-кІодол гьариялда рекъон, ГІумарица жиндирго яс ГІайшат кьуна ГІалил васасе. ЦІидасан талихІ тІадбуссана Рисалатихъе.

Амма гьей гІедегІун йикІана васасухъе…

Киналго цадахъ щола гьел гьанже гьелъул хабадеги. Гьаб нухалда гьелъие бицине рохалилаб хабарги букІана: ГІайшатиеги Набиеги гьаюрай ясалда Рисалатил цІар лъуна…

### ТАЛИХІАЛЪУЛ КЪАТІРАБИ

– Бицеха, дахІабаба, дие цоги нухалда хъахІилал-хъахІилал беразул ясалъул хІакъалъулъ маргъу, – ян Калиматида аскІое бусалъе яхун ячІана щуго сон барай Зарипат. Гьелъ къвалакь ккун букІана Нуцалай-адаца

МахIачхъалаялдаса бачIараб халатал гъалазул, берал цIахIилай яс тIад яхъараб тIехьги. Цинги байбихьанаха дахIабабацаги хIикматаб цIаралъул маргъа:

– ЙикIанила, йикIинчIила, бокьани божа нуж, бокьичIони божуге, цо пуланаб улкаялда хъахIилал-хъахIилал беразул цо берцинай яс. Гьелда цIарги букIана Зарипат…

Гьеб бакIалде маргьа щварабго, гьитIинай Зарипат чIахIиял хъахIилал бералги къапезарун, гьимулаан.

Цинги, дахIабабаянги абун, цIидасан маргьаялъухъ гIенеккулаан.

– Гьеб улкаялда цIарги букIанила «ТалихIалъул къатIраби» абураб. Гьенир гIумру гьабун ругезде балаан талихIалъул цIад. Гьеб цIадалда гьорлъ ругел талихIалъул къатIраби кквезе щварай ясалъухъе вачIунев рагIулила хъахIаб чодаги рекIун цо бечедав вас. Гьесги тIасайищизе кколей рагIулила бищунго-бищунго берцинай яс. Цо нухалда анилаха Зарипатги гьудулзабазда цадахъ талихIалъул къатIраби кквезе…

Гьеб бакIалдаги чIезаюлаан Зарипатица дахIабаба:

– ДахIабаба, дахIабаба, дида цадахъ Нуцалай-адаги йитIеха, дие цIакъго бокьун буго долъиеги талихIалъул къатIраби щвезе, цинги долъ нилъееги кьола гури. ДахIабаба, дида цадахъ нуж киналгоги рилълъа, – ян гьардезе лъугьана Зарипат. – Бице, дахIабаба, бице, – ян нахъеги гьардана гьей.

Циндаго нахъойги гьоркьойкъотIизаюна Зарипатица дахIабаба:

– ДахIабаба, нагагь дихъе, яги Нуцалай-адахъе талихIалъул къатIраби кквезе щвани, хъахIаб чодаги рекIун вачIунев васас рикIкIаде-рикIкIаде больницаялдеги ячун, дун сах гьайизе йиго гури. ДахIабаба, дуцаги гьаре досда. Дун гьабсагIаталъ Нуцалай-адахъе кIалъала¸ хехлъи гьабун кьижайилан, дахIабабал маргъудалъе ккезейилан.

– Нуцалай-ада, дунги кьижила кIиялго цадахъ рилълъина талихIалъул къатIраби кквезе Нуцалай-ада, дуе дун йокьулагури. Дуе щварал къатIраби дуца дие кьуни, дов чотIа вачIарав васасухъе кьела нилъеца гьел. Цинги дунги сахлъила.

Гьединги абун, гьитIинай Зарипат къварилъахъдизе лъугьана.

Огь, бокьун букIараб куцха гьелъие гьудулзабигун ясандизе, гьезда цадахъ лъималазул ахикье ине, тира-сверизе. Амма кIолеб букIинчIо гьелда хIетIе бахъизе. КъваригIун букIана гIарац, къватIисеб пачалихъалде ине. Германиялъул клиникаялда абуна, Зарипат сах гьайизе бажаризе бугилан гIарац бугони…

ДахIабабал пенсиялъул гъуршаз хьихьараб хъизаналъул рес букIинчIо гIарац данде гьабизе. Эбелалъул ургьий Зарипат йикIаго, хвана гьелъул эмен. Гьей гьаюлаго хIалщварай эбелги загIипго хутIана. Зарипатидаса цо соналъ кIудияй гьелъул яц Зайнабги лъугьунаан зама-заманалдасан жийги ячейила талдихIалъул къатIраби кьезейилан. Амма хасго Зарипатие къваригIун рукIана Нуцалай-адал талихIалъул къатIраби. Гьелда лъалаан адае жий йокьулеблъи. Гьелъ киназего бицунаан адаца рачIарал сайгъатазул. Гьей цIакъ чIухIун йикIунаан Нуцалай-ададаса. Зарипат ракIщун бугин кIалъарайго, Нуцалай гьебго къоялъ магIарухъе щолаан. Жиндирго хъизан-лъимал гьечIей Нуцалай битIахъего асир гьаюн йикIана гьитIинай Зарипатил жиндехунго бугеб рокьиялъ. Гьелда лъалаан Зарипатие кумек цохIо жинда гурони гьабизе кIвезе гьечIеблъиги.

ДахIабабал маргьаялъухъги гIенеккун, кьижун ккана гьей. Нахъисеб къоялъ кьижарай Зарипат йорчIилалде Нуцалай росулъе щвана. Эбел-инсул хабадеги щун, гьей Зарипатихъе гIедегIана. Ва гьелъул бусадул рагIалда лъуна чIухIараб гъутухъ. Гъутухъалъуб букIана Нуцалай-адае шагьаралда мина базе босун букIараб ракьги бичун щвараб гIарац.

Нуцалалъ кIаркьабазда баарабго йорчIарай Зарипат Нуцалалъул горбодаса йичIизайизе кIолей йикIинчIо гIемераб мехалъ. Цинги Нуцалай-адаца бицана нолъ маргьудалъе ун йикIанин жийила, данде кканила чол рекIарав. Гьес гьикъанила жинда Зарипатилан цIарги бугей хъахIилал беразул яс лъалейищилан. Жинца лъалин абураб мехалда, гьес базабунила талихIалъул цIад, цинги жинца гьелъул къатIраби ккунила. Гьебмехалда кьун бугоха чотIахъанас гIарцул цIураб гъутухъ. Гьелда берчIварабго, Нуцалай-ада къан ккун рукIарал Зарипатил кверал гьелдаса ричIун рачIана. Гъутухъ рагьана ва гIемераб мехалда гьебги къвалакь ккун, юцIцIун чIун йикIана гьей. Гьелъул тамашаго берцинал хъахIилал берал талихIалъул къатIрабаз кенчIезарулел рукIана. Беразда релълъараб кьералъул гурдеги бачIана Нуцалалъ Зарипатие. Гьебги ретIун, йоржана Зарипат Нуцалай-ададаги бабадаги цадахъ Германиялде.

ДахIабабаца гьелда хадур хьвагIулел талихIалъул къатIрабиги рукIана. КъватIие яхъиналде, цоги нухалда маргьа бицине тIамуна:

– Йоржанила берал хъахIилай яс Германиялде ва, гьениса тIадюссун ячIиндал, кIванила екерахъдизе, ясандизе. Цинги, ретIун хъахIилаб гурдегун, ясли-ахалдеги анила гьей…

Германиялда лъабго моцIги бан, тIадруссана Зарипатги, бабаги, Нуцалай-адаги. ГьитIинай Зарипатил рохалие гIорхъи букIинчIо. Нуцалай-адаца кьураб гIарцухъ гьитIинаб гулгунги босун, къоялда жаниб чанго нухалда лъадаеги унаан гьей. КIудияй яц Зайнабица къойил лъималазул ахикьеги щвезаюлаан гьей. Школалде ине хIадурлъулейги йикIана Зарипат. Нуцалай-адаца хъахIилаб сумкаги битIун бачIана гьелъие, гьелдаго цадахъ тIахьалгиха. ХъахIилал беразул яс тIад яхъараб тIехьги сумкаялъуб лъуна Зарипатица.

Цо къоялъ Зарипатица дахIабабада абуна жиндие бокьун бугила берал хъахIилай ясалъул маргьа бицинейила.

ГIенекканаха дахIабаба Зарипатил маргьаялъухъ:

– ЙикIанила, йикIинчIила цо берал хъахIилай яс. Гьелда цIар букIанила Зарипат. Нуцалай-адал талихIалъул къатIрабаз сах гьаюрай гьей кIудияй гIолей йикIанила. Зарипатил яц Зайнабица гьелъие дарсал гьаризе кумекги гьабулаан. Бабаеги бищунго йокьулаанила берал хъахIилай яс. ДахIабабацаги гогьдаризаюлаанила гьей Зарипат.

Берал хъахIилай ясалъе бокьун букIанила цоги нухалда Нуцалай-адагун цадахъ доб хIикматаб улкаялде ине, дол хIикматал къатIраби росизе. Гьаб нухалда диде дандегIаги кколевани дов берцинав чотIахъан. Дие бокьун буго гьес дун тIасайищизе. Цинги букIинаан нижер кIудияб берцинаб рукъги. Гьенир нилъ киналго цадахъги рукIинаан. Цинги берал хъахIилай ясалъ жиндаго аскIое ячине йикIана Нуцалай-ада, яги дица гьелъие рукъ босилаан. Щиб лъалеб, цоги нухалда кьезе бегьулагури дов васас гIарцул цIураб гъутухъ.

КIудияй гIуна Зарипат. Меседил медалалда школаги лъугIизабуна гьелъ. БагIараб дипломалда мединститутги лъугIана.

Зама-заманалдасан гьелъ дахIабаба тIамулаан доб лъимерлъиялъул хIикматаб маргьа бицине, жиндиегоги цIакъ кеп щолаан маргьа рагIараб мехалда. Эбелалъ Зарипатида, гьелъ маргьа бицунаго, бахъараб видио бихьана. Гьелин абуни гIемер ругоан. Гьединго гIемер ургъана Зарипат доб гъутухъалъуб букIараб гIарцуда тIадги. Нуцалалъ бицунгейилан лъазабун букIиндал, васвасдилей йикIана Зарипатил эбел ГIайшат. Амма Зарипат тIаса йичIинчIо, гIарцул къисмат лъачIого.

Эбелалъул хабар лъугIидал, биччан гьаракьгун гIодана Зарипат. Гьелда ракIалде бачIана дагьаб цебегIан жинцаго Нуцалай-адае кьураб гIантаб суал:

– Нуцалай-ада, гьабгощинаб мехалда шагьаралда хIалтIулейги йиго мун, пенсияги буго дур, амма мунго бетIергьанаб рукъ гьечIо дур. КибегIаги дур гIарац унеб?

Нуцалай-адаца, гIодоеги йиччан, абуна:

– ХIалтIун бажарарабгIан мехалъ шагьаралдаги хIалтIун, цинги росулъе гочине ккелаха…

Гьале лъабгогIани моцI буго, цохIо шагьаралда ругониги, Нуцалайги Зарипатги рихьичIого. Жийго жинкьаго нечарай Зарипат Нуцалай-адахъе екерана. Гьелда ада кьижун ятана. Доб кидаялиго лъимерлъуда Нуцалай-адаца жиндаго гIадин, Зарипатица Нуцалай-адада къвал бана ва кIаркьабазда баана. Гьелъул гIодулей гьаркьихъе йорчIана Нуцалай. ТIасалъугьа, Нуцалай-адаянги абун, Зарипат гьелъул горбода хурхана. Нуцалалда цебе бачIана доб гъутухъги босун жий ячIараб мехалъ, гьале гьаб жакъа гIадин, Зарипатица бараб къвал. Гьей Зарипатил меседил кьералъул гъалал лъухьизе лъугьана. Зарипатида бихьулеб букIана бищунго дунялалда жий йокьулей йикIарай Нуцалай-ада унтун йикIин.

Гьединго Нуцалалда лъалаан Зарипатида доб хъахIаб чода рекIарав ватун вугевлъиги. КватIичIого вачIун гьес гьей ячун ине йигеблъи. Мединститутги лъугIизабун Мурад ана Америкаялде. Гьенив цIалана, гьенибго хIалтIизе бакIги щун, Зарипат гьение ячине вачIунев вукIана. Гьесда цадахъ Дагъистаналде вачIана Америкаялдаса Мурадил гьудулги. ТIоцебесеб иргаялда Зарипатги Мурадги ана Нуцалай-адахъе. Ва цIидасанги байбихьана талихIалъул къатIрабазул цIураб маргьа:

– РукIанила, рукIинчIила берал хъахIилай цо ясги гьелъул Нуцалай-адаги. Ва дов бечедав васас тIаса йищанила бищунго берцинай яс Зарипат. Ва роржанила гьал лъабалго цадахъ Америкаялде, Нуцалай-ада сах гьайизе. Гьезие кумек гьабунила Мурадил гьудулас.

ТалихIалъул къатIрабазул цIураб маргьаялъул талихIаб ахир! Зарипатил наслабазги наслабахъе кьун, дагьабги талихIаблъун лъугьаги гьеб!

# Критика ва библиография

## «ГӀАРАФАТ» ПОЭМА – ШАГӀИРАСУЛ ГЬУНАРАЛЪУЛ БОРХАЛЪИ

Дагъистаналъул халкъияв поэт МухӀамад АхӀмадовас хъварал чӀахӀиял асаразда гъорлъ хасаб бакӀ ккола хирияб исламияб ракьалде гьабураб сапаралъул кьучӀалда хъвараб «ГӀарафат» абулеб поэмаялъ. Поэма гӀуцӀун буго «ЦеберагӀи», «ГӀарафат», «Гьари», «Лаиллагьа илаллагь», «РитӀухълъиялъул матӀу», «ТӀоцебесеб дугӀа», «РекӀелгун гаргар», «Лъабабилеб дугӀа», «ХӀинкъи», «ХадурагӀи» абурал бутӀабаздаса. Щибаб бутӀаялъул буго жиде-жидер, цояб цоялъ такрар гьабулареб магӀна. ГӀарафат магӀарде вахарав чиясда рагӀула ракӀ сорозабулеб, зобалазул гьаракь:

**Дунял, мун гуккулеб лахӀзатлъун бугин**
**АхӀи балеб буго ГӀарафат мегӀер.**

«ГӀарафат» абураб бутӀаялда бицунеб буго гьениб бугеб бакъул багӀариялъул… Гьенир гӀадамал чӀола ботӀродаса тӀагъралги рахъун, радал бакъ баккаралдаса къаси тӀерхьинегӀан. Гьелъ инсанасда ракӀалде щвезабизе ккола жужахӀалъул цӀа. ШагӀирас такрар гьарулел руго «ГьечӀо Аллагь гурев цогиги Аллагь!» – абурал Къуръаналъул рагӀаби.

Хадусел куплетазда гучлъизабулеб буго Аллагьасул кӀодолъиги инсанасул гьитӀинлъиги. Миллатги мацӀги батӀиял гӀадамазе миллатазул мацӀлъун лъугьунеб буго Аллагьасул цӀар:

**Гьанир бусурбаби – цо миллат буго,**
**Миллатазул мацӀгун – Аллагьасул цӀар,**
**Дир рекӀелъан магӀу чвахулеб буго:**
**Чилъун лъугьана дун ГӀарафаталда.**

Щибха гьарулеб бугеб ГӀарафат магӀарде вахарав шагӀирас? ЦохӀо живго цӀуниялъул гӀамал гьабун абурал рагӀаби гьанир гьечӀо, гьес Аллагьасда гьарулеб буго гӀалам балагьалдаса цӀунеян, мацӀги, гӀамал-хасиятги цӀунеян:

**Сабру кье инсанасе, иман кье гӀаламалъе,**
**ЛъикӀлъи гуреб кидаго квешлъи гьабизе тоге.**

Хадусел «ХъахӀал рагӀадал» ва «Лаиллагьа илаллагь» абурал бутӀабазда М.АхӀмадовас гьарулеб буго БетӀергьанасда тӀасалъугьаян ва мунагьал чуреян. ГӀемер Аллагь рехсон, ай лаиллагьа илаллагь абун шагӀир свакалев гьечӀо. Рехсараб бетӀералъе ЧӀикӀаса СагӀид-Афандиясул босараб эпиграфалдаса нилъеца цӀалула: «Аллагь гӀемер рехсезе мацӀалда барахщуге». Абула ахираб хӀухьелги Аллагь рехсолаго босарав бусурбанчи алжаналде кколилан.

«РитӀухълъиялъул матӀу» абураб бутӀаялда загьир гьабулеб буго тӀадегӀанав Аллагьас дунял гӀуцӀиялъул хӀалкӀолъи, гьесие гьечӀо ханзабиги къиралзабиги, Аллагьасе гьел руго лагъзал, жиндие тӀагӀат гьабизе рижарал:

**ГьечӀо къиралзаби, гьечӀо ханзаби,**
**ГьечӀо я бечедал, яги мискинал.**
**Мусруялъул кескал тӀадеги рачун.**
**ТӀадвугесда цере руго гӀадамал.**

Хадусел бутӀабазда шагӀир кантӀулев вуго Аллагьасул кӀодолъиялда, гӀадамасул гьитӀинлъиялда, гӀумруялъул къокълъиялда:

**Дур кӀодолъиялъул цо къатӀра гӀола**
**ГӀалам хвасарлъизе ГӀарафаталда,**
**Гьелъ нугӀлъи гьабула ГӀарафаталда**
**ГӀадамазул анищ хвезе гьечӀилан…**

**Ниж къабул гьарулев цохӀо Мун вуго,**
**Цоги щивго гьечӀо, гурхӀа, БетӀергьан,**
**Дуниял гӀуцӀарав, гӀалам бижарав**
**Божи  цохӀо Дуде буго, БетӀергьан.**

«Лъабабилеб дугӀа» тавбуялъеги, сабруялъеги, щукруялъеги кьун буго:

**Дир тавбуги Дуе, сабруги Дуе,**
**Дир щукруги Дуе, шигӀруги Дуе…**

Хадубго гьарулеб буго гьаб дуниялалдагун ахираталда рехун тогеян, ГӀарасат бигьа гьабеян.

КигӀанги кӀудияв гӀалимасулги, нилъеда лъала, Аллагьасде божиги, гьесдаса хӀинкъиги букӀунеблъи. Дун алжаналде ина абулев чи ккола ахӀмакъ. Алжаналдейищ нилъ инел, жужахӀалдейищ рехилелали – гьеб балъголъи Аллагьас инсанасда лъазе тун гьечӀо.

**Валлагь дун хӀинкъана ГӀарафаталда**
**ГӀарас майданалда вугев гӀадинан, –**

илан цӀалула нилъеца «ХӀинкъи» абураб бутӀаялда.

Поэмаялъул авторас чанго нухалъ гьабулеб буго тавбу, гьелъ абунани бижизабулеб буго жужахӀалъул цӀаялдаса хвасарлъиялда божилъи.

ШагӀирасда рихьулел руго ракьалда жиндихъа ккарал мунагьал.

**Кинан жаваб кьелеб гьаб ракьалда тӀад**
**Гьарурал киналго дир мунагьазухъ?**

Ва кутакалда ракӀ бухӀун, араб гӀумруялда ккарал гъалатӀал, мунагьал цереги рачӀун, магӀида ракӀ бецӀцӀулаго, гьес хъвалеб буго:

**ГІадамазда гьоркьоб кьураб гІумруялъ**
**Кьурулъа гІодове рехизе чІана,**
**Рохелилан ккараб – пашманлъи буго,**
**Пашманлъийин тараб – рохел батана.**

Аллагьасде гІагарлъизе, мунагьаздаса вацІцІалъизе бокьиялъ вачун вуго шагІир ГІарафаталде. «Дуниял батана батулареб жо» абураб кочІол мухъалъ дида ракІалде щвезаруна Инхоса ГІалихІажил «Хвалде» абураб кочІодаса мухъал:

**Кодобго букІунареб дунял гьабулеб буго,**
**Дуй гьечІого гІолареб ахират рехун тоге,**

Къуръаналда гІемер рехсей гьабураб «Лаиллагьа илаллагь», ай «гьечІо Аллагь гурев, цогиги Аллагь» абураб калима поэмаялда чанго бакІалда батула. Гьеб лъикІги буго. Поэма лъугІулебги буго гьеб калимаялдалъун.

«МагІарулай» журналалъе кьураб интервьюялда («МагІарулай» 3-4/2016с.) М.АхІмадовас абулеб буго: «ГІарафат – гьеб ккола, чанцІулго хвалил хІинкъи лъаралги гІадамал жанисан рацІцІалъулеб ва сахлъулеб бакІ, дун гьелда божула. «ГІарафат» поэма ккола, гІумруялда ккаралги творчествоялда рорчІаралги гъалатІазул хІисаб гьабун, дица диего гьабулеб хІисабкьей. Гьебин абуни букІуна, БетІергьанасда цебе нилъеца нилъееего гьабулеб бищунго согІаб судлъун ва гьесда мунагьаздаса тІасалъугьаян гьарилъун».

Поэма хъван буго бацІцІадаб, гъваридал пикрабазул магІарул мацІалда. Гьелъ цІалдолев тІамулев вуго нахъа тараб гІумруялъул гъваридго хІисаб гьабизе, гьеб нухда гьитІинал рукІа, чІахІиял рукІа мунагьаздаса цІунизе, гІумрудул магІна бичІчІун гІумру гьабизе. Щайгурелъул:

**Щиб жо гІумру – цо лахІзат,**
**Щиб жо лахІзат – дир гІумру.**

ГІинтІамизин Аварагасул (с.т.гІ.в.) хІадисалъухъ: «Мунагьаздаса тавбу гьабулев чи, мунагьго гьабичІев чиясда релълъунев вуго». Буго цоги хІадис: «Тавбу гьабулев чи Аллагьасул вокьулев вугиланги».

Абизе ккараб буго «ГІарафат» поэмаялъ магІарулазул гуребги, Дагъистаналъулго адабияталда хІурматияб бакІ ккунилан. Дагъистаналъул адабияталъул программаялда гьорлъеги бачун, поэма малъизе мустахІикъаблъун буго чІахІиял классазда. Гьеб буго инсан рухІияб рахъалъ куцаялъул, гьесие битІараб исламияб тарбия кьеялъул унго-унгояб школа, шагІирасул гьунаралъул цойги борхалъи.

***Наби ГІИСАЕВ,***
***хъвадарухъан.***

# Щиб? Киб? Кида?

## АРАБ СОНАЛДА МАГIАРУЛАЗУЛ АДАБИЯТАЛЪУЛ ГIУМРУЯЛДА ККАРАЛ ЦО-ЦО ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЛ

* * *

17 январалда букIараб Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул магIарулазул секциялъул данделъиялда гьоркьоб лъуна 2017 соналда гьаризе ругел адабияталъул тадбиразул суал. Гьединго гьениб бицана магIарулазул литератураялъул жакъасеб хIалалъулги, цIалана шагIирзабаз ахираб заманалда хъварал жидерго асаралги.

* * *

ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул музыкалиябгун драмаялъул театралда 27 январалда букIана авар адабияталъул классик БакьагьечIиса ЧIанкIа гьавуралдаса 150 сон тIубаялъул байрам.

* * *

5 февралалда ГIурус драмтеатралда гьабуна Дагъистаналъул халкъияй шагIир Баху-Меседо Расуловалъул творчествоялъул сордо.

* * *

Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб республикаялъул миллияб библиотекаялда 8 февралалда тIобитIараб дандеруссиналда бицана Авар театралъул директор МухIамадрасул МухIамадрасуловас хъвараб «МагIарулазул маданияталъул гъансито» абураб тIехьалъул. ТIехьалъ жанибе бачунеб буго нилъер миллияб театралъул тарих.

* * *

Гьебго библиотекаялда 15 февралалда букIараб дандеруссиналда гьоркьоб лъуна магIарулазул шагIир МухIамад ХIасановасул «Сардил магIу» абураб кучIдузул цIияб тIехь.

* * *

МагIарулазул цIар рагIарав хъвадарухъан МухIамад Сулимановас авар мацIалде буссинабураб А.С.Пушкинил «Евгений Онегин» абураб романалъул цIидасанги къватIибе биччараб тIехьалъулгун лъай-хъвай гьабизе хъвадарухъабиги цIалдолелги данделъун рукIана 17 февралалда Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда.

* * *

19 февралалда Авар театралда букIана щибаб соналъ тIобитIулеб МагIарул мацIалъул къо.

* * *

МагIарулазул шагIир Шагьрухан ТIалхIатовасул 75 сон тIубаялъул дандеруссин гьабуна 22 февралалда Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда.

* * *

ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъги Поэзиялъул театралъги Хунзахъ районалда тIобитIана 17 марталда магIарулазул адабияталъул къо.

* * *

23 марталда Хъвадарухъабазул союзалда бугеб литературияб музеялда букIана Дагъистаналъул шагьаразул школазул авар мацIалъул учительзабазулгун магIарулазул хъвадарухъабазул дандчIвай.

* * *

МагIарулазул жакъасеб литератураялъул бугеб хIалалъул суал гьоркьоб лъураб гIатIидаб данделъи букIана 7 апрелалда Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда.

* * *

«Дир поэзиялъул тетрадь» абураб проекталда рекъон 14 апрелалда Поэзиялъул театралда букIана публицист, литературияв критик, «Дагъистан» журналалъул бетIерияв редактор МухIамад БисавгIалиевасул цIалдолезулгун дандчIвай.

* * *

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъги Авар театралъги Гумбет районалда 21 апрелалда тIобитIана магIарулазул адабияталъулгун маданияталъул къо.

* * *

Хунзахъ районалъул БакьагьечIи росдал ГIарада гъутаналда бугеб гьоркьохъеб школалъе магIарулазул машгьурав хъвадарухъан ГъазимухIамад ГъалбацIовасул цIар кьеялда бан гIатIидаб дандеруссин тIобитIана гьеб гъутаналда 13 маялда.

* * *

МагIарулазул цIар рагIарав шагIир ХIажи Гъазимирзаев гьавуралдаса 90 сон тIубаялъул байрам гьабуна 19 маялда гьесул ватIан БакьагьечIи росулъ.

* * *

23 маялда Авар театралъул актераз Поэзиялъул театралда бихьизабуна Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасул асаразда рекъон гIуцIараб композиция.

* * *

МагIарулазул хъвадарухъан Париза Гереевалъул 60 сон тIубаялъул дандеруссин тIобитIана 24 маялда Хасавюрт шагьаралъул «Спартак» маданияталъул кIалгIаялда.

* * *

Шамил районалъул ТIелекь росулъ 25 маялда букIана Дагъистаналъул халкъияв шагIир КъурбанмухIамад МухIамадовасул творчествоялъул бицунеб данделъи.

* * *

15 ва 16 июналда магIарулазул хъвадарухъабаз зиярат гьабуна МахIачхъалаялда ва Ленинкенталда ругел Расул ХIамзатовасул, Фазу ГIалиевалъул, Муса МухIамадовасул, МухIамад Сулимановасул, ГIабдула Дагановасул, ГIабдулмажид Хачаловасул ва ХIажи ГIариповасул хабалазде.

* * *

Республикаялъул Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда 28 июналда букIана магIарулазул шагIир Сабигат МухIамадовалъул асаразул бицараб дандеруссин.

* * *

«Дир поэзиялъул тетрадь» абураб проекталда рекъон 30 июналда Поэзиялъул театралда букӀана поэт, публицист, издатель, республикаялъул Литературиял журналазул бетӀерав редактор Мурад АхӀмадовасул «ТӀутӀун бараб заман» абураб тӀехь къватӀибе бачӀиналда бан хъвадарухъанасул цӀалдолезулгун дандчӀвай.

* * *

ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъги Поэзиялъул театралъги 5 июлалда хъвадарухъабазулгун дандчӀвай тӀобитӀана Гъуниб районалда.

* * *

15 ва 16 июлалда Гъуниб букӀана магӀарул мацӀалъул учительзабазул республикаялъулаб мажлис.

* * *

23 июлалда магӀарулазул хъвадарухъаби щвана Хунзахъ районалъул ЛъагӀилухъ росулъе Дагъистаналъул халкъияв поэт ГӀабасил МахӀамадил хабадеги, гьес гӀуцӀун хадусел гӀелазе тараб адабияталъулгун маданияталъул рокъореги.

* * *

5 августалда МахӀачхъалаялда Гьудуллъиялъул рокъоб тӀобитӀана шагӀир ва прозаик Сабигат МухӀамадовалъул творчествоялъул сордо.

* * *

МагӀарулазул шагӀир Наби ГӀисаевасул 70 сон тӀубаялъулаб дандеруссин бук1ана 8 августалда ЦӀунтӀа районалъул ЦӀунтӀа росулъ.

* * *

«ГӀумруялъул накъищал» абураб, гӀалимчи МахӀач МухӀамадхановасул тӀехьалъулгун лъай-хъвай гьабиялъул дандеруссин гьабуна 9 августалда ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъул Литературияб музеялда.

* * *

ГӀахьвахъ районалъул КӀаратӀа росулъ 17 августалда букӀана магӀарулазул машгьурай поэт ва драматург Машидат Гъайирбеговалъул 90 сон тӀубаялъул юбилеялъулаб байрам.

* * *

Дагъистаналъул адабияталъул классик ЦӀадаса ХӀамзатил 140 сон тӀубаялъул байрам тӀобитӀана Хунзахъги ЦӀадаги росабалъ 21 августалда.

* * *

8 ва 9 сентябралда республикаялъул шагьараздаги районаздаги букӀана гӀадатлъун лъугьараб халкъазда гьоркьосеб ХъахӀал къункъарабазул байрам.

* * *

Р.ХӀамзатовасул цӀаралда бугеб республикаялъул миллияб библиотекаялда 20 сентябралда гьабуна кочӀохъан, композитор ва поэт Къурбан КӀулизановасул махщелчилъиялъул бицараб дандеруссин.

* * *

21 ва 22 сентябралда Халкъазда гьоркьосеб «Тарки Тау» тӀахьазул выставка тӀобитӀулеб заманалда, цӀалдолезулгун лъай–хъвай гьабиялъул данделъаби рукӀана, Дагъистаналъул тӀахьазул издательствоялъ къватӀире

риччарал халкъияв хъвадарухъан Муса МухIамадовасул «Лъукъарал кьураби» ва халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадил «ТIасарищарал асарал» абурал тIахьазул хIакъалъулъ.

* * *

Авар театралда 1 октябралда букIана магIарулазул шагIир Шамил МухIидиновасул творчествоялъул бицараб дандеруссин.

* * *

Краевед ва хъвадарухъан Ибрагьимхалил МухIамадовасул 80 сон тIубаялъул хIурматалда дандеруссин тIобитIана 8 октябралда Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб республикаялъул миллияб библиотекаялда.

* * *

Гьебго библиотекаялда 15 ноябралда гьабуна магIарулазул шагIир Наби ГIисаевасул 70 сон тIубаялда бан данделъи.

* * *

Дагъистаналъул адабияталъул классик ЦIадаса ХIамзатил 140 сон т1убаялъул байрам букIана 17 ноябралда Г1урустеатралда.

* * *

22 ноябралда Гумбет районалда букIана гьеб районалъул «Гумбет» газетаялъ 65 сон тIубаялъул хIурматалда магIарулазул хъвадарухъабиги, журналисталги, гIалимзабиги гIахьаллъараб дандеруссин.

* * *

28 ноябралда Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана гIолохъанав шагIир АхIмад СултанахIамадовасул «Пикрабазул сухъмахъал» абураб кучIдузул тIехьалъулгун цIалдолезул лъай-хъвай гьаби.

* * *

МагIарулазул поэт, хъвадарухъан ва художник МухIамад ГIабдулгIазизовасул махшелчилъилъе къимат кьураб данделъи букIана 7 декабралда Буйнакск шагьаралъул тарихиябгун гIагараб ракь лъазабиялъул музеялъул залалда.

* * *

Республикаялъул ГIурустеатралда тIобитIана 11 декабралда Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъул 85 сонилаб юбилеялъул хIурматалда байрамалъулаб дандеруссин.

* * *

Гьединабго байрамалъул тадбир букIана 15 декабралда Дагъистаналъул халкъияв поэт ГIабасил МахIамадил 85 сонилаб юбилеялъул хIурматалда Хунзахъ районалъул ЛъагIилухъ росулъ.

* * *

Авар театралда байрамалъулаб къагIидаялъ 16 декабралда кIодо гьабуна магIарулазул цIар рагIарай шагIир ва драматург Машидат Гъайирбековалъул 90 сон тIубаялъул юбилей.

* * *

25 декабралда, халкъияв шагӀирасул 85 сон тӀубаялда бан, республикаялъул Поэзиялъул театралда букӀана ГӀабасил МахӀамадил творчествоялъул бицараб дандеруссин.

* * *

Унсоколо районалда гьабуна 27 декабралда Дагъистаналъул адабияталъул къо.

* * *

2017 соналда МахӀачхъалаялда Фазу ГӀалиевалъ гӀумру гьабулеб букӀараб минаялда аскӀоб «Гьудуллъиялъул ахикь» памятник рагьана гьей цӀар рагӀарай шагӀиралъе ва жамгӀияй хӀаракатчӀужуялъе.

* * *

Дагъистаналъул халкъияй шагӀир Залму Батирова мустахӀикълъана республикаялъул Пачалихъалъул премиялъе.

* * *

МагӀарулазул цӀар рагӀарав хъвадарухъан, ДРялъул Пачалихъалъул премиялъул лауреат МухӀамад ХӀамзаевасе кьуна Дагъистаналъул халкъияв поэт абураб тӀадегӀанаб цӀар.

* * *

МагӀарулазул хъвадарухъан ПатӀимат ГӀабдурахӀмановалъе щвана Юсуп Хаппалаевасул цӀаралда бугеб премия.

* * *

Республикаялъул Хъвадарухъабазул союзалдаги, шагьаразулги, районазулги, росабазулги библиотекабаздаги, маданияталъул кӀалгӀабаздаги, школаздаги, музеяздаги рукӀана, гьел гурелги, жеги гӀемерал нилъер хъвадарухъабазулгун дандчӀваялги, цӀиял тӀахьазул бицунел дандеруссиналги, адабияталъул суалал гьоркьор лъурал мажлисалги.

Хъвадарухъабазул союзалъул магӀарулазул секциялъги «Миллат» газеталъул редакциялъги араб соналда гьаруна Инхоса ГӀалихӀажиясул, Игьалиса Чупаласул, ГӀахьалчӀиса МуртазагӀалихӀажиясул, ЦӀадаса ХӀамзатил, Расул ХӀамзатовасул, Муса МухӀамадовасул, ГӀабасил МахӀамадил, Фазу ГӀалиевалъул, Машидат Гъайирбековалъул ва цогидалги нилъер цӀар рагӀарал хъвадарухъабазул творчествоялъул бицарал цадахъал телепередачабиги.

Гьединго араб соналда батӀи-батӀиял басмаханабазда магӀарулги гӀурусги мацӀазда къватӀире риччана нилъер хъвадарухъабазул къогоялдасаги цӀикӀкӀараб тӀехьги.

# Гьабги, добги, добцоябги

* * *

*Нилъер Малла Насрудинго гIадав махсарочи вугевила туркменазулги. ЦIарги гьесда ХIажи Насрудин рагIула. Гьеле гьев ХIажи Насрудинил ккарал цо-цо лъугьа-бахъинал руго гьал.*

### ДИЦАГО КIУДИЯЛ ГIЕЗАРИЛА

ХIажи Насрудин вукIанила мадугьалалъул гIекколеб тIох къачIалев. ХIалтIи лъугIидал рукъалъул бетIергьаналъ гьесда абунила:

– Дур хIалтIухъ кьезе жо гьечIоха дир гьабсагIат. Гени-гIеч кьелаан, гьеб жеги барщун гьечIо. Хъабахъ бегьилаан – гьебги жеги гIун гьечIо. ГIанкIудал тIанчIиги жеги гьитIинго руго… Хадуб щиб букIаниги ккелеб батилаха.

– КIиго-лъабго гIанкIудал тIинчI кьуни гIела дие, – ян абунила ХIажи Насрудиница. – Гьел дуе квалквалалъе течIого, дицаго гIезарила.

### ГЬАЛБАДЕРИДА НИЛЪ ЧIАЛГIУН РАТИЛА

ХIажи Насрудинихъе рачIанила цо сордоялъ гьалбал. Кванаила, гьекъанила… гьекъанагIан гьезул хабарги гIемерлъанила. Сордо бащалъараб мехалъги рахъине ракIалде кколеб букIинчIила гьалбадерида.

– Йо, чIужу, – ян ахIанила гьел бизарлъарав ХIажи Насрудиница. – Гьалбадеридаги нилъ чIалгIун ратила, гьалги рокъоре гIедегIун ругин ккола, регун лъикI гурищ нилъ?

### ДИЕ ГЬАБ ГIЕЛА

ХIажи Насрудинги гьесул росуцоявги шагьаралда кафеялда кваналел рукIанила. Жаниве вачIанила цо чи. Гьев вихьаравго ХIажи Насрудиница квен кьолей гIаданалде ахIанила дие цоги тIадеги гьабго квен босейилан.

– Гьеб гIоларогойищ дуе? – абун гIажаиблъанила росуцояв.

– Гьадав чиясулгун хIал рекъезабуни квешищ нилъее букIинеб? Дуда лъаларогойищ дов нилъер росулъа пачалихъалъе магъало бакIарулев чи.

– Досул бакIалда цогияв тун вугин рагIана дида.

– Босуге тIадеги квен, дие гьаб гIела, – ян ахIанила квен кьолей гIаданалде ХIажи Насрудиница.

### ХУТIИЗЕ ККАНИ, БАЧIИНЕ ККОЛА

ХIажи Насрудинил вукIанила бечедазулъ бечедавин абулев, амма цIакъго къарумав гьитIинав вац. Цо къоялъ кIудияв вацасухъеги вачIун, жиндирго къваригIелги тIубан унев гьес абунила:

– Дида кIочон щиб букIаниги хутIанадай гьаниб? – илан.

– ХутIизе ккани, бачIине ккола, – ян тункизабунила ХIажи Насрудиница.

## ЖЕГИ ЦОГИЯБ ХIАЖАЛЪИ ГЬЕЧIЕЛЪУЛ

ХIажи Насрудинги гьесул чIужуги бежараб картошка кваналел рукIаго тIаде вачIанила мадугьал.

– Кванай, гьудул, кванай, – илан гьесда цебегIан хъурщанила ХIажи Насрудиница картошка жаниб бугеб гъадаро. – Нижецаго гIезабураб буго аб.

– Кин нужеца аб гIезабулеб, нужер хурцин гьечIеб мехалда, – илан гIажаиблъанила мадугьал.

– Дицаги чIужуялъги хабалалъ нижеего бакI ккун буго, – ян абунила ХIажи Насрудиница. – Жеги нижер гьеб бакIалде цогияб хIажалъи гьечIелъул, гIадада течIого, картошка бекьулаха нижеца гьениб.

## МУН ВИХЬАРАБ МЕХАЛДА

– Мун вихьараб мехалда дида дирго мадугьал ракIалде щола, – ян абунила ХIажи Насрудиница нухда дандчIвайдал, гьесдаса гIезегIанго рикIкIадегIан рукъ бугев росуцоясда.

– Дир гьесда релълъараб бакIги гьечIин, гьебгIаги кин? – илан гIажаиблъанила гьев чи.

– Досги кьезе буго дие анцIазарго гъурущ, – ян хабар къокъ гьабунила ХIажи Насрудиница.

## ХЕХГО БЕЧЕЛЪИЗЕ

– Дие тохтурлъиялъе цIализе ине бокьун буго, – илан абунила ХIажи Насрудинида васас.

– Инаха мун, гьедин дуе бокьун батани, гIицIго цаби-гIусазул тохтурлъиялъе цIализе.

– Элъул батIалъи щиб?

– ГIабдал! Хехго бечелъизеха.

– Дида дуца бицунеб жоялъул магIна бичIчIичIоха, дада?

– ГIадамасул цоги лугбал цо-цо, кIи-кIи гурони рукIунаро. Цаби–гIусалин абуни щивав чиясул лъебералда кIи-кIи рукIуна.

## ЭБ ЛЪАН ЛЪИКI ККАНА

– Дур гьоялъ дир гIанкIу чIван буго, – илан кIалдиб цIа ккун ахIи–хIуралда ячIанила ХIажи Насрудинихъе цо къоялъ мадугьал.

– Эб лъан лъикI ккана, жакъа дица гьоялъе кваназе жо кьеларо, – ян щибго лъугьинчIеб гIадин гIодове виччан абунила ХIажи Насрудиница.

## КИГIАН ГЬАРАНИГИ БОСИЧIИЛА

Цо заманалда ХIажи Насрудинил автомашина букIанила. Гьебги бачун сапаралъ унаго, цого бакIалда, цого гаишникги ватулаанила гьесда. Гаишникас щибаб нухалъ ХIажи Насрудинихъа, щиб багьана батунги, кIикъоялда анцI-анцI гъурушги бахъулаанила. Цо къоялъ ватичIила гьесда гаишник. ВатичIониги, ХIажи Насрудиница гьеб бакIалда ганчIида гъоркь

лъун танила 50 гъуруш. Хадусеб нухалъ жиндирго бакIалда ватанила гаишник. ГIадатлъун батухъе, гьесие 50 гъурушги кьунила ХIажи Насрудиница, цинги ганчIида гъоркьа босун доб 50 гъурушги гьесухъе бегьанила. Гьикъанила гаишникас киб букIараб гIарац гьебилан. Бицанила ХIажи Насрудиница кинаб гIарац гьебали.

ГьедигIан ракIбацIцIадав чиясухъа гIарац бахъани хIакъ батилин ккараб лъаларо, тIокIаб киданиги, кигIан ХIажи Насрудиница гьараниги, гьесухъа гаишникас гIарац босичIила.

## МАЛЪАРАБ ГЪАБУНИ

ХIажи Насрудинил гьитIинав васас инсуда абунила дида макьилъ дуца дие велосипед босун бихьанилан. Малъарабги гъабуни, гьикъарабги бицани, велосипед гуребги, дица дуе машинаги босун бихьила дуда макьилъилан абунила ХIажи Насрудиница гьесда.

## ДИЦА ЛЪАДАХЪ ГIАРАЦ БОСИЧIО

ГIолохъанаб мехалда пиво бичулев чилъун вукIанила ХIажи Насрудин.

– Дур пиво лъим жубараб букIун буго, – илан, ццинги бахъун, тункизабуна ХIажи Насрудинида цебе лъунила цо чияс тIаса гьекъараб бокал.

– Дица духъа пивоялъухъ гурони, лъадахъ гIарац босичIо, – ян сабурго жаваб кьунила вичарухъанас.

## ДУН ХIИНКЪАНА

Чол гьакитIа богIол цIурал къандалъабиги лъун, гьеб бичизе унев вукIанила ХIажи Насрудин. Нухда дандчIварав цо чияс гьесда гьикъанила, щиб дур къандалъабазда жаниб бугебилан.

– БугIа, – илан, рагIулеб, рагIулареб хIалалъ абунила ХIажи Насрудиница.

Гьеб хIалалъ хIинкъадго абизе, бикъарабцин гурищ дур бугIайилан гIажаиблъанила нухлулав.

– Гуро, – ян, чIванкъотIун, борхатаб гьаракьалъ абунила ХIажи Насрудиница. – Дун хIинкъун вуго чуялда рагIизе гурилан. Къандалъабазухъ щиб бугебали лъани, алъул хьул тIамиларищ.

# 2017 - ЛахIзатал







Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи




